№44 (19877) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

10 ноябрь 2023 с. рузман

РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА - 100 СОН

## ШагIирасул Дагъистаналда

**Бице, Эбел-ВатIан, бице, Дагъистан,**
**Дилъ эбелалъ лъураб ракI хутIун бугищ?**
**Хирияб магIарул гIамал-хасият,**
**Нуха бортичIого, дилъ батарабищ?**

***Р. ХIАМЗАТОВ***




**Гьаб нухалдаги сапаралъ унел руго ЦIадастаналде, шагIирасул хIикматаб ВатIаналде. Хунздерил тIалъуде раханагIан, пикрабазулъе рачIунел руго кIудияв шагIирас Дагъистаналъул хIакъалъулъ абурал рагIаби, ахIараб кечI. Гьеб кечI абадиялъе хъван хутIана Дагъистаналъул каранда. Гьеб кочIол куркьбаздаги рекIун, тирана шагIирасул шигIрабаз дуниял. Щвана киса-кибего. Чанги берцинлъиялъ хIайран гьабуна гьеб. Амма нахъбуссана Дагъистаналде, ЦIадастаналде - инсул гъасда бакун хутIараб цIадул хинлъиялъухъе…**

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*




ДРялъул ХIУКУМАТАЛДА

## ГIузраби, суалал ва масъалаби

**Хамиз къоялъ ДРялъул бетIер Сергей Меликовас жиндирго приемныялда тIаде къабул гьарулел рукIана гIадамал. Гьеб ккола гIемер батIи-батIиял гIузраби нахъчIваялъе ва гIадамазул бугеб къварилъи-гIатIилъи лъаялъе бугеб лъикIаб къагIида. Гьединаб куцалда республикаялъул нухмалъулес гIадамал къабул гьари ва гьезул гIузрабазухъ гIенекки рикIкIине бегьула лъикIаб ишлъун.**

**Аслияб къагIидаялда рорхулел суалалги рукIана социалиябгун медицинаялъул кумек щвей, рукъалъул суалал тIурай, нухал, кьоял рай.**

**Республикаялъул нухмалъулес гIадамал къабул гьарулел ругин хъвараб информациялда гъоркь гIемерал комментариялги руго цIалдолезул. Киназулго ракI унтизабун буго чIечIого сунеб токалъул суалалъ, рищни-къул гIемерлъиялъ, лъел, канализациялъул масъалабаз.**



ГЬУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ КЪО

### Мариуполалда халкъазул цолъи



3 гьум. >>>

ГАРА-ЧIВАРИ

### Гъаниевасул каранда - Командорасул орден



6 гьум. >>>

ЖАМГIИЯТ

### «Цоцалъ би жубачIеб миллат гьечIо Дагъистаналда»



8 гьум. >>>

Сергей МЕЛИКОВ:

# «Кьураб рагIи кквезе ккола»

## Гьал къоязда социалиял объектал раялъул хIакъалъулъ бицараб чанго данделъи тIобитIана республикаялъул нухмалъулес



### 198 социалияб бакI - планалда

Хамиз къоялъ Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас тIобитIана 2024-2026 соназда социалиял объектал раялъул хIакъалъулъ бицараб данделъи.

Дагъистаналъул районаздегун росабалъе гьарурал сапаразда, жамагIатазулгун дандчIваязда лъала щиб районалда, кинаб росулъ школа, ясли-ах, ФАП, нухал, гIолел-гIоларел рахъал ругелали.

Дагъистаналъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, киналго идарабаз къуна разе кколел бакIазул сияхI. Гьениб буго 198 социалияб бакI, гьелъие хIажалъулин 73 миллиард гъурущин абуна хIукуматалъул тIоцевесев вице-премьер Манвел Мажонцица. Цебе-хадуб кинаб базе бугеб, сундасан байбихьизе бугебали халгьабизе кколинги абуна гьес.

*«Цо росулъ школа бан батани, гьенибе газ бачин тIоцебесеб бакIалда букIине ккола. Цоги росабалъ спортивиял кIалгIаби хIажат ратани, гьел хадусеб иргаялда тезе бегьула. Киналго тIаде росарал бакIал ран лъугIизаризе ккола. 2024 соналда цебечIараб масъала буго, разе байбихьарал бакIал рагIалде рахъинари»,* - ян лъазабуна **С. Меликовас.**

Министерствабазул нухмалъулез бицана жидедаго цебечIараб хIалтIул хIакъалъулъ. Масала, ДРялъул бакIал раялъул министр Артур Сулеймановас бицана гIагарал соназда, аслияб къагIидаялда, лъай къеялъул бакIал разе ругин абун. Кинабниги 86 социалияб объект буго гьал соназ хIалтIи гьабизе планалде босараб. Гьезда гьоркьоса 49-ялда хIалтIаби гьаризе байбихьизе буго. Цин генералияб планги бугеб, ихтияр кьолел документалги ругел бакIал раялде кIвар кьезе бугин абуна Минстроялъул нухмалъулес.

Дагъистаналъул бетIерас абуна, социалиялги экономикиялги рахъал кьочIоеги росун, шагьараздаги росабалъги гIумру цадахъ цебетIолеб хIал гьабизе кколин.

*- Социалияб рахъалдаго цадахъ промышленнияб рахъалдеги кIвар кьезе ккола. Масала, цере росабалъ рукIана росдал магIишаталъулги промышленниялги предприятиял. Гьениб магIишатги цебетIолаан, хIалтIизе бакIалги рукIунаан. Дербенталда букIана лъабго консервазул завод. Гьенибе нигIмат баччулаан тIубараб Юждагъалдасаго. Жакъайин абуни гьениб цониги гьеб тайпаялъул бакI хутIун гьечIо,* - ян абуна ДРялъул бетIерас.

МугIрузул районазда лъай кьеялъул бакIал разе кIвар букIиналъул бицунаго, гьес ракIалде щвезабуна Цмур росулъ меценатас, гьанжесел тIалабазда дандекколеб, школа ва общежитие банин абун. Гьеб дагьаб гIатIид гьабидал, аскIор ругел росабалъаги лъимал цIализе рачIине рес бугин гьеб школалдеян абуна Меликовас.

ДРялъул культураялъул министр Зарема Бутаевалъ бицана министерствоялъ гьабулеб ва гьабизе ракIалда бугеб хIалтIул.

*«Ахти росулъ музей къачIазе буго, гьеб туристазе бокьулеб бакIлъун лъугьине ккола. Гьединго МахIачхъалаялда бугеб Рагъулаб рещцалъул музей къачIаялъеги дизайн-проект хIадурун буго.*

*«Культурная среда» федералияб проекталда рекъон Дагъистаналъул изобразительнияб искусствоялъул музеялдаги капремонт гьабизе буго»,* - ян бицана **министралъ**.

Сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляевалъ бицана ДРялъул бетIерасул тIадкъаялда рекъон, разе ругел, къачIазе кколел сахлъи цIуниялъул учреждениязул хIакъалъулъ план хIадурун бугин абун.

Киналъулго хIасилги гьабун, тIаде росарал социалиял объектал раялъул план хIадуризе кколин лъазабуна С. Меликовас. ГIадамазе кьураб рагIи кквезе кколинги бичIчIизабуна гьес данделъаразда.

### Школал ва ясли-ахал

АрбагI къоялъ тIобитIараб данделъиялда Дагъистаналъул бетIерас борхараб аслияб суал букIана 2023 соналъул ахиралде щвезегIан школал ва ясли-ахал ран рагIалде рахъинариялда хурхараб.

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна министерствабазул вакилзабаз, районазул нухмалъулез, хIалтIи тIаде босарал гIуцIабазул нухмалъулез.

ДРялъул БакIал раялъул министерствоялъул баяназда рекъон, «Демография» ва «Лъай кьей» миллиял проектазда рекъон, 65 лъай кьеялъул объект (54 школа ва 11 ясли-ах) бан рагIалде бахьине ккола исана сон лъугIилалде.

Артур Сулеймановас ва «Аслияб бакIал раялъул хасаб управление» ФГУПалъул нухмалъулев АхIмад Дибировас щибаб объекталда хIалтIи унеб куцалъул бицана.

12 школа ва ясли-ах нусабго проценталъ лъимал къабул гьаризе хIадурун бугин абизе бегьула. Киналго бакIал разе тIаде росун руго хасаб управлениялъ ва харж гьабизе буго 700 миллион гъурущин абуна министрас.

Гьединго гьаб соналъул ахиралде ихтияр щвезе ккола 1450 цIалдохъанасе бакI бугеб анкьго школа ва 430 лъимералъе бакI бугеб ункъо ясли-ах базеги.

Табасаран, МухIарамкент районалда, Кьоркьмасхъалаялда, ЦIумада районалъул ТIисси росабалъ школал разе руго.

Ралел бакIазда хIалтIухъаби гIолел гьечIолъиялъул суалги борхана данделъиялда. ТIадеги гIадамал росейин ва кIиго сменаялъ хIалтIуни цIараб болжалалда социалиял объектал ран рахъине ккодин лъазабуна ДРялъул бетIерас.

***П. МУХIАМАЕВА***



Минстроялъул архивалдаса сурат

## БАРКУЛА



РФялъул президент Владимир Путиница ДРялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министр Энрик Муслимов «ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъе гIоло» орденалъул медалалъе мустахIикъавлъун вихьизавуна.

Президентасул амруялда рекъон, хIалтIулъ росарал бергьенлъабазухъ ва гIемерал соназ ракIбацIцIадго тIубазабураб хъулухъалъухъ шапакъаталъе вихьизавуна гьев.

Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министрасул хъулухъ 2019 соналдаса нахъе тIубазабулеб буго Муслимовас.

Гьелде щвезегIанги гьев батIибатIиял жавабиял хъулухъазда хIалтIулев вукIана. Генерал-майорасул чинги буго Э. Муслимовасул.

## КЪОКЪГО

8 ноябрь - тIадаб борч тIубалаго къадаралде щварал РФялъул МВДялъул хIалтIухъаби ракIалде щвезариялъул къо кколелъул, гьелъул хIурматалда Казбек районалда тIобитIана тадбир.

Гьелда гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул жамгIияталъул хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул рахъалъ заместитель Басир Нуцаловас, районалъул ОМВДялъул нухмалъулев Юнус Хайрулаевас, Ветераназул советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибовас ва гIумруялдаса ратIалъаразул гIага-божараз.

Гьез цоги нухалда ракIалде щвезаруна ишщоял, бицана гьезул гIумруялъул хIакъалъулъ.

Данделъиялъул ахиралда, ракIалдещвеялъул мемориалалда цере тIугьдулги лъуна.

* * *

Хунзахъ районалъул ГIарани ва ГIобода росабазул цIалул идараби «Школазул ракIалдещвеязул ахал» акциялда гIахьаллъана.

СВОялда хварал ракьцоял аскариял ракIалдещвеялъе ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъ ва республикаялъул муниципалиял гIуцIабаз цадахъ тIобитIулеб буго гьеб акция.

Гьеб къоялъ ГIарани ва ГIобода росабазул школазул цIалдохъабигун мугIалимзабаз 100 гъветI чIана.

* * *

Гьал къоязда Шамил районалда тIобитIана политикияв хIаракатчи, гIалимчи Суракъат Асиятилов ракIалде щвезавиялъул хIурматалда эркенаб гугариялъул рахъалъ 50-абилеб юбилеялъулаб турнир.

Гьелда гIахьаллъи гьабуна Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса 90-гIан спортсменас.

Турниралда хIурматияв гьоболлъун вукIана Олимпиялъул хIаязул гIахьалчи Нуров МухIамад.

Къецазда Шамил районалъул спортсменаз киналго гIадин призалъулал бакIал росана.

# Школазе – цIияй автобусал

**Дагъистаналъул школазе къезе буго 49 автобус. Директорзабазухъе гьезул кIулал къеялъул тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов.**



«Автобусал руго цIакъ санагIатал, рикIкIада ругел росабалъе хьвадизе гIадал. Гьезда жаниб буго кондиционерги лъималазул портфелал лъезе хасал бакIалги.

Нилъеца баркала къезе ккола Россиялъул президент Владимир Путиние. Гьесул квербакъиялдалъун республикаялда гIумруялде бахъинабулеб буго «Лъай къей цебетIезаби» абураб пачалихъияб программа. Гьелда рекъон ралел руго цIиял ва къачIалел руго церего рарал школал. ХIаракат бахъулеб буго школалъул инфраструктура цIигьабизеги. Гьединаб хIалтIи гьабула щибаб соналда. Гьоркьиса лъебергоялдаса цIикIкIун автобус босана нижеца школалъе. ЦIалул соналъул байбихьуда букIана 23, кватIичIого букIине буго 74 автобус.

Гьанже цIалдохъабазул эбел-инсул ракIчIун букIина жидер лъимал заманалда школалде щвеялдеги рокъоре гьел кватIунгутIиялдеги. Дица киназдаго баркула гьадинаб кIвар бугеб лъугьа-бахъин», - ан абуна ГI. ГIабдулмуслимовас.

Гьесги тадбиралъул гIахьалчагIазги халгьабуна цIияй автобусазухъ ва гарачIвари гьабуна гьел къурал школазул директорзабазулгун. МахIачхъалаялъул №54 школалъул директорасул ишал тIуралей Сапижат Мазаевалъ абуна: «Нижер школалъе къуна цIияб автобус. Гьеб кутакалда хIажат букIана, щайгурелъул нижер школа буго Семендералдаги Красноармейскиялдаги гьоркьоб. Гьанже цIалдохъаби школалде хьвадизе низам лъикIлъиялде хьул буго», - ян.

«ГАЗ» ва «ПАЗ» маркабазул цIиял автобусал росана федералияб бюджеталъухъ. 49 автобусалъухъ къуна 149 миллион гъурущ. Гьел къуна муниципалияб лъай къеялъул 28 идаралъе. Автобусазда лъун руго спутникияб навигациялъул ГЛОНАСС, тахограф ва гIумруялъе хIинкъи гьечIолъиялъе квербакъулел цогидалги алатал.

***М. ХIАЖИЕВА***

# Мариуполалда халкъазул цолъи

**Гьал къоязда Хьаргаби районалъул бетIерасул заместитель АсхIабгIали Маликов щвана Донецкиялъул халкъияб республикаялде. Россиялъул халкъал цолъиялъул къо кIодо гьабуна ДНРалъул Мариуполь шагьаралда. АсхIабгIали Маликов гьениве щвана культурияб программагун. Гьесда цадахъ рукIана «Лезгинка» ансамблялъул къурдухъаби, Гиннессил тIехьалда цIар хъварав ГIумар ХIанапиев ва гьоцо кочIохъаби.**

Гьеб байрамалъулаб тадбиралде рачIараз баркала къуна дагъистаниязе, гьеник хъулухъ гьабулел ругел нилъер бахIарчияр рагъухъабазе.

Мариуполалде цевеги чанго нухалда щун вукIана АсхIабгIали Маликов. СВО байбихьаралдаса нахъе цIияй регионазул шагьараздеги ва нилъерго аскариязухъе чанцIулго щвана Маликов гуманитарияб кумекгун. Ихдалги Мариуполалъул бетIер Олег Моргуновгун дандчIван вукIана гьев ва республикаялъул рахъалдаса гьезие бажараб кумек гьабуна.

Россиялъул халкъал цолъиялъул къоялъул хIурматалда А. Маликовас Мариуполалъул мэрасе сайгъат гьабуна буртина, бухари-тIагъур ва ханжар.



АсхIабгIали Маликов исана цIализеги лъугьана Мариуполалъул пачалихъияб университеталъул пачалихъияб ва муниципалияб нухмалъиялъул факультеталъул магистратураялде. Гьев ккола гьеб университеталда цIалулев вугев Дагъистаналдаса тIоцевесев студентги.

***П. СУЛТIАНОВА***

# 2,8 проценталъ цIикIкIана

**Исана сентябралде щвезегIан Дагъистаналъул экономикаялда гIураб цебетIей бугин абулеб буго ДРялъул Промышленностиалъулгун дармил министерствоялъ. Мисалалъе рехсолеб буго хIадурараб промышленнияб къайи бичиялъул хIужаби.**

Министерствоялъул баяназда рекъон, цебесеб соналъул ичIго моцIалде дандеккун, исана къайи бичана ичIго проценталъ цIикIкIун. Гьелъухъ щвараб хайир бахана 56 миллиардгун анкьго миллион гъурщиде. Къайи хIадурулел предприятиязул хайир цIикIкIана микьго проценталъ ва гьез хIадурараб къайиялъухъ щвана 36 миллиардгун анкьго миллион гъурущ.

ЛъикIаб цебетIей бугел рахъаллъун ккола цIаказул къайи хIадури (цIикIкIана 2,8 нухалъ), кагъатги кагътил къайиги хIадури (цIикIкIана 2,5 нухалъ) ва резналгун пластмассаялъул къайи хIадури (цIикIкIана 1,7 нухалъ).

Лъабго кварталалъул хIасилалда рекъон, промышленнияб къайи хIадури цIикIкIун буго 2,8 проценталъ.

***К. СУЛЕЙМАНОВА***

## АВТОРАЛЪУЛ БОКIОН

# РекIкIаб ахIиялъул кIичIикь

Палестинаялде рещтIараб къварилъиялъ пашман гьавичIев чиго ватиларо нилъеда гьоркьов. Амма лъалеб жо буго, киб бугебги балагьаб ахIвал-хIал жидерго хасал мурадазе гIоло хIалтIизарулел къуватал рукIин. Гьезул кодор ясикIабилъун руго, ракIги биги гьалдолел, рекIкIаб ахIиялъул кIичIикье ккарал нилъер гIолохъабиги. Гьеб чорокаб политикаялъул гьаниб бицун хIалги кIвеларо.

Исламияб дин загьирлъаралдаса нахъе гIарабияздаги ягьудияздаги гьоркьоб батараб рокьукълъиялъул биценги тарихалда бикIун буго. Илбисалъул нухда даимлъарал бакътIерхьул улкабазул бецIал къуватаздаса бергьине бусурбабазул улкабаз гIамал гьабунгутIиялда гIажаиблъула бакътIерхьул пачалихъазул политикаялдаса рикIкIадал гIадамал.

Кин гьабилеб нилъеца рикIкIадаб улкаялда ругел динцоязе кумек? ГIицIго Аллагьасда гьарила, дугIа гьабила! БатIияб къагIида жакъа гьечIо. РикIкIад чIезе хIаракат бахъила мекъаб нухалъ унездаса. Илбисалъул нух ккуразул къорикье ккараз бачун бачIунеб питна дагьабищ бихьараб нилъеда? Баракат гьечIолъиялъул тIирабаз тIубан нилъер республикаялъул гьумер хъублизабизе хIаракат бахъана гьез гьаб нухалдаги. Миллатазда гьоркьобе ракьа рехулеб букIин якьинлъаниги, нахъеги гьобго къорикье ккезе щай нилъ чIолел? Щайха гIолилал гьедигIан рикIкIалъун ругел дагъистаниязе хасиятабщиналдаса? ГIемерисез, цо кIалдиса гIадин, такрар гьабула гьеб бугин хъизаналъгун цIалул идарабаз ватIанбокьиялъул къучI лъунгутIи, гIолилазул агьаз гьечIолъи, эркенлъи хIалакин, хIалхьи цIикIкIин! Гьелъиеги тIадругезул тIалаб хIажат гьечIищха, тарбия-лъаялъул къучI щулаго лъеялде ургъаралани рикIкIалъилаандай гIолилал нилъерго улкаялъул гIуцIиялдаса? Гьаб суалгун масъала къойил борхизе, батIаго бицине ккарабги буго.

Дагъал гьорлъе раккун бачинин гьаниб цо мисал, цIакъ гIадатияб, гIемер дандчIвалеб. Ункъо лъимер бугеб, гьоркьохъеб ресалъул, хъизан буго шагьаралда яшав гьабун. ТIоцесеб лъимер - яс, росулъ гIурав, иман-исламалъул, светияб лъаялъул лъикIаб къучI щварав росуцоясеги къун берцинаб яшавалда йиго. Хадур гIолел васазе магIишат гьабулаго, ригьзал гIуцIулаго эбел-инсул заман къанагIалъана лъималгун гIодорчIун хабаралъе. Школа лъугIана, махщел щвезеян цIализе лъуна. Кидагосел масъалаби - гIарцухъ гурони къун бажарулел экзаменал! Аслияб жо - спортзалазде хьвадулел ругоян вохун вуго эмен. Сардилъ къватIире ахIулел гьудулзаби цIикIкIана, мегеж ризлъарабгIан эбел-инсулгун ракIрагьараб хабар лъедерлъана. Гогьдаризарун, берцин рихьун гIуна доб хъизаналъул гьайбатал васал. Ригьнал гьаруларо мавлид бегьичIо, сухIмат гьукъана, гIиллаго гьечIого чIегIербарал нусалги рещтIана къавулъ.

«Нужер гьал васал мекъаб нухде кколел ратизе гуринха», - ян гьезул хьвадиялда щаклъун, ракIунтун гIакълу къолел гIагарал чагIазухъ гIинбачIо эбел-инсуца. «Нижер васазул магжилгун тIажазул бицине ирга щун руго гьал, мода буго гьанже гьединаб», - ин бадиб тIил къабараб гIадин жаваб къуна эбелалъ. КъватIисан босун бачIун васаз бицанщинаб ургъибе биччана гьез. Яцгун, дурцгун дагIбадана нужей рабитIаги чIумалги щаян. Сверухъ ругел вацгIалзаби добго «мода» гьабеян жидедаго хадур цIазе лъугьана, рикIалъана къолбол чIахIияздаса. Гьеб буго хIакъикъат!

Лъел цIураб парччи нилъеца чIобоголъизабидал, гьаваялъ цIоларищ, хъанхъара, рищни-хIур бакIарун заманаялдаса хъублъуларищ? БотIролъе, рекIелъе тIинкIулеб чIахIиязул гIакълу, эбел-инсул малъи, щибакъойилаб тIалаб гьечIони, гьодорлъиларищ лъималазул ракIал? Гьеле гьеб чIобоголъиялдаса пайда босизе, жидерго мурадазул мугъал рехизе жанисел тушбабиги рукIинарищха хIадурун. ГIемер хIалбихьи щварал гьезул чукъби камураб бакI кибго гьечIелъул.

ТIадехун мисалалъе рехсараб хъизамалъул васалги дол «дагъистаниязул бахIарчилъи бихьизабе» абун аэропорталде ахIулезул къеразулъе ккана. Гьанже эбелэмен бетIерги ккун, жидерго свериялда хIукуматги какун, кире, лъихъе кумек гьарун инелали лъаларого руго хутIун.

Бицун бичIчIичIесда бихьун бичIчIулин абулаан умумуз.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

# ШагIирасул Дагъистаналда



Районалъул бетIер Н. Задиевас шапакъат кьолеб буго конкурсалда бергьарай бищун гьитIинай гIахьалчIужуялъе.

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Унел руго сапаралъ гьеб цIадухъе, гьенисан Дагъистаналъе ахIулеб шагIирасул кочIохъе гьоболлъухъ.

Жеги бакъван гьечIеб магIил гороялъ гIумру цIунейилан ахIулеб буго - Расулил Дагъистан - гьадинаб цIар кьун букIана ЦIада росулъ бугеб мемориалияб комплексалда ШагIирасул соналъул хIурматалда тIобитIараб иргадулаб дандерусси-налъе. Исана чанго нухалда щвана Расулил ватIаналде. ЩванагIан, щвезеги бокьулеб буго шагIирасе рухIалъун кьун букIараб гьесул ватIаналде, рагIанагIан, рагIизеги бокьулеб буго кIудияб шигIру. Гьекъон хIалхьолареб гьелъул иццул гьуинаб лъим гьекъолелъулги, хьолбокь рещтIунеб буго доб хIикматаб кечI - Дагъистаналъул хIакъалъулъ жакъаги ахIулеб бугеб кечI. ЦIигьулдерил къурабазда жакъаги кIудияб рокьул дандерижилъун бугеб гьелъ цIидасанги рачунел руго ХIамзатил Расулил шигIрабазул тIогьазде.

Гьалеха «ХъахIал къункърабазе» бараб мемориалияб комплекс - гьаниб данделъун букIана тIолабго дуниялалъулго магIу. ХъахIил зобалазде роржун унел ругел хъахIал къункърабаз цоги нухалда ракIалде щвезабуна улубузул, яцазул, ясазул магIу. ЦIилъана цIидасан магIил саринал. ЦIилъана ругънал. ЦIилъана къункърабазул даимаб кечI – гьитIинаб халкъалъул кIудияб бахIарчилъиялъе бараб памятникIлъун хутIизе буго Расулил къункърабазул кечI. Къункърабазе бараб памятникалда аскIобго - цоги памятник. Эбелалъеги лъимералъеги бараб. Эбел. Унго, гьалъ ракьалде тIунщинаб магIу. Жеги бакъван гьечIеб магIил гороялъ гIумру цIунейилан ахIулеб буго. Гьаниб бакун бугеб Даимаб ЦIаялъ ракIалде щвезабулеб буго рагъул цIадулаб мацIалъ бухIанщинаб гIумру.



АхIулеб буго кечI магIарул мацIалъ

Эбелалъул каранда бугеб лъимералъ ахIулеб буго улбузул магIу цIунейилан.

**- Сардилъ къураби гIадин,**
**Къижа, нижер умумул, -**
**Нужер макъуги цIунун,**
**ЦIодорал лъимал руго.**
**Улбул, паракъат къижа!**

Ва киса-кирего - КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ бицунел мемориалиял хъарщал. Цояб рахъалда – Дагъистаналъул щибаб шагьаралъе ва районалъе сайгъат гьарурал хъарщал. Цогияб рахъалда – Хунзахъ районалъул щибаб росдал гIолилаз КIудияб Бергьенлъиялда тарал лъалкIазул бицунел хъарщал.

Расулил Соналъул ахирлъун бугеб гьеб тадбиралда гIахьаллъизе рачIун рукIана мемориалияб музей-комплексалъе къвчI лъурав, районалъул бетIерлъун чанго соналъ хIалтIарав **МухIамад ГIисаев**, эбелалъеги лъимералъеги бараб памятникалъул автор **ГIали МухIамадов**, комплекс бан лъугIизабизе квербакъарал районалъул бетIер **НурмухIамад Задиев** ва **ХIусен ХIамзатов**, шагIирасул тадбир гIуцIадго иналъе жидецаги школалъул кIудияб мина.

Тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана Дагъистаналъул Халкъияй шагIир **Залму Батирова** ва Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул нухмалъулев, профессор **МухIамад МухIамадов,** шагIирасул гIагарлъи ва цогидалги гьалбал.

Расулил шигIрабазул аслияблъун буго гIадамал цолъизаризе кIвей, гьел гьудуллъи-вацлъиялде ахIи. Гьелъго батила байрамги Россиялъул халкъазул цолъиялъул къоялда тIобитIарабги.

Дандеруссин нухда бачана культураялъул отделалъул нухмалъулей Жапарат Хъайтмазовалъ.

Байрамалда гIахьаллъана **Хунзахъ, ГIахъуша, Хьаргаби, Унсоколо** районазул гьунарчагIи, **чIарадисезул** хор, Дагъистаналъул Балеталъул ва операялъул театралда хIалтIулел ругел вацал **ГIабасовал**, щиб культурияб тадбир районалда тIобитIулеб бугониги, гьоркьоса камуларев Авар театралъул артистка **Амина ГIабдулатIипова** ва цогидалги.

Гьале доб – Расулил Дагъистан. Халкъазул гьудуллъиги, гьуинлъиги, вацлъиги, ватIаналде рокьиги, тушманасде рокьукълъиги. Къурдабазул гIажаибаб мацIалъги бицунеб букIана Дагъистаналъул халкъазул гьудуллъиялъул. РикIкIана, цIалана, ахIана Расулил кучIдул.

Гьеб кинабго – «Расулил Дагъистан» абураб театралияб церерахъиналда.

Гьенирго гьаруна хIасилал Р. ХIамзатовасул кучIдул пасихIго рикIкIиналъул рахъалъ районалъ лъазабун букIараб конкурсалъул. Бергьаразе ва призеразе къуна дипломал ва сайгъатал.

Къо-мех лъикI, Расулил ЛъагIел!

Хунзахъ районалъ байбихьи лъу-



ХъахIал къункърабазул къваридаб сарин. КечI ахIулеб буго Б. ГIабасовас.





Буртина кIудаб буго, кIиязего бакI гIела

бутIа лъурал районалъул росабазул бегавулзаби ва субботниказда гIахьаллъарал гIадамал.

Гьеб букIана рохелги пашманлъиги жубараб байрам. Рохел - дуниялго хIайран гьабурал шигIрабазухъ гьоболлъи бай. Гьелда хурхун чанго тадбир гьабуна исана районалда. Гьанире щвана гIемерал гьалбал. Ва дагьабго пашманлъиги – къо-лъикI гьабулеб буго Расулил Соналъулгун.

ТIоцебесеб иргаялда, гьалбал щвана шагIирасул цIар къураб ГIарани росдал гьоркьохъеб школалде. Исана цIияб цIалул соналде бан лъугIана на Расулил Сон къаялъе. КIудияв шагIирасе сайгъат гьабун букIараб ЛъагIел ахиралде щолеб бугониги, ахир букIине гьечIо гьесул шигIрабазе. Санал анагIан, гIагарлъизе руго нилъее гьел. Санайил вачIина шагIир нилъехъе жиндирго къункърабигун цадахъ. Къомех лъикI, Расулил Дагъистан…

Ва нахъеги шагIирасул гьаракь:

- Дир бищун кIудияб талихI буго гьаб

- Дур васин абизе ихтияр букIин…

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***
***Суратал А. ЮСУПОВАСУЛ***

## ВатIан цIунулезулги цIуне тIалабал

СВОялда бугеб ахIвал-хIалалъул, гьелда гIахьаллъулел дагъистаниязул ва гьезул гIага-божаразул хIакъалъулъ бицунел тадбирал гIезегIан тIоритIула нилъер республикалда. Гьезул цояблъун букIана ДРялъул ЖамгIияб Палатаялъул нухмалъулесул кумекчи ГIалибег ГIалиевасул хIаракаталдалъун 8 ноябралда Гъизляр шагьаралда тIобитIараб данделъи. Гьелда гIахьаллъана ЖамгIияб Палатаялъул нухмалъулев ГIазизбек Черкесов, миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимов, Сахлъи цIуниялъул, Социалияб рахъалъ цIуниялъул, ЗахIматалъул министерствабазул, «Защитники Отечества» ва « Мы вместе» фондазул вакилзаби, тахшагьаралъул ва районалъул администрациялъул жавабиял хIалтIухъаби, депутатал.



ГIолилазул централда гьел дандчIвана СВОялъул гIахьалчагIазул гIагарлъигун, гьенив вукIана лъукъун вукIиналда бан рокъове вачIун вукIарав ва нахъеги дове ине къачIалев вугев районалдаса цо аскариявги.

ГIадатияб, рагьараб ва эркенаб хIалалда араб данделъиялда рорхана гIемерал суалал. Гьезда гьоркьоб аслияб бакI ккуна кинго тIураларого, хадур рехъерхъун ругел социалиял (коммуналиял шартIал ва бигьалъалаби чIезари, гьитIичазе ясли-ахазда бакIал гIунгутIи ва гь. ц), сахлъи цIуниялъул суалаз, хIажатал документал ва справкаби щвеялъулъ ругел захIмалъабазда хурхарал масъалабаз.

Рорхарал суалал росана кагътиде, рихьизаруна гьел тIуразе кколел тIадал идараби, кьуна тIадкъаял.

Гьеб киналъулго хIакъалъулъ хъвараб макъала бахъизе буго хадусеб номералда.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

## Нухал къачIалел руго

Буйнакск районалъул росабалъ къачIалел руго шагьранухал. Гьелъие квербакъулеб буго «Местные инициативы» абураб республикаялъул проекталъ.



Масала, Гъоркьа Гъазданущиб росулъ къачIана лъабго кьватI. Гьезул гIаммаб халалъи бахуна цогун бащдаб километралде ва гьелде харж гьабуна 13 миллионгIанасеб гъурущ. ХIалтIизабуна республикаялъулгун муниципалияб бюджетаздасаги бюджетияб гуребги гIарац.

ЧIикIаб росулъ къачIана Дубкинское шоссе абураб кьватIалъул кIиябго рахъалда ругел лъелазул нухал (тротуарал). Цо километралъул халалъи бугеб гьеб нухдасан гIадамал хьвадула авал мажгиталдеги росдал школалдеги. Гьелде республикаялъул бюджеталдаса харж гьабуна ункъо миллион гъурущ, муниципалиталъул бюджеталдаса – 800 азарго гъурущ ва кIиго миллион гъурущил кумек гьабуна спонсораз.

КьватIал къачIалел руго Буйнакск шагьаралдаги. Орджоникидзелги Аскерхановасулги цIаразда ругел кьватIазул тротуаразда гьабсагIаталда лъолел руго кьанал, маххул чалал, рищни балел кьалал. Проекталде биччан буго микьго миллион гъурущ: республикаялъул бюджеталдаса – анлъго миллионгун ичIнусазарго гъурущ, муниципалиталъ кьуна кIиго миллионгун щунусазарго гъурущ ва лъабго миллионгун щунусазарго – бюджетияб гуреб сурсат.

## Халкъияб цолъиялъул къо

БежтIа участокалда кIодо гьабуна Халкъияб цолъиялъул къо. Байрамалъул тадбир тIобитIана муниципалиталъул администрациялъул миналда бугеб данделъабазул залалда.

Байрамалда гIахьаллъана муниципалиталъул бетIер Шамил Арадахов, гьесул заместитель ШайхмухIамад ШайхмухIамадов, Херазул советалъул председатель МухIамад МухIамадов ва цогидалги.

Тадбиралъул байбихьуда гIенеккана Россиялъулги Дагъистаналъулги гимназухъ. Хадуб гьелъул гIахьалчагIаз бицана халкъ цолъиялъул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ. Республикаялъеги муниципалиталъеги ва миллаталъеги хIажатал масъалаби тIуразаризе квербакъулеб аслияб шартIлъун гьез рехсана халкъ цолъи.

«ГIицIго цолъиялъулъ буго Россиялъул къуватги гучги. Гьеб чанцIулго бихьана нилъеда, хасго улкаялъе хIинкъи цIикIкIараб заманалда. Гьелъие мисаллъун руго ахирал соназул лъугьа-бахъиналги. Халкъ цолъиялъги гьункун хIалтIиялъги рес кьола нилъер улка цебетIезабизе ва пачалихъалъул эркенлъи цIунизе», - ян бицана Шамил Арадаховас.

Тадбиралъул ахиралда бихьизабуна Маданияталъул централъул гIахьалчагIазул концерт.

## ЛъикIал къасдал ва пайдаяб хIалтIи

Гьал къоязда Хасавюрталде щвана ДРялъул Экономикияб цебетIеялъул министерствоялъул вакилзаби. Гьезул мурад букIана муниципалиталда гIумруялде рахънарулел проектазухъ халгьаби.

Гьел щвана 180 лъимер хьвадулеб «Березка» абураб лъималазул ахалде. 1961 соналда бараб гьеб цониги нухалда щвалде щун къачIан букIинчIо. Гьанже гьеб гIахьаллъулеб буго «Лъималазул ахазул капремонт» абураб проекталда. Гьеб къачIазе биччан буго 16 миллионгун 400 азарго гъурущ: 11 миллионгун щунусазарго гъурущ республикаялъул бюджеталдаса ва ункъо миллионгун ичIнусазарго – муниципалиталъул.

Хасавюрталдаги къачIалел руго нухал «Местные инициативы» абураб проекталда рекъон. Гьелде биччан буго республикаялъулги, муниципалиябги ва бюджетияб гуребги 26 миллион гъурущ.

## Херазул тIалабалда

Советияб заманалда школлъималазда тIадкъалаан чиякъал, унтарал ва ресукъал гIадамазул тIалаб гьабизе. Гьеб лъикIаб иш цIигьабулеб буго Хунзахъ районалда. Гьениб херал пенсионеразул тIалаб гьабулеб буго цIалдохъаби-волонтераз.



ГIолилаз херазе кумек гьабулеб буго рукъги, азбарги, хур-ахги бакIаризе. Гьеб баракатаб ишалдаса разиго руго ДРялъул ЗахIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерствоялъул хIакимзабицин. «Хасалихъе гIадатлъун лъугьун буго азбаралдагун ахикь рацIцIалъи гьаби. Гьеб захIматаб хIалтIи гуро, амма херазул гьелъие къуват гIоларо. Гьединлъидал гьезие кумекалъе рахъуна гIолилал», - ан бицунеб буго министерствоялъул социалияб хьулухъалъул хIалтIухъабаз.

Ах-хур бакIариялдасаги, херал рохулел руго жидергун гьарулел накъитаздаса. ГIемерисел хутIун рукIуна кIалъазе, харбие чи гьечIого. Рази-ракиго жидергун гара-чIварулел лъималаз херазул ракIал рохизарула. Гьелги хIадурго рукIуна гIолилазе пайдаял малъа-хъваял гьаризеги гьезие сайгъатал кьезеги.

## Гъизляралда - «РакIалде щвеялъул ах»

«Нилъер ватIан цIунулаго хварал бахIарзазул хIурматалда республикаялда тIобитIулеб буго «РакIалде щвеялъул ах» абураб акция. Гъизляралдаги гьанже букIина гьединаб бакI. Хьул буго, жакъа чIараб щибаб гъветIалъ гьваридго кьалбал риччаялде. Нилъеца кумек гьабизе ккола нилъер рагъухъабазеги, моралиябгун материалияб рахъалъ кверчIвазе ккола гьезул хъизамаздеги. Гьеб буго нилъер щивасда тIадаб борч», - ан бицана Александр Шуваловас.

*МадихIат ХIАЖИЕВА*

# Гъаниевасул каранда - Командорасул орден

**Гъаниев Арсен гьавуна ЧIарада районалъул Гъунухъ росулъ. Школа лъугIизабуна тIокIлъиялда. ЦIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталде. Арсеница гьебги багIараб дипломалда лъугIизабуна ва Советияб армиялде хъулухъ гьабизе ана.**

**Армиялда, ай Индиялъул океаналда гьев вукIана гумузул эскадраялъул командирасул таржамачилъун.**

**Гьениса Арсен витIана СССРалъул ГIелмабазул академиялъул «Азия ва Африка жакъа» абураб журналалъул редакциялде хIалтIизе. Гьенив Арсен хIалтIана 20 соналъ (1980-2000). Журнал басмаялде бахъулаан гIурус, ингилис, паранг, гIараб, пушту ва Португалиялъул мацIазда.**

**Арсеница гьенир рахъулаан кIвар бугел темабазда батIи-батIиял макъалаби. Гьесда лъала ингилис, паранг, немец мацIал.**

**Жакъасеб нижер гара-чIвари буго журналист, дипломат, мугIалим, гIемерал улкабазде щварав Арсен Гъаниевасулгун.**



Замбиялда Россиялъул вакиллъун хIалтIулаго

**- Кидаялдаса нахъе мун къватIив, росу тун рикIкIад вугев? Кинаб бугеб дурги ВатIаналъулги гьудуллъи? Кида щварав ахирисеб нухалда росулъе?**

- 1979 соналдаса нахъе вуго дун Дагъистан тун рикIкIад. Дагъисталъулгун бухьен киданиги тIезе течIо. ЦIализе аралдаса нахъеги гьанжеги щибаб соналъ Дагъистаналдеги гIагараб ватIаналде - росулъеги щола. КъватIисел улкабазда вугониги, цо нухалъниги росулъе щвезе вачIинчIого чIолароан.

Республикаялъ, гIагараб росдаца дир рекIелъ ккола хасаб бакI. Кив ватаниги, къватIисел улкабазда вугеб мехалда дида цин росу, район, хадуб республика, Россия ракIалде щолаан.

**- КъватIисел кина-кинал улкабазда мун вукIарав? Бищунго щиб улка ракIалда чIараб?**

- Дун гIемерал улкабазде щвана. Европаялъул анкьго улкаялда вукIана къокъал командировкабазда. Халатал командировкабазда анлъго бакIалда вукIана, гьениса хьвадулаан къокъал командировкабаздеги. Европаялъул, Африкаялъул, Азиялъул кинабниги 28 улкаялде щвана. Байбихьуда дун хIалтIулев вукIана Мадагаскаралда ва Индиялъул океаналъул чIинкIиллъабазда, хадуб - Северияб, БакътIерхьулаб ва Бакъбаккулаб Африкаялда.

2007-2010 соназда хIалтIана Камбоджаялда Россиялъул вакиласул гIакълучилъун. Хадув - Северияб, БакътIерхьулаб ва Бакъбаккулаб Африкаялда.

2001-2004 соназда тIамуна Замбия Республикаялда Россиялъул вакиллъун (посол). Цадахъго хъулухъ гьабулаан Маврикиялда ва Сейшелазда.

ТIоцебесебги ахирисебги дун щвараб улка букIана Мадагаскар.

Гьелъ бищун ракIалда чIараблъунги гьеб хутIана.

Лъабго халатаб командировкаялда дун вукIана «Азия ва Африка жакъа» абураб журналалъул мухбирлъун. Анлъго батIияб мацIалда биччалаан гьеб журнал къватIибе. Ганаялда (Африка) вугеб мехалда дун вукIана мухбирлъун ва пресс-атташелъун. ТIоцеве дун мухбирлъун витIулаго, тIадегIанаб хъулухъалда вугев цо хIакимчияс дида абуна: «Бищунго иш бажарарав чи витIула журналистлъун хIалтIизе. Бокьарав журналистасда кIола дипломатасул хIалтIи тIубазе, тIаде босизе. Амма бокьарав дипломатасухъа бажаруларо журналистасул хIалтIи гьабун», - илан. Гьедин ккана дирги - тIоцебесеб лъабго халатаб командировка ана журналист хIисабалда, хадув тIамуна гIакълучилъун.

**- Дипломат хIисабалда кинаб къимат кьолеб дуца дунялалда лъугьа-бахъунелъе?**

- Лъугьа-бахъиналъе лъикIаб къимат кьолев чи гьабсагIаталда вукIинаро. Амма нилъедаго ракIалда бугеб пикру загьир гьабизеги бицинеги бегьулеб гьечIо. Къойил чIвалел руго гIолохъаби, тIолел руго биял.

ГIагараб Бакъбаккуда кколеб бугелъ ракI унтичIев чиги ватиларо...

ЧIезе заман щун бугоан гьезие (ГIизраилалъе). ГIарабазул улкабазда вукIана дун - я рагъухъаби гуро гьел, я хIалтIухъаби гуро. Къолеб бакIалда рагъ гьабизе бегьуларо.

**- Журналист хIисабалда цIехани, цебе рагIуе цIикIкIун эркенлъи букIанищ?**

- Гьанже гIадин букIана цебеги. РагIулги пикруялъулги эркенлъи политикаялъулги партиялъулги рагIиялда дандекколеб бугони, гьеб букIана рагIул эркенлъи.

**- Мун ккола, Москваялда ругел дагъистаниялго гIадин, ЖамгIияб гIуцIиялъул - ОСПДялъул (Дагъистаналъул патриотазул жамгIияб гIуцIи) членги. Кинал ишал гьарурал ахираб заманалда? Щиб гьабизе ракIалда бугеб?**



**1985 сон. Мадагаскаралъул тахшагьар Антананаривуялда Фазу ГIалиевалъул тIехьгун таржамачи хIисабалда.**

ТIоцеве дун мухбирлъун витIулаго, тIадегIанаб хъулухъалда вугев цо хIакимчияс дида абуна: «Бищунго иш бажарарав чи витIула журналистлъун хIалтIизе. Бокьарав журналистасда кIола дипломатасул хIалтIи тIубазе, тIаде босизе. Амма бокьарав дипломатасухъа бажаруларо журналистасул хIалтIи гьабун», - илан. Гьедин ккана дирги - тIоцебесеб лъабго халатаб командировка ана журналист хIисабалда, хадув тIамуна гIакълучилъун.

- Дун гьеб гIуцIиялда гъорлъе лъугьаралдаса гIемераб заман инчIо. Гьединлъидал дица гьабураб гIемераб хIалтIи-пиша гьениб батиларо. Дагьал церегIан тIоритIарал Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялъул юбилеялъулал тадбиразда гIахьаллъана. Гьел гурелги, дагъистаниязул данделъабаздеги тадбираздеги уна. Кьуни рагIиги босула, кIвараб кумекги гьабула.

**- ГьабсагIаталда хIалтIи-иш бугищ?**

- ГьасагIаталда дун вуго Москваялда бугеб цо академиялъул преподаватель, профессор.

**- Росулъ гIурав, цIаларав дуда гьелщинал мацIал кин лъарал?**

- Доб заманалда, ЦIунтIа районалъул БежтIа росдал школалда гурони, 10 класс лъугIун хадуб аттестат кьолароан. Дагъистаналдаго 11 класс лъугIизе ккolaан гьеб щвезе. Дир эмен вукIана Гъуниб райкомпартиялъул секретарь, гьесул гьудул ЦIунтIа райкомалъул секретарасул кумекалдалъун дун БежтIа росдал школалде цIализе ана. Дун ккола гьеб школалъул тIоцевесев медалистги.

МахIачхъалаялда Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда тIокIлъиялда лъугIизабуна ингилис мацIалъул отделение. Нахъа лъугIизабуна Москваялда кIиго академия, гьебги тIокIлъиялда. ГIемерал улкабазде ккедал, дун мацI лъачIого тIувалищха.

**- Дур лъималаз босанищ дур ирс, анищ гьел дур нухдаса?**

- Ясалъ лъугIизабуна тIокIлъиялда ФСБялъул академия. Фарси, паранг мацIал лъала гьелда. Гьединго ингилис мацIги лъикI лъала. Рагъулаб институталда дарсал кьола гьелъ.

Бищун гьитIинав васасдаги ингилис мацI гIурусалдасаги лъикI лъала. Бищун кIудияв васасдаги лъала дагьа-дагьаб ингилис мацI. Лъабго улкаялда хIалтIулев вукIана гьевги.

**- Бищунго ракIалда чIараб лъугьа-бахъин кинаб букIараб?**

- Дун 22 соналъ къватIив хIалтIидал, гIемерал ккана ракIалда чIарал лъугьа-бахъинал. Лъугьа-бахъинал ккечIеб къого букIун батиларо. Амма бицине бегьулел ратиларо. Хадуб дагьаб квалквал ккана хIалтIуе нижеда гьоркьов хиянатчи ватун. Дос хвезабуна дагьаб дир иш. Кин букIаниги, 65 сон тIубазегIан къватIисел улкабазда хIалтIана.

**- Мун мустахIикълъун вуго Камбоджаялъул Командорасул орденалъеги...**

- Гьеб буго 20 чиясе гурони щвечIеб шапакъат. Цо кьуна США-ялъул ФБРалъул хIалтIухъанасе, улкаялъул премьер-министр чIвазе къасд гьабурав чи ккунилан, цоги - Китаялъул вакиласе щвана Камбоджаялъул экономика цебетIеялъе цо млрд доллар кьунилан. Дие гьеб шапакъат щвана нилъер улкабазда гьоркьоб гьудуллъиялъулал гьоркьорлъаби цIунаралъухъ.

*Гара-чIвари гьабуна*
*ПатIимат МУХIАМАЕВАЛЪ.*

# Дунялалъул лъугьа-бахъинал: Дагъистаналъе дарсал

**Гьаб буго дунялалъулго политикияб гIумруялъулъ гIемерго кIвар цIикIкIарал лъугьа-бахъинал ккараб сон. Цо чанго улкаялда (Франция, Германия, Великобритания, Индия) рукIана рищиял. Лъалеб букIахъе, рищиязул хIасилаз кIудияб хиса-баси ккезабула пачалихъазул политикияб ва экономикияб гIумруялъулъ.**

**Гьелдаго цадахъ дунялалда кколел руго гIемерал тунка-гIусиял, рагъ-кьалалъул хIужаби. Гьаб соналда гьединал кьалул лъугьа-бахъиназ кверщел гьабуна ГIагараб Бакъбаккуда, Африкаялда ва Азиялда. Граждан рагъазде рачиналде гIунтIун, гIазаб кьуна гьенир ругел гIадамазе.**



## Халкъалъе буго зарал

2011 соналда байбихьараб граждан рагъ Сириялда жегиги къотIун гьечIо. Гьелъ улкаялда жаниб кIудияб бихха-хочиги гьабулеб буго.

ЛъикIаб ахIал-хIал гьечIо гIараб мухъалъул бищунго мискинаб пачалихъ Йеменалда. Гьениб граждан рагъ байбихьана 2014 соналда, амма жеги гIодобе буссун гьечIо гьеб. ГIадамазул гIумру гьабиялъул гIодобе ккараб даража, ракьи, зулмухIал гьаби ва унтаби тIиритIи – гьел руго гьеб халкъалъул гIумруялъул аслиял рахъал. Гьединалго гIемерал гIунгутIаби руго Африкаялъул Сомалиялда, Ливиялда ва Суданалда.

2022 соналда Россиялъул аскарал Гъарабагъалдаса нахъе рачун, Украинаялъул фронталде ритIарабго, Азербайжан Эрмениязул шагьаразде нахъеги тIаде кIанцIана ва дагъабги хIалуцинабуна гьениб букIараб ахIвал-хIал. Кин бугониги, Россия гьоркьобе лъугьиналдалъун ахир лъезе бажарана гьел пачалихъазда гьоркьоб букIараб лъугIел гьечIеб тунка-гIусиялъе.

Украинаялда граждан рагъ байбихьана 2014 соналда. Жакъа къоялде хIукумат-пачалихъин абизе бакI гьениб хутIун гьечIо, кинабго биххун, бичун лъугIун буго. Жакъа Украинаялъул 80 процент ракьалъул бетIергьаби руго Америка, Польша ва цогидалги улкаби.

Гьеб киналъго кIудияб заралияб асар гьабулеб буго жакъа дунялалда хIинкъигьечIолъи цIуниялъе. Гьединлъидал дунялалъулго улкабазул рахIатхвезабун буго Россиялдаги Украинаялдаги гьоркьоб бугеб питнаялъ. Гьеб рикIкIунеб буго гьаб заманалъул рагъ-кьалазул халатаб сияхIалда бищунго кIвар цIикIкIараблъун ва хIинкъи бугеблъун. Гьел лъикIал гурел гьоркьорлъаби дагьалги квешаб ахIвал-хIалалде сверана гьаб соналъул байбихьудасан. Москваялъ гIайиб гьабулеб буго Вашингтоналде ва НАТОялде.

## Америкаялда ратула кьалбал

Гьел рехсарал рагъазул, тунка-гIусиязул халгьабураб мехалда пикру бачIунеб буго цо-цо гьадинал хIасилал гьаризе:

**Цо бугони,** рагъ-кьалалъе, тунка-гIусиязе гIиллалъун кколеб гьечIо (кигIан нилъеда гьедин батилин кканиги) халкъалъ хIалтIизабулеб дин;

**КIиабизе бугони,** халкъал цоцалъ рангутIиялъе кигIан дагьабниги кумек, асар гьабулеб гьечIо гьез цебеккун цадахъаб гIумруялда гIемерал сонал ран рукIиналъ;

**Лъабабизе бугони,** халкъал, гIадамал цоцалъ разаризе кIудияб хIаракат бахъулеб буго улка-ракьалъул, халкъазул ургъел гьечIел, гIицIго жиде-жидер гIумру лъикI гьабизе бокьарал гIарац кодоб бугел, амма намус тIагIарал политиказ;

**Ункъабизе бугони,** кинаб улкаялда рагъ-кьал, тунка-гIуси кканиги, гьелъул кьалбал ратула я Америкаялда, ялъуни Англиялда.

## Кинабго лъикI бугинги абун нилъ чIезе бегьуларо

РачIинин Дагъистаналъул хIакъикъаталде. Дунялалда кколел ругел гьел лъугьа-бахъиназул, гьел кигIан нилъедаса рикIкIад ругониги, руго нилъеца хIисабалде росизе кколел рахъалги. Дица тIадехун рехсараб кIиабилеб гIиллаялъ нилъ дагьалго ургъизе тIамулел руго. Щайгурелъул нилъералдасаги гIемерал соназ цо ракьалда цадахъ гIумру гьабун рукIарал, тIадежоялъе цого миллаталъул гIадамазда гьоркьоб бижулеб буго жахIда-хIусуд, кколел буго дагIба-рагIи ва тунка-гIусиял. Нилъерин абуни республикаялда гIумру гьабулеб буго гIемерал миллатаз. Гьединлъидал нилъер гьанибги гIадамазда гьоркьор гьединал цоцада ричIчIунгутIиял ккани, гьелъ расги лъикIаб хIасил кьезе гьечIо. Гьеб букIине рес гьечIиланги абун, нилъерабго гьабулел нилъ ругони, цо къоялъ нилъ гьелъул нугIзаллъун ккезеги бегьула. АнцIго-къого соналъ цебе лъида ракIалде кколеб букIараб хъизамалда номер цоабилев ва номер кIиабилев эмен вукIинилан абун? Гьединлъидал гIолеб гIелалъе тарбия кьей, рахьдал мацI лъазабиялдасан байбихьун, букIине кколеб даражаялде бахинабичIони, Дагъистаналъул миллатазда гьоркьорги гьединал хIужаби ккезе бегьула. Миллияб тарбия кьеялъул иш «кинабго лъикI бугиланги» абун тезе киданиги бегьуларо. Гьеб букIине ккола миллияб политикаялъул ва диназул, культурияб, гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъул министерствабазул гуребги, республикаялъул киналниги жамгIиял гIуцIабазулги. Гьениб жидерго бутIа лъолеб буго жамгIиябгун пачалихъияб «Россиялъул халкъазул ассамблеялъул» Дагъистаналда бугеб гIуцIиялъги.

Нилъеда кIочене бегьуларо тIолабго XIX гIасруялда Великобританиялъ Кавказалъул халкъазул дин цIунулебиланги абун, гIурусазде данде гъазават гьабизе нилъ ахIун кинаб зарал ккарабали.

«БатIи-батIиял халкъазул гIарцухъ ричун росизе щолел цо-цо нухмалъулездасан пайдаги босун, гьитIинаб ракьалъул Англиялда кIвана гIемерал ракьазда кверщел гьабизе ва «жидее бакъ кидаго тIерхьунарилан» чIухIдаризе. Амма нилъ чIаго рукIаго, гьезие нилъеца гьединаб рес кьеларо», - ян хъвана И. Сталиница 1943 соналда. Кьезеги кьечIо.

Р. ХIамзатовас хъвавухъе:

*Кинабго Европа босарав залим*
*Загьрудал капсулал*
*квине тIамичIищ?*
*Британиялъул премьер Черчиль,*
*Честьги ккун досие,*
*тIаде вахъинчIищ!*

Амма хадусел соназ Англиялъго гIадаб цогидазул би цIцIулеб политика бильълъанхъизабуна Америкаялъги. Бихьулеб букIахъе, гьелъулги бакъ тIерхьунеб буго. Гьеб якьинго бихьизабуна КIудияб ВатIаниябрагъда хадусеб дунялалъул тарихалъ. Дунялалъул улкабазда гьоркьоб Россиялъул къимат-къадру дагь-дагьккун борхулеб буго. Гьединлъидал цо улкаялъ бокьа-бокьарабги гьабун, ханлъи гьабулеб заман нахъа толеб буго нилъеца. Гьелъ кумек гьабизе буго дунялалда хIакъикъияб гIадлунизамги, гIодобе биччайги, демократияги букIинабиялъе. Гьеб пикру загьир гьабуна Россиялъул президент В. Путиница дагьал церегIан къоязда тIобитIараб данделъиялдаги.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ,*
*«Россиялъул халкъазул ассамблеялъул»*
*Дагъистаналда бугеб гIуцIиялъул председатель*

## Ккара-тараб

### ГIайиб – тарбиячIужуялда

**МахIачхъалаялъул Ленинский районалъул судалъул хIукмуялда рекъон, жалго бетIергьанаб лъималазул ахалъги гьений хIалтIулей йикIарай тарбиячIужуялъги рецIа-лилаб гIарац кьезе буго гьенибе хьвадулеб букIараб лъимадул эбел-инсуе.**

2022 соналда рехсараб лъималазул ахалъул тарбиячIужуялъ ботIрода кьабана пуланав васасда. Гьев вукIун вуго сакъатав вас ва тарбиячIужуялдаги лъалеб букIун буго гьев унтарав вугевлъи.

2023 соналъул январалда мировой судияс тарбиячIужу гIайибияйлъун рикIкIана ва хIукму гьабуна гьелъухъаги лъималазул ахалъул бетIергьабазухъаги 400 азарго гъурущ гIакIа х1исабалда бахъизе. Гьеб гIарац кьезе буго гьитIичасул эбелинсуе – моралиябгун психикияб зарал бецIи хIисабалда.

### Гьересияй пенсионер

**2012 соналда пуланай гIаданалъе, гьелъ кьурал гьересиял документазул кьучIалда, чIезабун буго пенсия.**

Пенсия чIезабизе кумек гьарун буго гьелъ цо чиясда. Гьесги кIадурун руго хIажатал документал. Хадуббккун гьелъ гьереси-документал ритIун руго РФялъул Пенсиялъул фондалъул ДРялда бугеб управлениялъул ГIахъуша районалъул отделениялде. 2013-2022 соназда гьелъие бачIунеб букIун буго пенсия ва гIаммаб къадаралда гьелъ пачалихъалъухъа бикъараблъун чIезабун буго цо миллионгун лъабнусазарго гъурущ.

Рехсараб лъугьа-бахъиналъул кьучIалда гIуцIараб уголовнияб дело прокуратураялъ битIун буго ГIахъуша районалъул судалде.

### Гьереси-гIарац

**РФялъул МВДялъул пресс-хъулухъалъул баяназда рекъон, Россиялъул анкьго регионалда хIалтIулел рукIун руго гьересияб гIарац гьабулезул къокъаби. Гьезда гьоркьоб рехсолеб буго Дагъистанги.**

Гьел къокъаби хIалтIулел рукIун руго цоцазда гьоркьоб хIалтIиги бикьун. Цояз, мухьдахъ ккураб рокьоб печаталда кьабулаан кагътил гIарац, гьеб цIуниялъул игIланалги хIалтIизарун. Цогидаб регионалда гьеб гIарац бичулеб букIун буго. Рагьун буго Интернте-тукен ва гьенисан бичулеб букIун буго такъсирияб хIалалъ балагьун цвараб кьайи. Гьел къокъаби хIалтIулел рукIун руго Москваялда, Москва, Ростов, Белгород ва Ленинград областазда, гьединго Дагъистан ва Крым республикабазда.

Гьединаб къагIидаялда такъсирчагIаз хIалтIи гIуцIун буго 2018 соналдаса нахъе. Гьез гIумру гьабулелги мухьдахъ ккуралги рукъзабахъ чIухь байдал гьениб батана 20 миллионалдаса цIикIкIун гьереси-гъурущги, гьел кьабизе хIалтIизабулеб куцги ва печаталъул алаталги.

*МадихIат ХIАЖИЕВА*

# «Цоцалъ би жубачIеб миллат гьечIо Дагъистаналда»

**Дагъистаналъул аэропорталда гIолохъабаз жидерго хIалуцин загьир гьабураб сордо-къоялъ макьил рахIат, кванил тIагIам букIинчIо гIемерисел улбузе. Гьединаб мехалда лъикIалъеги квешалъеги батулеб вацапгиха, гьечIого гIоларел жамгIиял гьиналги.**

**Гьидерил киналго росабалъа гIемерал руччаби жанире рачараб вацапалъул къокъаялъул сас къотIичIо рогьалил как ахIизегIан.**



**Хадижат:** - БитIахъе цIадул гурде букIана къаси черхалда, васал рокъоре руссинегIан. Гьаз-доз цIан аэропорталде анадайин хIинкъун йикIана.

**Чакар:** - Ясал, нужее талихI батаги, бице дида лъица гьусун, киб бичIчIи щун рагъарал чагIи гьаръал гIолилал? БатIияб къагIидагойищ букIинчIеб Палестинаялъухъ ракI унтун букIин загьир гьабизе?

**ПатIимат:** - Гьел ккана гьанже сабаблъун Дагъистаналда миллатчилъи бугин ахIи бахъинабиялъе.

**ГIайшат:** - Йо, унго, пайда щибха махIаби рекичIого гьагьай, гIолохъабазул гурулъанги яккун чIи-чIидулей йикIарай чIужугIаданалъул. Гьелъул тухумалъул бихьинал лъугIун ратила. Жакъа ракIалде щвана нилъер Суракъат. ГьагIъарал гIолилазда цеве вахъун бажарулев, халкъалъ хIурмат гьабулев цониги гIакъил, цевехъанищ вукIинчIев Дагъистаналда?

**Мариям:** - Щивасул гIакълуялъ, сабруялъ борцуна лъугьа-бахъунеб. Кинабго бараб буго битIун бицине, бичIчIизабизе бажариялда. Рокъосанго бачIунеб лъавукълъиялъ лъукъулеб буго гIолилазул гIумру. Жидер умумузул лъикIабщинаб лъималазе кьезе, гIураб ракьалде рокьи бижизабизе хIаракат бахъарал эбел-инсул лъимал росу-ракьалъего пайдаяллъун лъугьуна. Гогьдаризарун гIезарураз гIагарлъиялдего балагьги рещтIинабула. Гьоболасул хIама хIортIе бачанищин абухъего, гIемерисел мугIалимзабазеги ургъел гьечIо щал вахънаби жидер цIалдохъабазул, студентазул рахъаниги.

**Булбул:** - Рогьалилъ мажгитазде какдеги унел, гIолилазул гIуцIиязулъ гIахьаллъун футболги хIалел гIолохъаби, пулавги белъун цадахъ чаялги гьекъон, зама-заманалдасан чуялги тIамун, киназего рагьараб гьайбатаб гIумруялда руго. Гьезул лъудби демонстрациязде рахъун кьватIазда чIичIидуларо, чIахIиязул адабги гьез рехуларо.

**ПатIимат:** - Бихьулищха жидерго тIадагьаб божилъиялъ къосарал, лъикIаб-квешаб батIабахъизе рокъоб



Русские в Дагестане

Совместила в сердце Север и Кавказ

малъичIел гIолилазда лъолел цIарал: цо-цо бусурбабаз бахIарзалин, дин батIияз согIал миллатчагIийин, нилъерго тIадчагIаз гIакълу гьечIел жанаваралин. Нилъедаго буго гIайиб.

**Хадижат:** - Дол, аэропорталде гьужум гьабуралго гIадал «бахIарзаз» нилъер гьанир ругел жугьутIазеги хIинкъи кьолеб гIадаб хабар ргIана.

**Асият:** - Гьанир ратиларо ягьудиял?

**Хадижат:** - Щай рукIунарел, гьезул гIемерисел Дербент районалда руго, таталин абула гьезда.

**Чакар:** - Йо, гьел нилъерго чагIи ругоха. Абадиялъ гьанир рукIарал гьезда бугеб гIайиб щиб? ЖугьутIал, шигIитал, насраниял рукIа - нилъер диналъе, яшавалъе щиб зарал гьезул бугеб? Шагьаразда букIинариц, росабалъгицин кигIан хIурмат гьабулеб букIараб нилъеца миллат батIиял чагIазул! Цониги росу букIанищ нилъер гьаниб гIурус мугIалимзаби яги тохтурзаби камураб? КигIан берцинаб гьоркьоблъи букIараб. Цоцалъ би жубачIеб цониги миллат гьечIо Дагъистаналда. Кинаб миллатчилъиялъул бицунел гьал?

## «ГIолилал, къимат гьабе Дагъистаналъул»

МагIлъун къала рекIелъ дагъистаниял хъачIал, гьагал миллатчагIилъун рихьизарурал ахIиял, хъвай-хъвагIаял жамгIиял гьиназда ратидал

РакIалде щола дирго лъимерлъи, тIоцебе цIалараб гIурус тIехь (Елена Ильиналъ хъвараб «Четвертая высота»), цIалдезе дилъ рокьи бижизабурай Краснодаралдаса нижер нус Зинаида. Руччабазул тохтурлъун хIалтIулаго гьелъул гIумру ана магIарухъ, кьолбодаса тIечIо нижее гьелъ кьураб наслуги. МагIишат-яшавги букIана кигIан цеетIурай магIарулалдаса нахъе ккечIеб. Гьединал мисалал нус-нус гьечIищха Дагъистаналда. Байбихьул классал лъугIидал, Зинаца кверги ккун щвезаюна ГIурада росдал гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим Зоя Николаевнаялъухъе. Жакъа гIадин ракIалда буго: «Зинь, ты за девчонку не переживай», - инги абун, дун аскIое цIараб сентябралъул кьо. Гвангъараб гьимиялъул, узданаб ретIа-къаялъул берцинай чIужугIадан, даимго хутIана рекIелъ гьелъул дарсал.

Дарсидаса хадуб заманалъ нижеца Зоя Николаевнаялда гьарулаан гьелъул берцинаб бахча бихьизе рачеян. Розабиги гIицIго гьелъул ахикь гурони рижуларин кколаан гIисинал нижеда. Эркенаб заманаялъ ясазе гурдал лъутIизе, рукъизе малъулаан гIурус мугIалималъ.

**Мариям:** - Ниж эбелалъ ритIулаан Клавахъе нису-рахь босун. Къецбан рукIунаан гьелъухъе ине гьираялда. Пихьил цIун кьолаан тIадбуссун цIарагI. ЙикIарай нидегьел гIадан.

**Гузуне:** - Нижехъ йикIарай мугIалималъул хIеренлъи гIумруялъ кIоченаро. Хадуб Мариямин абун цIар хисана, устарасухъе ун вирдги босана. Росдал хабалалъ юкъунги йиго.

**Маржанат:** - Нижер мадугьалихъ йикIана Клава. Гьелъухъ данделъулаан, хадур нижехъе рачIунаан нилъер районалда гIумру гьабун ругелщинал гIурус ясал. АнцI-анцI соназ гьез лъай кьурал нилъ капурлъунищ ругел? Гьелъул гIаксалда, нилъер гIадат-гIамалги динги босана гIурус ясаз. Гьезул гIемерисезул наслу нилъеда гьоркьоб буго.

Щиялъ цоцазе гьурщана лъимерлъудаса нахъего нижерго росабалъ ратарал гIурус руччабазул хинал ракIалдещвеял.

ГIурус мугIалимзабазул бицунаго, ракIалде щвана университеталда гIурус литератураялъул дарсал кьурай профессор Плахарская Маргарита Артемовна, гьелъул малъа-хъваял.

«Дун гIемер сверана нилъер улкаялда, машгьурал классикал гьарурал, гьез гIумру гьабурал бакIазде щвана, щибаб бакI дица данде кколаан Дагъистаналда. Гьадинаб, гIадамалги, гIадаталги, тIабигIатги берцинаб бакI дида батичIо. ГIолилал, дица ракI-ракIалъ абулеб буго, къимат гьабе Дагъистаналъул. ЦIуне умумуз дарслъун тараб намусги яхIги. Гьаб дунялалъул рекъелги парахалъиги гIуцIун буго лъикIабщиналъул кьучIалда, гьеб бихьизе тани биххула дунял».

Жегиги камилго кинха абилеб.

*ПатIимат ГЬИТIИНОВА*



# «Дунги ахирияв шагIир ватила Ахирзаманалъул росулъ вахъарав»

*АхIмадил МухIамад, МахIмудил тIармил
ТIадегIанал чIваби хъвалищ кIиязго.
Дихъа бажаричIеб дуда кIванани,
Дица дуй кIудияб рохел гьабила.*

Гьедин хъвана кIудияв шагIир ХIамзатил Расулица, жеги гIолохъанав шагIир гьанжего гьанже АхIмадил МухIамадилгун лъай-хъвай ккараб мехалъ.

Гьанисан байбихьана АхIмадовасул шагIирлъиялъул нух. 13 ноябралда гьесул гIумруялъул тIубалаан 68 сон. БачIунеб итни кьоялъ, Аллагьас хъван батани, Поэзиялъул театралда ракIалде щвезавизе вуго шагIир. АхIмадовги гьечIого тIоцебесеб нухалъ кIодо гьабизе буго гьев гьавураб къо.

БитIаралда битIарабин абизе ккола, чи цеveса ун хадуб гурони нилъ кантIуларо гьесул хIакъалъулъ бищун лъикIалги къиматалги рагIаби абизе.

ЧIаго вукIаго гьесда абизе щвечIел рагIаби ратула къачIан гьев ракIалде щвезавулеб кьоялъ гьасие гьурщизе. Кинаб илбисалъ ккун чIезарун рукIунелали лъаларо, инсан ракьалда вукIаго гьесда аскIорги рукIун абизе кидаго кватIун ккола нилъ.

Гьединго кколеб буго АхIмадов МухIамадил хIакъалъулъ абизе рукIарал рагIабиги.

Дие гьев кидаго хутIана Гьонода росулъа вахъарав цо вугев шагIирлъун. Аллагьас кьураб гьунар гьаб ракьалда билизе течIев, хIажатаб бакIалда кIалъазеги лъалев, пагьмуялъул цIураб ракIалъул, росуги хирияв, росдал гIадамалги рекIее гIагарав инсанлъун.

**Чабхил кIкIалахъан кIанцIун,
Бекерулеб буго чан.
Чанахъанас нахъойги,
Босулеб буго ишан…**



АнцIила ункъо сон бараб мехалда хъвараб МухIамадил «Чанил кечI» жакъа гIемерисел магIарулазда рекIехъе лъала. ШагIир халкъиявлъун лъугьуна гьесул шигIруги гьунарги халкъалъухъе щвараб мехалъ, гьез гьеб унго-унголъунги къабул гьабидал.

Дун щибаб кьоялъ кьулула АхIмадил МухIамадил тIахьазде тIаде. Щибаб нухалъ гьениса босизе цIияб пикруги, цебесеб нухалда рагIун букIинчIеб цIияб рагIиги, рагIабазулъ бахчараб магIнаги батула нахъе босизе.

Зама-заманалдасан дица цIалулеб тIехь буго гьесул «Поэт» абураб пикрабазул къисалъун лъугьараб, магIарул шагIирзабазул пагьму-гьунаралъул хIакъалъулъ хъвараб. ХIикматаб асар буго гьеб.

Гьениб буго «Дир шагIирзаби» абураб бутIаги. Инхоса ГIалихIажиясдаса байбихьун, ГIумархIажи Шахтамановасде щвезегIан, классикаллъун лъугьарал халкъиял шагIирзабазул гIумруялъул, бечедаб творчествоялъул бицунеб буго гьес гьениб гIажаибго ракI тIаде цIаледухъ.

Гьединго кутакалда дие хирияб асарлъун хутIана, устар СагIид-афандиясул тIехь цIалун хадуб хъвараб гьесул кечIги.

АхIмадовасул поэзиялъул дунялалъ асир гьаричIел чагIиги ратизе бегьула магIарулазда гьоркьор. Кинавго чиясе рокьизе тIадаб гьечIелъул гьесул кучIдул. Амма адабияталъул унго-унголъунги магIнаги бичIчIулев, гIагараб ракьалде рокьиги бугев, мугIрул иццул тIагIамги бичIчIулев, тIалайдухъан беролеб кIкIуйги, корониб бежараб чадил тIагIамги хирияв чияс жакъаги ракIракIалъ, пикру гьварилъуде биччан цIалула гьесул асарал.

**Дир рахъалъан абе АхIмадовасда,
АхIи-хIур лъугIанин, дагIбаги сванин.
Дагьа-макъал кепкал кодоре щварал.
Гьудулзабаздаги дун кIочон танин.**

**Дир рахъалъан абе АхIмадовасда,
АхIун пайда гьечIин гьанже кучIдузул.
РекIее рокьарал ракьулъе индал,
Ракьалда вукIине бигьаяб гьечIин.**

Гьал рагIабиги хъвана магIарулазул гьунар тIокIав, кьанагIатаб пагьмуялъул шагIир ЖабрагIил ХIасановас. Гьел кIиялго гьудулзаби рукIана. ШагIирзабазул мацIалъ кIалъан цоцаздаги ричIчIулел. Гьединал гIадамаз берцин гьабула нилъер миллияб адабият.

*Ашахан ЮСУПОВ*

# ШагIирасул гьаракь гьалдолеб буго…

*Дица авар мацIалъ ахIана сарин,
Сири базабизе чанги черхалда.
ГIумрудул чархитIа ккуна рагIаби,
МагIарул мацIалъул пири пирхизе.*

**МухIамад АхIмадов**



ШагIирасул ватIан - Гьонода росу

- ШагIир херлъуларо, шагIир холаро… Гьес нахъе тола хвел гьечIел асарал. Щивасул букIуна жиндиего хасаб улкаги. Гьелда цIарги буго – Поэзия. Рогьалилъ щуб гIадин, гьенир риххун рукIуна шагIирасул пикрабиги анищал-хьулалги. ТIоцебе гьелда лъала гьесул чIухIиги, рохелги, пашманлъиги. Ва гьенисан гьел щола нилъехе, цIалдолезухъе. БукIана гьединаб улка Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АхIмадовасулги.

Гьадин хъван букIана дица шагIир абадияб дунялалде арал лахIзатаз.

Ва шагIир гьавураб къо – 13 ноябрь тIаде щолелъул, цIидасанги щолей йиго Дагъистаналъулги Россиялъулги адабияталда хIикматаб жавгьарлъун кунчIун хутIизе бугеб МухIамад АхIмадовасул шигIрияб улкаялде. Гьале цIидасанги рагIулеб буго абадиялъго гIужие босахъе хутIизе бугеб берцинлъиялъулги гьунаралъулги угьи.

Гьале гьаб нухалдаги бегулеб буго дица шагIирасул «Поэт» абураб тIехь. Чанго нухалда тIатIала юссун цIаланиги, жакъаги кодобе босана дица гьеб:

- Гьимигун, магIугун, рагIигун вачIуна шагIир. Поэтасул керен буго къебелъи, ракIин абуни – перело, рагIаби лъадаризе цIа цIигьабулеб, гьари цIигьабулеб, - гьадин хъвалеб буго шагIирас.

Жиндирго гIумруялъулги къисматалъулги къисалъун кколеб гьаб тIехьалъе гьес кьун бугебщинаб берцинлъи. Щибаб мухъилъан бихьулеб бугин кколеб буго гьесул сипат. Ахирал соназ цIакъ ракI унтун бицунаан МухIамадица авар мацIалъул хIакъалъулъ. Гьесие рахIат толеб букIинчIо гьеб лъугIунцин инадаян абурал пикрабазги.

Рахьдал мацIалъул хIакъалъулъ кинаб макъала дица хъваниги, гьеб цIалун хадуб, гьенир дица рехсарал гIадамалги рачун ячIайилан кIалъалаан гьев. Ахирисеб нухалда гьесухъе щун рукIана рикIкIадасан (дистанционно) рахьдал мацIал лъазариялъе «Калам» школа рагьарай Шамхал поселокалъул школалъул авар мацIалъул учитель Марям Шапиевагун ва гьенирги дарсал кьолев вугев МухIамад Манаповгун цадахъ. Жеги цебесаго унеб гьечIо гьес нижее гьабун букIараб дандчIвай. БатIияб чIагоlъи рещтIунаан гьесухъе, авар мацIалъул бицунеб мехалда:

**- ЦIумаз тIогьаздасан дихъе рехана,
Хъвайин кечIин абун, жидерго хIули,
Нижерги дурги мацI цохIого бугин,
БацIцIадго цIунейин гьелъул борхалъи.**

**Дица мацI цIунана, цIумаз бусенлъун,
Дица мацI цIунана рекIел кIутIилъун…
Кидаго ахIана дий кинидахъ кечI
МагIарул мацIалда магIарул мугIруз.**

Гьалдолел рукIана шагIирасул пикраби. ВатIаналъул, халкъалъул, магIарул мацIалъул…

Дие шагIир МухIамад АхIмадов хутIизе вуго кIудияв ва вокьулев шагIирлъун.

- Гьонода зонода хутIила дир цIар - гьадинал рукIана цо-цоязе ричIчIизе захIмалъарал шагIирасул рагIаби.

Амма дие гьелги рокьана кидаго. Жакъаги гьезухъе тIадюссуней йиго. Инсанасул сапаразул ахир гьениб гурищ букIунеб – росдал хабзалалъ. Гьонода зонода цIарги хутIила шагIир МухIамад АхIмадовасул, шагIир вокьулезул ва чIагояб мехалда гьев къабуллъулев вукIаразул ракIазулъги пикрабазулъги батила гьесул шигIрабазе бакIги.

**- Гьонода росдал сухъмахъ
сундухъго хисиларо,
Гьениб буго рокьиги,
гьаракьги, ракьги, рукъги,
Унго, гьаб шагьаралда шагьабаца квинадай?
КватIулеб буго дир как,
гьорохъ унеб буго кечI.**

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# Манаршал МухIамадгIали

## Мун батIияв вукIана, лъица щиб бицаниги

**ГIажаибаб жо буго инсанасул гIумру. Гьадин такрар гьабизе ругьунлъун руго нилъ, гIумруялъулги ахираталъулги пикру гьабизе захIмалъараб, аралъулги букIинеселъулги хIисаб гьабун рагIалде бахъунареб, къисматги къварилъараб, ракIалги речIан ругеб мехалъ.**

**Хасго цIакъго-цIакъ гьел рагIаби ахIула нилъеца хIалае, гIумруги гIамалги берцинав, гIадамалги хирияв, гьаб ракьалда чIагояб цIарги, лъикIаб лъалкIги тун чи нилъедаса ватIалъун хадув. Гьединаб асаргун байбихьулеб буго гьаб макъала хъвазеги.**

### Пикрабазул гIурул гучаб карачел

ТIаде щолеб милициялъул хIалтIухъанасул къоялда дандеккезабун, жакъасеб номералда дир гIагарав чи, милициялъул полковник, ГIалиев МухIамадгIалиги ракIалде щвезавун къалам кодобе босизе ракIалде ккана.

Дир инсул вацгIал ккола гьев. АнцIила анкьго сон сверана гьев къадаралде щвараллдаса.



ГIолохъанлъиялъул завал

15 октябралда гьес тIубалаан 74 сон.

ГIажаибав инсан вукIана гьев. Дида ракIалда буго тIоцеве Гьоноде вачIун нижер рокъоб инсуда аскIов гIодов чIун гьев вихьараб къо. Гьелдаса нахъе МухIамадгIали вихьизе, гьесул квер босизе, щибниги абичIониги цохIо гьесда аскIов гIодов чIезе щвараб гIолаан дие.

Дида лъай лъаралдаса нахъе Манаршал МухIамадгIалиян абулеб батана гьесда рокъоб. Манарша ккола гьесул эбел, дир кIудияв инсул яц. Къисматалъ Къороде ячарай. Гьелдасан бижараб гIагарлъи ккола гьеб Къородаги Гьонодаги жиндир кьалбал ругеб. Лъица щиб бицаниги, кин гьаб гIумруги гIадамалги хисаниги, гIагарлъи гIадаб жо гьечIо ракьалда. Къорода дирго гIагарлъи букIиналдасаги кидаго чIухIунги вохунги вукIуна.

Дие инсуца бицунаан гIемер гьелъул хIакъалъулъ. ГьитIинго бесдал хутIарав, росулъ аскIове вилълъине вацгIалги вукIинчIого, эркенаб заман кканщинахъе живго гьесухъе векерулев вукIараб куцалъул. Гьениве щвезе бугеб гьираялъ жинда Къороде бугеб анкьго-микьго километр нухлул рагIизецин рагIулароанин. Гьединаб гьудуллъиги цоцадехун бугеб божа-рокьиги гьезул лъугIичIо кIудиял гIурал, жидерго хъизамрукъалде руссараб мехалъги.

МухIамадгIали вачIунаан дир инсухъеги, дир эмен унаан гьесухъеги. Хадув гьев Каспийскиялъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулевлъун хIалтIулеб мехалъ хасго гIемер рихьулаан цоцазда. Амма гьанир лъахъизе ккола нилъ. Дица гьесул гIумруялъул нухлул тартиб цIуничIого цIакъго цевегIан кIанцIун ватана. Аваларьдаса бахъараб бицине ккола гьесул гIумруялъул нухлул.

МухIамадгIали гьавуна 1949 соналъул 15 октябралда, Къорода росулъ МухIамадгIалил МухIамадил хъизамалда. Ункъо ясги кIиго васги рукIана гьезул. Хъизамалда МухIамадгIали вукIана бищун гьитIинав, амма бищунго къадру кIудияв, хъулухъги кIудияв, гIадамазда гьоркьовги машгьурав чи лъугьанин абизе бегьула гьесул.

Росдал школаги лъугIизабун, гьев цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул педагогикияб институталде физикаялъулгун математикаялъул факультеталде. ТIокIлъиялда гьеби лъугIизабун, аспирантураялда цIалулев чи гьев ана армиялде. Гьениса вуссун хадув хIалтIизе лъугьана милициялде.



ГIумруялъул ахирисел сонал

БатIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана. ВукIана БежтIаги, Казахстаналдаги. ХIалтIана МахIачхъалаялъул МВДялъун централияб аппараталда, уголовияб цIех-рехалъул отделалъул нухмалъулевлъун. Гьениса вачIана Каспийскиялде.

Каспийскиялда гьев хIалтIулеб заманалъ студентлъун вугев дун гIемерав щолаан гьесухъе.

Столалда нахъа, бакараб чирахъги, чирахъул канлъухъе цере тIиритIарал кагътазде къулун вугеб гьесул гьумерги – гьеб сурат хутIана дир рекIелъ. Щибниги къваригIел гьечIониги, цохIо гьесул квер босизе гIоло унаан гьесухъеги. Щибниги бицинчIониги, вуцIцIухIун чIун аскIов гIодов вукIине щванини гIолаан. Гьелдасацин букIана кIудияб рохелги, разилъиги, рекIелъе лъугьунеб хинлъиги.

Гьединав вукIана МухIамадгIали. Гьанже гьев ракьалда гьечIин абураб рокьукъаб пикру рекIелъе биччазе захIмалъулебги буго. ЗахIмалъунин абун щиб гьабилеб…

Каспийскиялде ун хадув МахIачхъалаялъул Советский РОВДялъул нухмалъулевлъунги хIалтIун, гьениса ана гьев Унсоколове. Ва гьениб гъуна гьесие бидулаз къорги.

2007 соналъул 15 июналъул рузманкъо… Кидаго гIадин радал хехго хIалтIуде ине къватIиве вахъана МухIамадгIали. Шамилхъалаялда гьев жанив гIумру гьабун вукIараб минаялъул подъездалъуб бахъана къвагьи… МухIамадгIалиги гьев цIунизе тарав Гумбет районалъул Аргъваниса гIолохъанчиги гьеб бакIалдаго къадаралде щвана…

60 сонцин бан букIинчIо гьес.




### РакIалда хутIана цохIо хIажатав

Манаршал МухIамадгIали ракIалде щвезавулаго гьесул росуцояв, чанги гьевгун цадахъ цо гъасда гIодор чIун, цадахъ чед бекарав, гьесул лъимерлъиялъул гьудул, Къородаса АхIмаев ГIалица гьадин бицана:

- МухIамадгIали дидаса кIиго соналъ кIудияв вукIана, амма кьерилъасдехун гIадаб ракIбащалъиги рекIел цIайиги букIана гьесдехун. МухIамадгIали вукIана нижер цевехъан. Школалдаги, къватIивги, цадахъ тира-свериге ккараб бакIалдаги – гьесдехун мугъчIвай букIунаан кидаго. ЦIалулъги цIакъ цеветIурав, гIажаибаб пагьмуялъул чи вукIана гьев. ГIарцул медалалда школаги лъугIизабун цIализе лъугьана пединституталъул физикаялъулгун математикаялъул факультеталде. ТIокIлъиялда гьебги лъугIизабун, гьенивго аспирантураялдаги цIалана. Школа лъугIун хадуб армияги тIубан дунги цIализе лъугьана гьенивего цIализе. МухIамадгIалида гьенив институталъул мугIалимзабазул лъаларев чиго вукIинчIо. Киназулго рагIи дандеккезабизе махщел бугев, адаб бугев, лъикIаб къадру-къиматалда вукIана гьев пединституталда. Гьединго комсомолазул организациялъул секртетарьги вукIана гьев.

Гьениса ана милициялде хIалтIизе. Хъулухъалъул хIокIалги рахунаго, эхедеги вахана, полковникасул чинги щвана. Чанго батIияб бакIалда хIалтIана. Амма кивехун кканиги, гьев хутIана ракIбацIцIадав, хъулухъалъ хъуб гьавичIев, бергьараб яхI-намусалъул инсанлъун. Дида лъаларо цониги гьесда аскIове кумек гьарун арав, гьес къваригIелги тIубачIого нахъвуссарав чи. ГIемерав чиясул хIажат тIубана гьес. Къорода росдаеги гьабуна гьес кумек. Гьесул анищ букIана милициялъул хIалтIудаса гIодов чIун хадуб, хIалхьиялде индал росдаегун жамагIаталъе пайдаяб куцалда гIумру тIамизе. Пенсиялде ине хIадурлъулевги вукIана гьев, амма къисматалъ батIайиса къотIун батана хIукму. Щиб гьабилеб, Аллагьасул къадаралдаса рорчIизе бакI гьечIо. амма жакъаги бухIула кереналъул цо бакI гьев ракIалде щведал. ЦIакъав инсан вукIана, мунагьал чурад…

МухIамадгIалиго гIадин, батIи-батIияб заманаялъ низам цIунулезул хъулухъалда хIалтIарав, гьесул цоги росуцояв ХIадисов ХIамзатица гьадин ракIалдещвезавуна гьев:

- МухIамадгIалиги дир эбел-эменги рукIана мадугьалзаби (мунагьал чурун ратаги гьезул). Гьелъ гIемерав тIаде-гъоркье щолаан гьесухъе. Гьев нижехъеги вачIунаан. ЦIакъ гIамал берцинав, гIадамасул адаб бугев, гьитIинасулги кIудиясулги хIал рекъезабизе лъалев чи вукIана. Милициялда хIалтIулебгIан заманалда гIемераб бакI хисана гьес. ХIалтIана чанго районалъул ва шагьаралъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулевлъун. ТIаде босараб иш тIубазабуна намус бацIцIадго, кинабго жанги къуватги хIалтIуе кьун. Амма хIалтIудаса эркенаб заманалда цIакъ гIадатияв чи вукIана. Щив аскIове вачIаниги, гьесухъ гIенеккизе лъалаан. Щивасда рекъолеб рагIиги батулаан абизе.

МухIамадгIалил хIакъалъулъ хъвазеги абизеги рагIи гIемераб бугоан, тIубараб тIехь хъваниги бегьулев инсанги вукIана, амма дица дагьаб къокъ гьабун абила, Къорода росулъ гIемерал рахъинчIо гьев гIадал сахал бихьинал. Аллагьас хIал алжаналъуб батаги жиндир. Ахираталъул рукъалдаса вохизавун ватаги БетIергьанас.

ГIемерал гьудул-гьалмагълъи нахъе хутIана МухIамадгIалил. Ракьалда тараб лъалкIалда рекъон борцуна нилъеца аб дунялги тун ахиратаде арав чиясул гIумруги къисматги. РакIалдещвеяз гIемераб жо бицуна, чанги бакIалде щола хиял. Кин букIаниги, цIакъаб заман букIун буго доб - МухIамадгIалиги цогидалги нахъе ругеб. Гьесда хадур цо-цоккун, кIи-кIиккун, чангияс тана гьаб дунял. Бакълъухъа КIудияс абухъе, *«гьанже рукIанин абизе гурони, ругин абизе чи ватулареб»* бачIана заман. Цереккун рукIарал лъикIал къоялги ракIалде щвезарун, метерисеб къо кинабдай бачIинаян рахIатхварал пикрабаз ккун чIезарун руго нилъ. Амма щибаб бачIунеб цIияб къоялъ щибниги рохел босун бачIунеб гьечIо. ЦIар лъазе лъалареб, бакIаб, нур гьечIеб заманаялъул нуцIихьги лъалхъун, БетIергьанас лъикIаб хъван батагиян анищазда, хъулазда руго, зодихъе квералги ритIун…

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Дунял-ахираталъул талихI

**Дунявиял ишазде машгъуллъиялъ, гIемерисеб мехалда нилъеда кIочон батула хвезе рижарал рукIинги, хун хадуб гурони унго-унгояб гIумру букIунареблъиги. Дунялалда нилъ руго гьоболлъухъ, гьанир ралел къоялги цIакъго дагъал жал руго ахираталда букIине бугеб абадияб гIумруялде дандеккун.**



Дагьаб заманалъ гурони гьаниб гIумру гьабизе гьечIониги, инсанас лъазабизе ва цIализе кколебщиналъухъ балагьеха. ГьоркьохъеЕ кьагIидаялъ 65 сонил хIисаб гьабуни, ясли-ахалдаса байбихьун институт-аспирантура лъугIизегIан чиясул лъабго бутIаялъул цояб гьелда тIад унеб буго. Гьебги буго чияс жиндир дунявияб гIумру берцинаб букIинелъун гьабулеб жо. Гьеб битIарабги буго. Щайин абуни, гIумру гьабизе ккани, лъай гьечIого гIоларелъул.

Гьанже пикру гьабе абадияб ахираталъулги. ХIадисул кьудсиялда ТIадегIанав Аллагьас абун буго: «Ле, Адамил лъимер! Дуца гIелму тIалаб гьабе. ГIелму гьечIев чиясул гIакълу букIунаро, гIакълу гьечIев чиясул динги букIунаро, дин гьечIесе ахираталда алжанги букIунаро», - ян. Гьалдаса битIараб щиб букIинеб! Амма гьел дагьал соназ гурони дунялалда гIумру гьабизе гьечIониги, 20-гIанасеб сон гьелъиеги хвезабун, ахираталъулаб гIелму рехун тани, гьалаглъиялдеги ккеларищ?

Лъимал руго нилъер берзул канлъаби, рухI кьунги гьезие кинабго лъикI букIине гьабула умумуз. РакIчIун абизе кIола, гьитIинаб кьоялдаса нахъе гьединаб гIамалалде лъимал ругьун гьарурал умумул дунял-ахираталда гьездаса рохизе ругинги. Аварагасул хIадисалдаги бугелъул, лъикIаб тарбиялдаса кьиматаб жо инсуца лъимералъе кьоларин абун. Цогидаб хIадисалда буго, киниялдаса бахьараб лахIтуялде щвезегIан гIелму тIалаб гьабейилан абунги. Цинги гьелде лъимал гьитIинго ругьун гьаризе ккеларищ!

Лъимералда гьитIинго малъараб жо - ганчIида бикIараб накьищ буго. ГанчIида бикIараб гIасрабаз тIагIунареб кинниги, гьитIинго лъимералда малъараб гьелъ босула, ракIалда чIола, лъикIаб гьабиялде гьесизабула. Квешаб гьабизе хиял ккедал, гьелъухъ гьабизе бугеб тамихI ракIалде щун, гьелдаса нахъеги кьала.

ГIелму лъазабиги лъай тIалаб гьабиги буго щивав бусурбанчиясда тIадаб борч. Лъимералда малъараб гIелму, лъикIаб-квешаб бичIчIизаби ккола хадубккун гьеб канлъуде рачунеб нух. ГIемерисеб мехалъ лъималаз квешлъи, кьваригIел гьечIеб пиша гьабула сундасаго регIун, щибго хIалтIи-пиша гьечIого ругеб заманалда. Гьелъин абулеб лъимер регIун тезе бегьуларин, дунял-ахираталъе пайда бугелде буссинабизе кколин абун. Исламалъ бихьизабухъе, лъималазул тадбир гьабуни, гьел нилъехъ гIенеккула, малъарабги босула, рокьа-хинлъиялда, баркатгун гIумруги тIамула. Амма тарбия кьеялъухъ кIарчанлъани, хадубккун нилъецаго бетIер кквезе ккола.

Школалда ругониги, институтазда ратаниги, лъимал эркенаб заманалда исламияв дарсазде хьвадизаризе ккола. Гьеб гIемераб жо гуро, гьоркьохъеб школалда цIалулел лъимал, эркенаб заманалда, мажгиталде Къуръан цIалиялълъулгIаги дарсиде ритIулел ругони, гьезие гьеб захIматаб иш гуро. Динияб рахъ гьезулъ куцай кIудияб жо буго. ГьитIинго гьелда ругьунал лъималазда бичIчIула как-диналъул кIвар. Школалда ругьун гьарун ругони, лъималаз институтазде ун хадуб жидецаго гIамалги гьабула, диниял дарсалги гьоркьор риччаларо. Гьелде руссинарун ругонигигьечIониги, лъималазул гьеб цо сагIатгIанасеб заман расандунги уна. Амма хадубккун щибго исламияб лъай гьечIого шагьаралде цIализе вачIарав гIолохъанчи гIемер хIажат гьечIеб бакIазде ккола, гьалмагъзабиги гьесул живго гIадал рукIуна.

Инсан инсанлъун гьавулеб жо ккола дин, жиндилъ бугеб берцинаб тIабигIат. ТIабигIат-гIамал гьечIевги вукIа-вахъиналъулъ хIайваналда релълъаравлъун лъугьуна. Исламияб лъайги бугев, тIабигIат-гIамалги берцинав чи, кинаб махщалие цIалун, кив хIалтIулев вугониги, гьесул тIубараб вагъа-вачари, гьабулеб гIамал - гIибадатлъун букIуна.

## Аллагьас нилъехъе кьураб аманат

Лъималазе тарбия кьеялъул букIуна чанго батIияб кьагIида: хIинкъи кьей, кьаби, бокьулеб жоялдаса нахъчIвай, гурхIел гьаби, сайгъат кьей. Щивав чиясул напс букIуна батIи-батIияб. Масала, цоясул букIине бегьула хьачIлъиялдалъун гурого мутIигIлъулареб лъимер, цогидасул - тамахлъи гурого бегьулареб. Гьелъие гIоло щивав чи вукIине ккола жиндирго лъимадул психологлъун.

Лъимадуе битIараб тарбия кьеялдасан ккола: бацIцIадаб, хIалалаб гурони квен кьунгутIи. Квен бугелъулха гIамалалъул хьон. КIалъазе байбихьидал малъила Аллагь цо гьавиялъул калимаби. Лъималазда сурукъаблъун бихьизабила гIемер кIалъай ва кванай. ЦIунила квешал гьалмагъзабаздаса, кьваригIел гьечIеб жоялда гъорлъе жураялдаса, хьул лъезабила цогидасе щиб бугониги кьеялде ва цогидасухъ бугелде анищ гьабунгутIиялде.

Нилъеца лъимал жалго жидеего гIун тани, гьел телефоназдегун компьютеразде руссун чIола ва лъугьуна кIвахIалаллъун, хIалтIи гьабизе бокьулареллъу, гIадамаздехун жура-гъурай гьечIеллъун. Лъимал гьесизаризе ккола спортивиял тайпабазде, бицина лъай тIалаб гьабиялъул бугеб пайдаялъул. Лъималазухъа ккараб цо-цо гьалатI бихьичIеб ххвел гьабун тела, хасго гьез гьеб бахчизе хIаракат бахъулеб бугони. Нагагь кIиабизеги гьебго жоялде нахъвуссун ватани, балъгого гIайибчIвала, тIокIалъ гьабугейин лъазабила, цоги нухалъ гьелдего вуссун ватани, букIине кколеб гIадлуги гьабила. Амма бихьарабщинаб гIиси-бикъинаб жоялде гIайиб чIвалеллъунги рукIинаро. Гьедин ругони, лъималаз гьеб тIасамасаго тола, ай жого гуреб жойилан ракIалдеги ккун.

Кинаб бугониги махщалидеги ругьун гьарила. Гьезда малъила пакъирлъиялдаса чи цIунулеб жо махщел букIин.

Улбул рукIине ккола лъималгун жура-гъуран, хабар-кIалалда, хIалалал хIаял гьарулел.

Лъималазе лъикIалдалъун дугIа гьабила, квешалдалъун гьабизе бегьуларо. Эбел-инсуца лъималазе гьабураб дугIа кьабуллъулин бугелъул.

Лъималазе росарал сайгъатал кьолеб мехалда цин ясазе кьезе лъикIаб буго. Щайгурелъул, гьезул ракI тIеренаб ва загIипаб букIун. Аварагас абун буго: «Жиндирго ясалда адабги малъарав, гьелъие кваназе жоги кьурав, Аллагьас кьураб нигIмат гьелъиеги кьурав чиясул кваранабги квегIабги рахъалда чIола гьей яс къиямасеб кьоялъ эмен жужахIалдаса алжаналде щвезегIан», - абун.

*М. КЪУРБАНОВ*

## ЛъикIаб хъвани - лъикIаб, квешаб хъвани - квешаб

**Жакъа нилъеда гIемер рихьула эбел-инсудехун хьачIго кIалъалел, гьелгун дагIбадулел ва гьез абураб гьабуларел лъимал. Гьедин букIиналъ эбел-инсул зигараги камуларо. Жидеца малъараб гьабулеб гьечIин, гIамал мекъльун бугин кIалъала.**

Исламияб диналъ бищун кIвар кьолеб иш буго лъималазе тарбия кьей. Нилъеца гьитIинго тарбия кьун гьел куцачIони, гьезул рукIа-рахъин лъикIаб букIунареблъи хIакъаб жоги буго. Цо-цояз лъимадуе, хасго васасе, жеги гьитIинго вугинги абун, тарбия кьеялъул иш сан гьабичIого тола. Гьебин абуни ккола кIудияб гьалатI. Эбел-инсуца лъимер гьабуралдасаго тарбия кьезе байбихьизе ккола, гьитIинго рукIаго гьезул исламалде рокьи бижизабун, иман, ислам, ихIсан, гьезул рукнаби ва арканал малъун. Свалат-салам лъеяв аварагасул хIадисалда буго: «Эбел-инсуца лъималазе кьолеб бищунго кьиматаб ва багьа тIадегIанаб жо ккола битIараб тарбия», - абун. ЛъикIаб хьизан лъугьине ккани нилъ, тIоцебесеб иргаялда, битIараб тарбия кьеялда тIад хIалтIизе ккола. ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьей ккола гIумруялъул байбихьуда бищун хIажатаб ва гьечIого гIолареб жо. ТIадегIанав Аллагьас хирияб Къуръаналда абулеб буго (магIна): «Я, гьал иман лъурал гIадамал! Нужеца цIуне нужгоги нужер хьизамалги жужахIалъул цIаялдаса, гьеб цIаги – гIадамаздалъунги ганчIаздалъунги боркьулеблъун буго», - ян.

> «Эбел-инсуца лъималазе кьолеб бищунго кьиматаб ва багьа тIадегIанаб жо ккола битIараб тарбия»

Аварагасул хIадисалда буго: «Нужеца нужерго лъималазул хIурмат гьабе ва гьезие битIараб тарбия кье», - ян.

ТIадегIанав Аллагьасул Каламалдасан ва аварагасул хIадисалдасан нилъеда бичIчIула кигIан кIудияб жавабчилъи эбел-инсудаги ва гьезие тарбия-лъай кьолел мугIалимзабаздаги тIад бугебали.

Тарбия кьолев чиясе хIажалъула гьев живгоги тарбия щварав вукIин. Жинцаго гьабулареб жо малъулеб бугони, нилъеда якьинго лъала, лъималазги гьеб гьабулареблъи.

Лъималазе тарбия кьеялъул мурад ккола, гьезда исламалъул берцинлъи, ритIухълъи ва камиллъи бихьизаби ва бичIчIизаби, гьелдалъун гьезул исламалдехун бугеб рокьи цIикIкIине букIине. Лъималазул мисал бацIцIадаб тIанчил мисал буго, гьениб хьвараб гурони батизе гьечIо. ЛъикIаб хьвани - лъикIаб ва квешаб хьвани - квешаб.

Нилъеда бихьулеб буго тарбия инсанасе чара гьечIого хIажалъулеб жо букIин. Тарбия кьеялъ лъимер ругьун гьабула гIадамазда гьорлъ берцинго хьвада-чIвадизе. Гьединго, тарбия щваразда лъала чIахIиязул адаб гьабизе. Амма лъималазе тарбия кьолел эбел-эменги рукIине ккола гьезие сундулъго мисалияллъун.

*МухтарахIмад МУХIАМАДОВ*

# Къо ккаралъуй ятулей

**ХIикматаб хасияталъул гIадан йикIана дир эбелалъул эбел Аминат (Аминаййо). Гьелъул йикIанаункъо яц. Къисматалъ ракь-ракьалде рикьана гьел: Аминат ва Узлипат – БежтIе, цояй яц – Кьадалие, цогидай – ХашархотIе ва щуабилей – ЦIоралде. Аминаййол гIумру ана «Ашкуваъ» абулеб колода.**

**Дагъалъ цее зигараялъе араб бакIалда дандчIварай цо гIаданалъ дир эбелалда гьикъана, мун Хизрил ясищ кколейилан абун. Уйилан абидал, гьелъ гьадин бицана: «Цебегоялдаса нахъе бокьун букIана мун йихьизе. ГьитIинаб заманалда дур эбел Аминатица дие гьабураб лъикIлъи киданиги кIочонаро. Эбел-эменги бетIербахъиялъе Гуржиялъе ун, дун тун йикIана Аминаййода аскIой. ГьелъухI йикIаго гурони, лъимерлъиялъул заманалда чехьго гIорцIичIо дир», - ан. Гьей йигоан Гуржиялъул Тиви росулъ гIумру гьабурай ва гьанже Гъизляр районалъул «Вперед» совхозалъул ракьалде гочарай ракьцояй.**



Аминаййо - кодоа васасул васгун

### Лъималазул эмен туснахъ гьавуна

Аминаййол букIана анлъго лъимер: лъабго васги лъабго ясги. Рагъул соназда туснахъалде витIана гьелъул бетIергьанчи Хизри. Бищун кIудияв вас МухIамад вукIана рагъда. Хизри вукIана колхозалъул хъаравуллъун. Гьев туснахъалде тIамиялъул хIакъалъулъ бицунаан росуцояй Гъайирбегова ПатIиматица. «Дун колодаса росулъе ячIараб мехалда росдал советалъул контораялда рукIарал бакIалъул хIакимзабаз дида гьикъана, Хизри щиб гьабулев вугилан. Дицаги бицана, ихдал бекьизе тараб колхозалъул картошка, цIорозе гурин абун, гвандинисаги бахъун, фермаялъул бокьобго цIияб гвендги бухъун, гьенибе балев вихьанин абун. Щаялиго, гьел цоцахъ ралагьана ва рокьукъго релъанхъана. Заман гьоркьоб иналде Хизри жанив тIамун вугин рагIана дида», - ян абулаан гьелъ.

Хизри вукIана ресалда вугев чи. Рагъул соназда халкъалда тIад лъураб магъало кьун хадубги хьизам хьихьизе жо камун вукIунароан гьев. Лъан букIахъе, дол соназда кьварараб низам гьабулеб букIана жамгIияб мулкалде квер бегьарав чиясе. Гьединлъидал, Хизрие хIинкъиги кьун, гьесухъа жидеего чахъу-куй бахъизе хьул лъун буго росдал нухмалъулезул. Колоде ун руго гьел ва, колхозалъул картошка гьаниса добехун балаго, дуего босичIого чIун ватулаго мунанги абун, тIалаб гьабун буго бищун кьарияб куй хъвеян абун. Хизри разилъун гьечIо ва гьеб бугьтан сабаблъун, дир кIудияв эмен вачун тIамуна туснахъалде.

Дир эбелалъ гьебмехалда бан букIана бащдаб лъагIел. «Дир кIудияй яц ПатIимат унеб йикIун йиго инсуе квенги босун, росдал советалъул туснахърокъов гьев вугеб мехалда. Гордухъан къватIибе бегьараб кверги дир ботIрода бахъун, инсуца абулеб букIанила, дир лъикIлъи щвеладай дуе, дир ясан абун. Гьенисан эмен эхеве вачун ана ва тIокIалъ росулъе тIадвуссинчIо», - ян ракIалде щвезабула гьелъ.

Туснахъалда рос, рагъда вас ва рукъ цIурал лъимал… Чанги къо бихьун батила дир кIудияй эбелалда гьеб заманалда. Жиндир хъизамалда цадахъго гьелъ хьихьун йикIана бусаде ккарай росасул яц Муъминатги бетIербахъизеян Гуржиялъеги ун, гьенир эбел-эменги хун, бесдаллъуда хутIарай Хизрил вац МухIамадил яс ПатIиматги.



БежтIадерил росу

ПатIиматги дир эбелги тIолабго гIумруялъ кирго рукIунаан цадахъ. Рохьоб батараб цо гиригарацин бащад гьабулаанила жидецаян бицу-наан гьез нижее. Гьезда цадахъ кив-го вукIунаан вацазда гьоркьов бищун гьитIинав МухIамадхIажиявги. «ГIисинчагIи рукIаниги, вацасги нижецаги тIалаб гьабулаан гIибоцIул. Цо къоялъ, боцIул тIалабалда рукIаго, нижеда бихьана рехьалъе цIиял чахъаби рачIун. Ниж ахIдана вацасде, балагье, нилъер рехъен гIемерлъулеб бугоян рохелги бицун. Вац векерана аскIове ва ахIи-хIур бахъинабизе лъугьана. Нижеца чахъабиян тарал жал рукIун руго рехъен талавур гьабулел бацIал», - ан бицана эбелалъ.

Хириб заманалда рукIарал лъимал… ги, берцин мацI бицаниги, чу цебехунго унеб букIун гьечIо. Гьаб щиб гIаламатан, бецIлъухъ цеехун ялагьарай гьалда бихьун буго залимаб, габур хъахIаб ци. Гьелъукьа хIинкъун, чу бильъуне гьечIеблъи бичIчIун буго. «Йиччай дун, нух кье дие», - ян гаргадизе байбихьун буго гьалъ циялда. Долъги дандe жавабалъе гьаракь гьабун буго. «Нахъе а, дуе зарал гьабуларо дица, ярагъги гьечIо дихь», - ан абун буго Аминаййоца нахъеги. Нахъеги рази гьечIеб сас гьабун буго циялъ. Гьебмехалда Аминаййоца абун буго: «Дун йиго чIужугIадан, лъималазул эбел. Дуе зарал гьабулей гIадан гуро дун, йиччай дирго лъималазухъе», - ян. Гьебмехалда ци эхетанила нахъисел квачIазда ва рахъ-рахъалде хьвагIезе лъугьанила, дунги эбел кколин абулеб гIадин, ва цо кIудияб гьаракьги биччан, кIкIалал цояб рахъалдехун бекеранила. Гьеб паралъго, цIал кьабизегIанцин чIечIого, бекеранила чуги. Эхедераялда ине



Аминаййоца хьихьарай ПатIиматги ГIайшатги

### Цидулгун дандчIвай

Аминаййо йикIана хIинкъи-къай лъаларей гIадан. Гьелъул хIакъалъулъ бицецал хутIун руго росулъ. Цо нухалда гьей ун йиго колодаса росулъе – зигараялъе. Рокъор тун руго лъимал. Рагъул соназда рохьабазда рахчарал хъачагъал камулароан ва гьез гIемер заралги гьабулаан кулабахъ хутIарал гIадамазе. Лъималазе бугеб хIинкъиги бичIчIун, Аминаййо маркIачIул гIужалда, чодаги рекIун, тIадюссуней йикIун йиго колоде. Ашкуваъ кIкIалахъан яхунаго, гьелъул чу нахъе-нахъе къазе лъугьун буго. ЦIал кьабуникколеб гьеб, цо лъалхъичIого, щванила рукъалъул кIалтIе.

Дида макьилъ гIадин цеетIамула Аминаййо. Гьей хвана дица ункъо-щуго сон бараб мехалда. Гьелдаса нахъе гIемераб лъим чвахана ХъазангIурухъан Каспий ралъдахъе, амма росуцоязда ва гIагарлъиялда гьей жеги кIочонаро. Бицуна гьелъул бахIарчилъиялъул, сахаватлъиялъул, гIадан хиралъиялъул ва бокьараб иш гьабизе букIараб бажариялъул хIакъалъулъ. Росуцоязе лъикIай йикIана гьей – Аллагьасда цее лъикIал муъминзабазул кьеразулъе ккун ятаги.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Заманаялъул матIу

## Щиб хъвалеб букIараб магIарул газеталъ 89 соналъ цебе

### Политшколалде вачIунарев комсомол вукIине бегьуларо

Унсоколо районалъул Балахъуниса цо член комсомол АхIмад-МухIамад кигIан гIемераб абуниги я политшколалде, ялъуни комсомолазул собраниялде вачIунаро. Комсомол гIуцIиялъ АхIмадие бичIчIи кьезе ккела.

*Мухбир.*
*№34. 10 апрель.*

### Хьаргаби электростанция бан лъугIизабизе 5 миллон гъурущ биччан буго

27 апрелалда ккана ДАССРалъул Совнаркомалъул председатель гьал. Мамедбековасул председательлъиялда гьоркь ДАССРалъул Совнаркомалъул иргадулаб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун букIана Хьаргаби гьабулеб бугеб лъел электростанция лъугIизабиялъе гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ бугеб масъала.

*№42. 8 май.*

### Мисалияй культармейка

ГIахьвахъ районалъул КIаратIаса Мирзабегова Валибикаца, Дагъисталъулго гIолил ясазулго 1-аб. съездалдаса нахъе юссун хадуб стахановлъиялъул къагIидаялда руччабазда гьоркьоб хIалтIи гьабулеб буго. Гьалмагъ Валибика ГIахьвахъ райком комсомолалъ культармейкалъун тIамун йикIана. Партиялъги хIукуматалъги жинда цебе лъун бугеб кIудияб ва кIвар бугеб масъалаялда тIад гьабулеб хIалтIи гьалмагъ Валибикаца комсомол хIаракатчилъиялдалъун нухда лъуна.

Жинда цере цIалулел рукIарал 35 ясалда гьоркьоса гьанжеялде 2-3 моцIалъ цебе 4 гIадан гурони дагь лъалеллъун рукIинчIеб бакIалда жакъа балагьани 30-гIан йиго дагьлъалеллъун гьарун ва 5 гIадан лъалеллъунги гьарун. Амма гьанжеги гьалъ рагIиги кьолеб буго 30-ялдаги тIубан хъвазе-цIализе лъазе гьабизе. Гьелдаса мисал босе нахъидалги гIолил ясазги.

ГIахьвахъ РК ВЛКСМалъул секретарь ГIабдулатIипов.

*№56. 28 июнь.*

### Рамазановас школьник хвалдаса хвасар гьавуна

Лаваша районалъул Гьоркьа ЧIугIли школалъул цIалдохъан Мамаев ГьитIиномухIума гьаб соналъул 18 июналда кутакаб цIад бан бачIараб ихица, хадур рахъарал чагIаздаги кквезе кIвечIого, восун унев вукIана. Гьалмагъ Рамазанов Зубаир кIанцIун ихилъегун бахIарчияб гьунаралдалъун школьникасул рухI хвасар гьабуна, гьесие киназго баркала кьуна.

*Дадаев Ш.*
*№61. 3 июль.*

### Ясазул кечI ахIулеб кружок

Лаваша районалъул КъулецIма росулъ избачитальнялъул зав. ГIабдулаевасул хIаракаталдалъун ясазул кечI ахIулеб кружок гIуцIун буго. Гьеб кружокалда гIахьаллъи гьабулей 29 яс йиго. Кружокалъ занятие гьабула моцIида жаниб 4 нухалъ. ЦIиял, батIи-батIиял макънал, кучIдул ва хасго революционниял кучIдул лъазари буго кружокалда гIахьаллъи гьабулез жидедаго цебе лъураб масъала. Свак тун кружокалъе жинца нух бихьизабулев, скрипка хъваялъе ва кечI ахIиялъе цIикIкIараб гьунар жиндир бугев ГIалиев ХIайбула вуго гьелъул руководитель. Кружоказда гIахьаллъи гьабулезда гьоркьой бищунго лъикIай хIаракатчIужу, кечI ахIизе лъикIаб гьунар жиндир бугей ва цоги ясазеги мисал жинца бихьизабулей ГIалиева Гьумай йиго.

Араб соналдаги гьаб кружокалъ кечI ахIиялъул рахъалдасан районалда тIоцебесеб бакI ккуна, исанаги гьебго бакI кквей мурадалда къеркьолел руго.

*Ш. Дадаев.*
*№61. 3 июнь.*

### Комсорг лъикIав вугони, хIалтIиги лъикIаб ккола

ЦIунтIа районалъул Кидириб росдал гьалмагъ Сталинил цIаралда бугеб колхозалда цебе гIуцIун бугеб комсомолазул байбихьул гIуцIи гьалмагъ МухIамадханов организаторлъун ккаралдаса лъикI хIалтIизе байбихьана.

Цебехун 7 чи гурони жанив гьечIеб гIуцIи букIараб батани, жакъа вуго 17 чи. Гьелдасан цониги йикIинчIей лъабго яс тIадеги йосана, 4 яс, 4 вас - 8 чи росизе хIадур гьаруралги руго.

Коммунистияб тарбия кьеялъул хIалтIи нахъаса кьотIичIого бильлъанхъизабизе рагьарал политшколал руго. Живго организатор-пропагандистлъун вукIун комсомолал гурелги, беспартийни гIолохъабиги гьорлъе цIан руго. Пионеразул гIуцIаби хасал нухмалъизе комсомолалги тIамун лъикIаб сураталда куцалел руго. Гьединал лъикIал хIалтIухъабаздалъун райком комсомолалъ Кидириб комсомол-гIуцIиялъе БагIараб Байрахъ кьуна. Гьал хIалтIабазда чIечIого тIадеги цIикIкIарал бергьенлъаби росизе ниж хIадуралги руго.

*№68. 8 июль.*

### Избачитальни къан буго

КъахIиб районалъул Бакълъухъ росулъ избачитальни рагьун лъикIалан мех бугониги, избачалдаса рекъарухъабаца пайда боси цо расниги гьечIо. Избачитальниялъул завлъун вукIарав Шарапудин ИсхIакъица избачалъул 120 гъурущ гIарац киб арабали лъачIогун тIагIине гьаби гуреб цониги кьоялъ избачитальни рагьичIо. Гьелдаса хадув зав. избачлъун тарав ДибирхIажи Дибирицаги дагьабги щула гьабун къан гуреб рагьиялъул хабар избачалда рагIизего течIелъул, член партиги вугелъул гьасниги избач избач гIадин хIалтIизе гьабилилан ХIадисил МухIамад тIамун вукIана завлъун. Амма гьав цIакъго избачалда гурхIарав ватана, гьас тIубанго кьижун букIаян тун буго. Кинав зав. вачIаниги, моцIрол ахиралда харж боси гуреб хIалтIи гьабулев чиго данде чIваларев кигIан талихI къараб избач ва гьаб хIал избачалъул бугониги бихьулареб ОНОги бецIлъунищ бугеб.

*Ручка.*
*№68, 26 июль.*

### Бакълъухъ советалъул хIалтIи цебетIолеб буго

КъахIиб районалъул Бакълъухъ Советалъул хIалтIи, май моцIалдаса байбихьун гIемерго цебетIолеб буго. Сельсоудалъе, избачитальниялъе ва кооперативалъеги цIиял рукъзал рана.

ЖамагIаталда гьоркьоб халкъияб хIалтIи гьабиялдалъун 210 цIараки бугеб росулъ 5850 гъурущалде заемал хъвана. Росулъе 202 «МагIарул большевик», 23 «Канлъи» газет бачIунеб буго. Гьел газетал камичIого ва кватIизе течIого абуначагIазухъе щвезарула. ЦIидасан гьарун ва цIадал-ихаз хвезарурал бакIаздасан ремонт гьабун Бакълъухъе, ЗанатIе ва ТIаса Бакълъухъе ругел нухал, кьоял гIатIид гьарун къачIана. Росдал избачалда кинаб бокьаниги тIехь ва газеталги чIезарун руго.

*М.И. Будун.*
*№75. 18 август.*


Maharul BOLŞEVIK
GOCARUXABAZE CIRJURT SOVETAL KUMAK HABULEB HEÇO
Nuxal harijalul staxanovsazul kiabileb sljotalde
Tolgo Daqistanal,ul nuxazul haltuxabazul kiabileb sjezdalda
Daqistanale hurmatijab baharab bajrax
BATIJAL PACALIXAZDA
Sovet sojuzalul haqalul Xatal lazabi
RASA DESTASA VA RASA IMR ITALIJAZDE DANDE ÇÇEJ H HUZZULEB BUGO.
Kitajalda Japonijalda dande ççarab baqabasari

### ГIахьвахъ районалъул центр КIаратIе бахъун буго

ГIахьвахъ районалъул центр КIаратIа росулъе бахъизе хIукмуги гьабун, киналго районалъул учреждениязби гьенире гочун лъугIунги руго. Ва амма щибго планги гьечIого ва цебехун хIадурлъиго гьабичIого гочине гьабиялъ киналго учреждениязби тIатIала бан хIалкъан гьабизе жоги лъаларого, хъулухъчагIазени киса гурин кансиларазеги рукъзалги щоларого руго. КIаратIе гочине тIадехунисел органаз директивги къваригIунеб средствоги кьун 2-3 моцI баниги гьабун лъугьараб шибниги хIалтIи гьечIо, учреждениязбиги хIалтIиги гьечIогун руго, хъулухъчагIазги гIадада хьвадун заман инабулеб буго.

*Мухбир.*
*№80. 2 сентябрь.*

### Гьорол зарал

Гьаб соналъул 28-30 июлалда бахъараб гьуриялъ Гъазибег районалъул Хубар росдал «Карл Маркс» колхозалъул хасалихъе 40 гектаралда бекьараб ролъул 50 процент гурого тIад тIор хутIичIого гьинабуна. Цогидал рекьарал тIощалабиги цIеца бухIараб гIадин хвезабун буго. Зарал ккаразе хехаб кумек гьабизе ккела.

*Халикъ Гереев*
*№83. 10 сентябрь.*

### Шаури цIияб клуб

ЦIунтIа районалъул центр Шаури цIияб, кIудияб клуб бан тIубазабуна. Районалъулго колхозниказ, хасго Шаури росдал колхозниказги активияб гIахьаллъи гьабураб гьаб кIудияб хIалтIи ЦIунтIа районалъул захIматчагIазе цIикIкIараб асар гьабураб, нахъидал халкъияв ишазулъги жиндалъун мисал босулеб хIалтIилъун лъугьана. Гьеб клуб бихьизе росабалъа чIахIиял, гIисинал гIадамал рачIунел руго. Клубалъе къваригIунеб къайи босизе 200 гъурщил заказ кьун буго. МагIарул районазда жанибго бищун лъикIал клубазул цояблъун Шаури клубги букIине буго.

*Инструктор РИК МуртазагIалиев*
*№84. 14 сентябрь.*

### ЛъаратIа районалдаса лъабго делегатка

Дагъистаналъул Ленинилаб комсомолалъул 14 конференциялда Лъа-ратIа районалдаса 3 лъикIай комсомолка – делегатал рачIана.

МухIамадова ПатIимат, цIияй, 1936 соналдаса комсомолка (ЛъаратIа районалъул ЧIилдаса) исаналъагIан комсомолалде лъугьинчIого кин хутIарай абураб мехалъ ПатIиматица бицунеб буго ЛъаратIа районалда собраниябазде, политкружоказде хьвадулел ясал берцин рихьанила, гьелдальун дунги гьезда цадахъ хьваданила, комсомолалде йосеян гIарза кьунила.

Гьел церего хьвадулел рукIаралани цеегосей комсомолка дун йикIинаанила. Гьеб дир гIарза первичнияб гIуцIиялъ къабулги гьабун райком комсомолалде кьуна. Гьей лъикI хIалтIулей активистка йикIиналдалъун ЛъаратIа райком комсомолалъул бюроялъ членлъун тасдикъ гьаюн йиго. Первичнияб гIуцIиялда цIияб рищи ва хIисабкьеялъул собрание нухтIа регIулаго ПатIимат райконференциялде делегатлъун йищана ва райконференциялъ Дагъистаналъул 14 аб. конференциялдеги йищана. ПатIиматги знатный делегатка йиго. Конференциялда кинаб мацIалъ кIалъай гьабулеб бугониги, гьелда гьеб бичIчIула, щайгурелъул гьелда 7 батIияб мацI (гьазигъумекдерил, гуржиязул, турк, лъарагI, гIурус, бежтIадерил ва магIарулги) лъала.

КIиабилей – Хадижат ГIолохъанова ГIакъвариса комсомолка, лъабабилей ГIашура МухIамадова 17 сон барай Хадиял советалъул Къардиса, 1936 соналдаса нахъе комсомолка.

*№15. 15 февраль.*

# Улбул, парахат кьижа!



Гьал къоязда ГIурус театралда бихьизабуна Расул ХIамзатовасул «ЦIуне улбул» абураб асаралъул кьучIалда гIуцIараб спектакль. Гьелдалъун рагьана Балеталъул ва операялъул театралъ жиндирго иргадулаб сезон.

- Эбелалъул кечI. ГIумруялъулго аслу. Гьеб кечIалъ гъола нилъер къисматалда куркьбал. Жибго кочIолги руго куркьби. Свакан буго эбелалъул кечI. Жиндирго магIица бакI гьарурал куркьби загIипго хьвагIулел руго эбелалъ цо лахIзаталъ. Кьурдабазул мацIги пашманаб буго. Улбузул хъахIабги чIегIерабги кIазазул дандчIвай. КIиго кьералъул къеркьей. Улбул, парахат кьижа. ЦIуне лъимал. Къункърабазде сверарал васазул ахIи. Хунзахъ тIобитIараб тадбиралдаги гIахьаллъарав театралъул артист Б. ГIабасовас гьаб нухалдаги цIидасанги рачана хъахIал къункърабазул сариназухъе - гьадинаб букIана спектаклялъул аслияб магIнаги кIварги.

Гьале сценаялда – Дагъистаналъул Халкъияв артист, инсул роль хIалев вукIарав ГIабдула МухIамадмирзоев. ШагIирасул кочIодалъун гьес жиндирго васасда малъулеб буго эбел цIунейилан. Эбелалъул роль хIарай Дагъистаналъул халкъияй артистка Жамиля ХIамзатовалъул цееяхъиналъ гIемерисел руччабазул бадиб магIу хулизабуна. Спектаклялде ахIаразда гьоркьор рукIана СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамалги.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# Эбелалъ дир кинидахъ кучIдул ахIичIелани...

**ШагIирасе гIумруялъул аваллъунги ахирлъунги йикIана эбел. Эбелалъул кинидахъ кучIдуз нухарегIана гьев шигIрабазул тIогьазде.**

**Гьаб моцIалъул ахирисеб гьатIанкъо ккола Эбелалъул байрам.**

**Гъокьехун кьолел руго нилъеда киназдаго лъалел, гIенекканагIан гIенеккизе рокьулел шагIирас эбелалде хъварал кучIдул.**

## Эбелалде

Эбел, кIочонаро гьитIинаб мехалъ,
Дун къватIахъ ккватIигун, кидаго дуца
ГортIа лъун толаан бакараб чирахъ
Ва кьирун толаан, къачIого, каву.

ВачIунаан рокъой, кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца гIодобе чирахъ.
Ялагьулаан мун къан бугищ нуцIа,
Къулулаан тIаде сордо лъикI, васин.

Сонал ана… гортIа чирахъ кенчIана,
Дур васаз иргадал росу нахъ тана.
КвегIаб берзул магIу кваранаб кведалъ
КигIан гIемер балъго дуца бацIцIараб.

МугIрузда сверана сурмиял накIкIал,
РакI бекун, пирхана мех-мехалъ пири.
Цоял васал ана руссунарелъуй,
Цогиял кватIана духъе руссине.

Эбел, дир соназул гьал сверабазда
Дида росуцояз бицунеб буго:
Дуца рогьинегIан, гIагараб гортIа
ГIодой кьурулалин бакараб чирахъ.

Дуца гьанжелъигIан бакун тун бугин,
КъачIого, каваби васас рагьизе;
Мун ялагьун йигин кватIарал лъимал
Кидадай руссина жидерго гьасде.

Дир хирияй эбел, ана дир ихал,
Нухаз, рахсаз гIадин, вухь-вухьана дун.
Ана гIолохъанлъи митингазда дир,
Хъуй-гьура гIемерал, пикраби дагьал.

Черхалдаса бетIер батIалъунищан,-
Гьеб квераца ккун, ватула гьанже.
Дирго сураталде тIадеги къулун,
Кьойил, тушман гIадин, вагьула гьебгун.

Дица балъго, эбел, кваранаб кведалъ
КвегIаб берзул магIу бацIцIуна сардилъ.
Дун вачIина духъе, вачIина духъе,
Чирахъ гIодой кьурун, кьижа, дир мискин.

Щвела дун росулъе, щвела рокъове,
Кьирун тараб каву къай, дир хирияй.
Кида гьеб букIинеб – кватIизе гьечIо,
Каранада ракI лъурай, сордо лъикI, эбел.

## Эбел

Испанияз - мадре, гIурусаз - мама,
Ингилисаз - мазе, нилъеца – эбел,
Азарго мацIалда гьеб къокъаб рагIи
РагIула ахIулеб цого бухIиялъ.



Абула унтулез, рортун унеца,
Эбелалъ рачIун жал ккевелел кинигин.
Абула чвахулеб гIоралъ росулез,
ТIаса лъугьайилан гьарулеб гIадин.

РорчIигун, лъималаз ахIулеб буго,
ЗахIматчияс макьилъ щурулеб буго,
ЦIадулъан магIулъун беролеб буго,
МагIил гаралъ цIалъун кенчIелеб буго.

Кверазул рахарал рахсазул гьаркьаз
Гьеб цIар туснахъ рокъоб такрар гьабула.
Гуллица борлъараб керемалда тIад,
Кверги лъун, холелъул, гьеб цIар ахIула.

ГьотIода рещтIараб тIинчIаб милъиршо,
Мун эбелин гурищ ахIделеб бугеб?
Рохьазда женжелеб, лъукъараб чан, мун,
Дуй гIумру кьуралъухъ гурищ гIодулеб?

ГанчIазда гьоркь бугеб иццухъ гIенеккун,
Эбелан угьдилеб рагIулеб буго.
Зодосан бараб цIад, гIодой щварабго,
Гьебго рагIи абун, уна ракьулъе.

ЦIамхIалаб магIица, бухIараб биялъ,
РахIат гьечIеб ракIалъ, кинабго черхалъ
Дицаги кидаго, киве щваниги,
Щурула, ахIула эбел, эбелан.

ТIаса лъугьайилан, ургъел ккогеян,
Кинабго лъикI бугин абулеб буго.
Испанияз – мадре, гIурусаз – мама,
Ингилисаз – мазе, нилъеца - эбел,-
Азарго мацIалда цого бухIиялъ
АхIула къадрууб гьеб къокъаб рагIи.

***

Эбел чIагого ругел,
РачIунге дида аскIой –
БичIчIиларо нужеда
Дир бухIиги дир хIалги.

Гьелда гIайибго гьечIо,
Эбел йигеб мехалда,
Эбел йикIунарейин
РакIалдецин кколаро.

Эбел чIагого ругел,
Гьари буго нужеде -
Гьей цIуне кинабгIаги
Квешаб хабаралдаса.

ЦIуне ургъелаздаса,
ЦIуне унтиялдаса,
ЦIуне хирияй эбел
Хвалдаса, хIалкIун, васал.

Эбел чIагого ругел,
Кини кIикIулеб мехалъ,
Керен бикIулеб бакъан
РагIулеб бугин ккола.

РекIелъ кIетIолеб буго
Кинабго гьаб гIумруялъ
ГIагарай эбелалъул
Васан ахIулеб гьаракь.

Эбел чIагого гьечIел,
РачIа дида аскIоре –
Ургъелги къварилъиги
КъулчIилин бащад гьабун.

## Эбелалде

ГьитIинав вукIана чанкIкIарав дур вас,
Духъ гIенеккуларев, щиб абуниги.
Гьанже дукьа гIадин, дуниялалда
Дун, кIудияв гIурав, хIинкъулев гьечIо.

Нилъ кIиялго аскIор хутIараб мехалъ,
Хабар-жо гьечIого, мун чIарай мехалъ,
Гьел дур хIурматиял кверазде къулун,
Къварилъула дир ракI, херлъарай эбел.

Къварилъула дир ракI, гIумру анагIан –
ГIайибал цIикIкIана дуда цере дир;
Къварилъула дир ракI, дунял лъанагIан –
Замана дагьлъана, дуе кьолеб дир.

Дун сапаралдаса вуссанцинахъе,
Духъ валагьун, дица хIисаб гьабула.
«Дуда эбел кIочон толей гьечIищан
Гьел дур бераз дида гьикъулеб бугин».

Дица, вуцIцIухIун чIун жаваб гьабула,
ГьечIин, эбел, гьечIин кидаго гьечIин…
БотIрол рас хъахIлъулеб гьаб дур лъимаца
Гьедин абулебльи дуда лъаладай.

# ХъахIаб расалъ нилъеда мусруялъул бицуна



**Абу ГIабдуллагь Жафар Рудаки, ичIабилеб гIасруялъул тажиказулгун персазул шагIир**

* * *
Дуца хIалихьатав чи гIагарде къазавуна,
ХIамаги вараниги батIабахъизе лъачIо.
* * *
Вай, гьаб дуниялалда квешлъиялъул гIемерлъи,
Рохелгун балагь гьаниб цолъун буго бащадго.
* * *
Чи тIадегIанлъулеб жо - рухIияб тIадегIанлъи,
Лъоларо памятникги - пачалъун вахъаниги.
* * *
ГIакълу бугезул къисмат
ритIухълъи гьечIеб буго,
Гьединлъидал, дир гьудул,
захIмат баччун хIалтIе мун.
Босе - амма кьезеги бокьизе ккола дуе,
БакIаре - сахаватго бикье цогидазеги.
* * *
КвекIеназдаса хIинкъун,
мун къварилъуге, инсан,
Хасел ун, баракатаб бачIунин дуе рии.
* * *
ЛъикIлъи хехго кIочона,
квешлъи рекIелъ хутIула,
Зазил пикру гьабуге, гьуинаб пихъ кунаго.
* * *
Рузалги роржана роцIараб къоялъ
Къункърабазда цадахъ тIадгъаваялде,
Беццлъун рузал гьале ракьалде рортун,
ГIодор тункун, жидер куркьбалги рекун.



**Абул-Къасим Фирдоуси, анцIабилеб гIасруялъул иранazул шагIир**

* * *
Дуда ратIараб лъикIаб гIадамаздаги бице,
ГIелму-лъаялъул цIех-рех гьабиялде машгъуллъе.
РагIабазул гъветIалъул гIаркьелал лъанин абун,
Гьелъул кьалбазулъ бугеб загьирлъуларо дуе.
* * *
КIочон теялъул хIуралъ бацула кинабгоги,
Амма гьеб къануналъе къуркьуларо кIиго жо -
БахIарчиясул ишги, гIакъиласул рагIиги
ГIасрабаца хутIула, хвел гьечIеллъун лъугьуна.
* * *
ГIакъиллъиялъул чирахъ рекIелъ рекIун бугесда
КIоларо гьаб ракьалда квешал ишал гьаризе.
* * *
ТалихI нусабго соналъ дида хьолбохъ чIаниги,
Дуниялалъ жиндирго пикру загьир гьабула.
* * *
Сундалъун батIалъулеб зобалазул цIоб ва ццин?
Кье, гIакъилал гIадамал, дир суалалъе жаваб.



**ГIумар ХIайям, анцIила цоабилеб гIасруялъул персазулгун тажиказул шагIир**

* * *
Дица малъила дуда лъиего вокьулеб куц,
ДандчIванщинав чиясда гьимун кIалъай кидаго.
ЖугьутIал, насраниял ва диналъул вацалги
Дуца рецце, гьездасан рецц дуе насиблъила.
* * *
Анищал – гьел руго гьадингоял жал,
ГьечIо дунялалда гьезий чIезе бакI.
БухIараб риидал гIазу баниги,
Бакъул чIор речIчIидал, риун уна гьел.
* * *
ГIакълуялъул чиллайдул чадир букъулев устар,
Тохлъукьего бецIлъулъе
вортулевлъи лъай, ГIумар.
РакIалдаго гьечIого, тIун ина тIеренаб кун,
Дур гIумруги лъугьина шагьидул багьаяблъун.
* * *
ГIакъиласдалъикIлъалахIикматбукIунареблъи,
Анкьго гурин, микьго зоб бугин дагIбадуларо.
Дур гьеб гьалдолеб гIакълу
кида-къадги ссунелъул,
БатIалъи щиб цIунцIраялъ я бацIица чIваниги!
* * *
ГIодуге – гьечIин дуе тIаса бищизе изну,
ГIоде яги гIодуге – хвезе рижун ругин нилъ.
ГIакъилал нилъер бутIрул
ракьлъун лъугьараб мехалъ,
ЩагIихьанас хIатIаз гьеб мерхьунеб къо бачIина.



**МухIаммад ибн ГIали ибн МухIаммад ибн аль-ХIасан Самаркъанди, анцIила кIиабилеб гIасруялъул персазул шагIир**

* * *
Жиндир гIолиллъул къоял рокьуе кьечIев чияс,
Щибго пайда гьечIого, анин тезе ккела гьел.
* * *
Сурилин хIинкъичIого, хIалихьалъи гьабуни,
РакIалда гьечIелъусан бачIуна гьесде балагь.
* * *
ГъалбацIалъ кIал жиридал, гьимулеб бугилан тун,
Дур ккараб гъалатIалъухъ
рецIел цIикIкIун бахъула.
* * *
Загьруялде дандечIолеб дару цIикIкIун кканани,
Загьруялъулалдаса цIикIкIуна гьелъул зарал.



**АвхIад ад-Дин Анвари, анцIила кIиабилеб гIасруялъул персазул шагIир**

* * *
Гьале дуе кIиго иш – цоябгIаги гьабуни,
Гьал гIадамазда гьоркьоб
машгъурлъи насиблъила:
Дудаго лъалеб дуца цогидазеги бикье,
Дудаго лъаларебги цогидаздаса босе.
* * *
Пикру ккола чиясе чIагоябщиналъул таж,
РекIел бацIцIалъи буго гьесул гIумруялъул тах.



**Низами Гянджеви, анцIила кIиабилеб гIасруялъул персазул шагIир**

* * *
Хвел-хобалъул нилъеца цIикIкIун пикру гьабуни,
ГIумрудул бецIаб рохьоб
канлъи нилъей лъугьуна.
* * *
«Нусил» тарихалъ хадуб «цойил» тарих цIалебха,
Амма «цойилалде» гьеб гьетIуларо кидаго.
* * *
Мугь ракьулъ хвечIонани,
ТIирщ тIаде баккуларо.



**МуслихIуддин СагIади, анцIила лъабабилеб гIасруялъул персазул шагIир**

* * *
ЦIакъ цIодорго вукIа, цIуне дур гьава,
Гьардухъ иналде мун ккезавулин гьелъ.
* * *
Пилалдаса бакIаб букIуна гарцIги,
Пакъираб цIунцIра гьелъ чIинтIулеб мехалъ.
* * *
ГIодоре къулун рукIин –
гIакъилзабаз ккураб нух,
ГIаркьелалги къулула,
тIад пихъ бакIлъараб мехалъ.
* * *
РекIелъ квешлъи гьечIей лъади йигев мискинчи
Кутакав пачаясда бащадавлъун лъугьуна.
* * *
Цин мун Инсанлъун вукIа
пикрабазулъ, ишазулъ,
Малаиказул куркьбал анищан угьде цинги.
* * *
Бергьенлъидул кIул духъа билун бугеб мехалда,
Дур кверазда кIоларо гьелъул нуцIа бекизе.
* * *
Жив щив вугевали лъала щивав чиясда,
Жиндирго гьвелъи гьесда чIвазе кIвараб мехалда.
* * *
ГIабдаласе лъикIаб жо вуцIцIухIун чIей бугоан –
Гьеб лъалебани, гьев чи гIантав вукIинароан.
* * *
ХъахIаб расалъ нилъеда мусруялъул бицуна,
Гьодилъа къулиялъги лахIтуялъул бицуна.
* * *
Дун хвараб мехалъ табут борхатаб бакIалда лъе,
Доб дир ватIаналдаса гьури гьелде гьулчизе.
* * *
БецIаб сардилъ унаго, нух къосун хутIун вуго,
БецIлъиялъулъан кунчIе, нух бихьизабулеб цIва.
* * *
ЛъикIав бихьинчиясул квешай лъади йигони,
Гьаб дуниял гьесие жужахIалде сверула.
* * *
Дуниял берцинлъулеб дур гьайбатлъи гьечIони,
Сордолъун лъугьуна дий,
гвангъараб бакъул къоги.
Гьеб дур рокьул камиллъи
щвалде щвараб гьечIони,
ХIедучирахъ кинигин, виун ина, гьудул, дун.
* * *
Щайзе дуца абулеб рокьи рогьоб бугилан,
Гьеб рогьоб сабаблъунин дие
машгъурлъи щвараб?
Щайзе дуца гьикъулеб машгъурлъи
щиб жойилан,
Машгъурлъи сабаблъунин
дун намуслъулев вугев?
* * *
БулбулхIинчI, рохел бице, их бачIунеб бугилан,
Квешаб хабар бахчун те, рузихъе босун ине.
* * *
Дуца гьикъулеб гьечIо щиб хIал дур бугебилан,
Лъалеб гьечIо мун сундул пикрабалъ йигеяли.
Дун унтун вукIин дуе загьирлъулеб гьечIодай,
Дие дару гьабизе бокьизехъин гьечIодай?
* * *
БагIараб роза гIадаб гьурмахъ валагьун чIана,
Сардил бецIлъиялъулъцин,
чирахъ гIадин, гвангъулеб.
Нилъ ратIалъун ругони, щибдай дица гьабилеб,
Йихьулей гьечIониги, даим берзукь хутIулин?
* * *
Дица абулеб буго, гьадин дун гIодунилан,
Гьелъул ракI хIеккинарин, гурхIелги букIинарин.
ЧаранганчIие асар гьабулареблъи лъала
Гьелде тIаде тIинкIараб лъадал цохIо къатIраялъ.

*Таржала гьабуна Р. ГIАБДУЛМУСЛИМОВАС, Инхокъвари росу*

# Памятникал разе ккола мугIалимзабазе

**Гьал хадур рехсарал рагIабазул автор ракIалда гьечIо – гьеб буго вацапалда хъван бачIараб калам. Гьелда дирги ракI рекъолелъул, рехсолеб буго гьанибги.**

***«МугIалим вуго жиндир тIолабго гIумру лъималазда гъорлъги ун, лъимадул гIадаб тIеренаб, бацIцIадаб ракIалъул инсан. Анлъго-анкьго сагIаталъ лъебергогIанасеб лъималдуе дарсал кьун, рокъове щведал, гьезул «рокъобе хIалтIиялъул» гьалатIал ритIизарун, жиндирго рукъалъул магIишаталде балагьун, уна гьесул гIумру...***

***Жакъа, рокъорги рукIун кIиго лъимадуе тарбия кьун бажаруларел чагIи, гIайибчIвазе лъугьуна мугIалимзабаздаги школалдаги. «Лопатка» гIанасел айфоналги кодор ккун, мугIалимзабазе гIакъуба кьезе лъималги ритIун чIарал гьезул девиз буго: «Дуниял буго бергьаразул рукъ» абураб.***

***Щив чи кIочон таниги, лъималазда жидер мугIалимзаби кIочонаро, хасго тIоцеесей (тIоцевесев)... ва гьединго школа лъугIизегIан дарсал кьурал цогидалги. ЛъебергогIанасеб лъимадул батIи-батIияб гIамалги хIехьон гIумру арал мугIалимзабазе разе ккола памятникал».***

**Бокьун буго дирго мугIалимзабазе гьитIинабго памятник «базе».**



1970-абилел соназул учительзаби

## Я гIурус, я магIарул мацI лъалароан

Дир тIоцеесей учительница – Майсарат Абакарова. Гьелъул эбел йикIана БежтIа росдал тIоцересел учительзабазул цояйлъун. Гьелъ кьуна дир инсуеги дарсал. Инсуца цIализаюна Майсарат Сулеймановна ва гьелъ – дун. Дица тIезабуна гьеб рахас: учительлъун яхъаниги, гIагараб росдал школалда хIалтIизе хъван букIун гьечIо дие.

ХIеренай, хIалимай, унго-унголъунги школалда ругебгIан заманалъ эбеллъи нижее гьабураб хIурулгIин. РакIалда руго дарсаздаса цо-цо лъугьа-бахъинал. Классалде рачIун рукIана гIемерал учительзаби. Доб букIун батила рагьараб дарс – гьанже бичIчIула гьелъул магIна. Майсарат Сулеймановналъ, къаламги бихьизабун, гьикъана, гьалда цIар щибилан. Цояс, кверги эхеде битIун, абуна, къаламилан ва киналго досда тIад релъанхъана. Щай? Дарс букIана гIурус мацIалъул ва жавабги кьезе кколаан гIурус мацIалда. Нижедайин абуни, я гIурус, я магIарул мацI жеги лъалароан.

РакIалда буго цоги лъугьа-бахъин. ГIурус мацIалъул дарсида ургъизе кколаан «божья коровка» гьоркьоб бугеб предложение. Цогидазде дандеккун мацI лъикI лъалей дицаги ургъанаха. «Божья коровка дает много молока» абун. Учительницаялда гурони, бичIчIун батиларо дир гьалатI. Дидаги щибха лъалеб, короваги божья коровкаги батIибатIиял жал ругебльи. Амма гьелъ дун тIатинайчIо. Грамматикияб рахъалъ предложение битIун гIуцIун бугин абун тана. Гьел рагIабаз дун тIамуна словарь хьиршизе.

Гьаниб рагьилин цо балъголъи. Дир инсул букIана (жакъаги цIунун буго гьеб) С. Ожеговасул МагIнавияб словарь. «Кавсаратихъа бажарулеб лъикI цIалун, нуж щай цIалдоларел?» абун жидеда эбел-эмен семидал, дир яцгIалзабаз абун буго: «Долъул буго биццатаб тIехь. Гьелда тIад хъван буго кинабго. Гьебги цIалун, гIемераб жо лъала долда. Нижер гьечIелъул додинаб тIехь», - ан. Гьединаб тIехьалде гIемер яккулаан дун хIакъикъаталдаги. Инсуца малъун букIана, магIна бичIчIулареб рагIи дандчIвани, гьениб балагьеян абун.

Университеталда цIалулаго, каникулазул заманалда дун щолаан дирго учительницаялъухъе. Цо нухалда гьелъ дида абуна: «Гьал лъимал цIодорлъун ругеб куцха! Авар мацIалъул дарсидаги гIурус мацIалда ругел тIахьалги цере лъун чIола. ЗахIмалъулеб букIиналъ, магIарул мацIалъул дарсцин бокьулеб гьечIо гьазие», - ян. Гьеб букIана араб гIасруялъул 90-абилел соназул ахир. МагIарул мацIалдаса инкар гьабизе бегьилин ракIалде ккараб заманалъул байбихьи…

## Гьалмагъирги цIалиги цадахъго

5-10 классазда дарсал кьурал учительзабазда гьоркьовги цонигияв вукIинчIо дир ракIалъ кьабул гьавуларев, дие рихарав учитель. Классалъул нухмалъулев Анвар ХIасановас кьолаан математикаялъул дарсал. Нижер класс букIана гьалмагъир гIемераб, амма цIализе кутакалда лъикIаб. Щиб гьабулеб бугониги, цоцалъ гъункун, цадахъ рукIунаан ясалги васалги. лъи. Гьез гIуцIун букIана «Бордоян» цIар лъураб футболалъул командацин. Школа лъугIизе бащдаб лъагIел хутIараб мехалда васал рачIана дида асскIоре, Анвар ИсмагIиловичги вахъун, Шамсудин Султанов классрукълъун теян дирекциялде гIарза хъвазе бокьун бугин абун. Дица бичIчIизабуна гьезда, гьевгун футбол хIазе нужее лъицаниги гьукъулеб гьечIин, амма щуабилеб классалдаса нахъе нилъер гIадлу гьабурав учителасул рахъалъ хIалихьалъи ккола гьебан абун.

Техникумалгун вузал лъугIизарун махщелчагIилъун рахъарал ниж, классго цадахъ бакIарун, чанцIулго ана Анвар ИсмагIиловичасухъе. РакIалдещвезабунацIалдохъабилъун МухIамад Агъаевас. Ригьалъ кIудияв чи вукIана гьев. Гьанже ракIалде ккола, гIумруялдасаго свакан вукIун ватила гьеван абун. Щайгурелъул дарсида чIамучIго вукIунаан гьев. ГIемерисеб мехалда столалда тIад кверални лъун, щибго малъичIого, я дарс цIехечIого (хасго четверталъул ахиралда, кIиййилал хисизаризе гьира бугеб мехалда) ун батулаан заман. Гьалмагъир гьабулел нижги рукIунаан. Дарсиде кватIарав чиясе гьукъулаан классалда жаниве вачIине. Гордухъан лъугьунги, рачIинчIого нижги чIолароан.

ГьалмагъирчагIазе гIадлуги гьабулаан. Амма цониги ккечIо, жиндир васасе яги ясалъе гIадлу щай гьабурбин абун, цIалдохъанасул эбел-эмен




БежтIадерил учительзаби, 1990-абилел сонал

Школалъул директорлъун вукIарав дир инсуца гIицIго нижер классалъе кьолаан гIурус мацIалъул дарсал. Бегьилищха директорасул ясалъ гьалмагъир гьабизе. ГIемерисел тIекъал ишазде дандечIолаан дун, амма чанги нухалда классцоязда цадахъги йикIунаан. Классалдаса тIубанго тIезе бегьилищха. Инсуца малъун букIиндалха, «жамгIияталда гьоркьоб гIумруги гьабун, гьелдаса батIатIун рукIине бегьулароян». Жакъаги руго ниж вацал-яцал гIадин, цоцазул рохелги пашманлъиги бащад бикьулел, хIажаталъур хIалае рахъунел.

Нижер классцоял-васазулги физикаялъул дарсал кьезе вачIарав гIолохъанав учитель Шамсудин Султановасулги букIана хасаб гьудулрукIараб эркенаб аваданлъиялъул заман. Гьарана учителасда нижеда тIаса лъугьаян – ракIхвезабулел хIужаби риччан теялъухъ, ниж сабаблъун, директорасухъаги завучасухъаги щварал бадирчIваязухъ. «Жакъа нужер бугеб хьвада-чIвадиялъги цоцалъ гъункиялъги кинабго кIоченабуна дида», - ян абулаан мунагьал чураяв классрукас.

## ГIадлу гьабулаан цадахъ рекъон – учительзабазги эбел-инсуцаги

МагIарул мацIалъул дарсал нижее кьолаан гIемерал соназ БежтIа росдал школалда хIалтIарав Сугъралъа школалде кIанцIиялъул хIужа. Нижги гIарзахъдулароан. ГIарз бахъани, эбел-инсул жеги кьварараб тамихI букIунеблъи лъалелъулха.

Киданиги кIочонаро МухIамад Дибировас кьурал немец мацIалъул дарсал. Гьес бижизабуна Генрих Гейнел асаразде рокьи, тIамуна репортер Шрайбикусилгун гьудуллъи гьабизе; куцана, лингафонияб кабинеталдеги хьвадун, немец мацIалъул гьаркьал битIун рахъизе. ТIоцебе гьесдаса рагIана дида, пуланаб мацI лъикI лъазе ккани, пикруцин гьеб мацIалда гьабизе кколин абун. Школалдаса рокъобеги рокъоса школалдеги бугеб халатаб нухда дица пикру гьабулаан немец мацIалда – дидаго лъалел рагIабиги хIалтIизарун, бихьараб-таралъул хIакъалъулъ.

## Телефон лъалареб наслу

Ниж руго, телефоналги телевизоралги гьечIого, лъимерлъи араб наслу. Нижер ракIгъезабулаан батIибатIиял расандабаз, хъизамалъеги жамагIаталъе пайдаял ишаз. Масала, школалда гIуцIун рукIана «Тимурилаcул кьокъаби». Щибаб кьокъаялда тIадкъан букIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул хъизам, чиякъав херав яги ялгъузго хутIарав чи. Ниж хьвадулаан гьезухъе – цIул бичIизе, рукъ бакIаризе, иццухъа лъим баччизе, хер бецизе. Гьезги жагъалго толароан: бугеб квен кьолаан, хIалимаб рагIи бицун, ракI батулаан, рецц-бакъ гьабулаан.

Аваданаб заманлъун букIунаан хасалихълъиялъул сапар. Росдал сверухълъиялда ругел рохьазде, гIалахазде унаан классалго цадахъ. Гьениб батараб рохьил пихъ бакIарулаан – парс цIулакьо, сани, жакки, гIинтIи, гири-гара… Гьеб пихъил гьабураб мурапа босулаан школалде – «кIудияб переменаялда» классцоясухъе рокъореги ун, чай гьекъезе. Хасалоги букIунаан цIалдохъабазе пайдаяб хIалтIи. НакIкIирохъореги ун, ракIарулаан мегIелгIечал. Рокъоб, печалда аскIобги тIибитIун, бакIарулаан гьезул хьон, ва классалъ цадахъго кьолаан пачалихъалъе. Ихдал, мугIрузда гIазу биарабго, унаан гьеб хьон бекьизе. Щибаб классалъул букIунаан хасаб бакI. Нижер классалъ чIараб хьоналдаса рижарал гъутIбузул рохь кIодолъун бихьана исана магIарухъе щведал. Пачалихъалъе кьезе ракIарулаан даруял хурдулги.

Доб заманалда БежтIа росдал гьоркьохъеб школа букIана ЦIунтIа районалъул школазда гьоркьоб бищун кIудияблъун. Гьенир цIализе рачIунаан мадугьалихъги Гуржиялда ругелги росабалъа лъимал. Гьезие рагьун букIана интернат. Гьенир ругел цIалдохъабазе чIезарун рукIана санагIатал шартIал.

1986 соналда лъугIана нижер школа – нусгоялдаса цIикIкIун выпускникасе кьуна аттестат. Гьезул гIемерисел ана вузаздаги техникумаздагун училищабаздаги цIализе. Жакъа гьел хIалтIулел руго росдалги участокалъулги батIи-батIиял идарабазда. Масала, анцIгоялдаса цIикIкIун чияс тIасабищана учителасул махщел ва хIалтIулев вуго лъай кьеялъул идарабазда.

ГIумруялдаса ратIалъана нижер рукIарал учительзабазул гIемерисел: МухIамад ИсмагIилов, МухIамад Ражабов, МухIамад Анжоев, Зайнудин ХIасанов, Анвар ХIасанов, ГIабдулатIип Адаев, МухIамад Дибиров, МухIамад ГIалиев, ХIайбула ХIасанмухIамадов, Шарапудин Палтоев, ХIусен Арадахов, ИсмагIил ИсмагIилов, МухIамад Палтоев, Нажмудин ГIумаров ва цогидалги. Аллагьас мунагьал чураги гьезул. Гьел ана абадияб дунялалде. Амма нижелъ – гьезул рукIарал цIалдохъабазулъ – жеги чIаго руго гIаданлъиялъулги, гьудуллъиялъулги, хIеренлъиялъулги дарсал.

Росдаеги республикаялъеги пайдаяллъун ниж куцарал учительзабазе даим бетIер къулула нижеца – айфонал хIалтIизаризе жеги лъан бахъинчIеб гIелалъ.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Гьерсихъабазда божизе бегьуларо



*ХасмухIамад МУСЛИМОВ*

Республикаялдаги дунялалдаги ккарал ва кколел ругел лъугьа-бахъиназда тIад гIемер ургъула дун ва гьарула пикраби. Амма дун гуро я политик, я хIакимчи, я депутат, я академик, я гIалим. Дун вуго кIудияб ригьалъул чи, Аллагьасда божулев Гьесул лагъ. XIX гIасруялдаго дир умумузда кутакалда лъикI лъалаан гIараб мацI. Гьез рагьун букIана жидерго мадрасаги. Дир эмен цIалана Инхо росдал мадрасаялда, вукIана ГIабдулхIамид-афандиясул муридлъунги божарав гьоболлъунги. ГьитIинго дунги куцана исламалда рекъон. Дир бидулъ бессун буго Аллагьасде рокьи.

Жакъа дун вуго солдатасул эмен. Гьелдалъун дица загьир гьабулеб буго дун ватIан бокьулев инсан вугевлъи. ВатIан – гьеб буго рукъалъул гьансито, гIагараб росу-ракь, республика ва кIудияб Россия. Жакъа дир васасги гьесул рагъулал гьалмагъзабазги – батIи-батIиял миллатазулги диназулги вакилзабаз – кодоб ярагъгун, къватIисел тушбабазул кверщаликьа цIунулеб буго нилъер ватIан. Гьезул буго цо мурад: тушманги тIагIинавун, жиде-жидер хъизамазухъе тIадруссин. ГьабсагIаталда митингаздеги, ГIагараб Бакъбаккул улкабазда кколел ишазулги бахIсал гьаризеги заман гьечIо гьезул. Гьеб буго жакъа гьез гьабулеб жигьад – улкаялъулги ва рокъорги рукIун, гьереси-патриотазул ахIизе жавабги гьабун, низамалде рекъонкколарел ишал гьарулел гIолилазулгицин букIинеселъе гIоло.

ХIурматиял дагъистаниял! Нужер щивас жиндиего суал кьуниш, МахIачхъалаялъул аэропорталда ккарал лъугьа-бахъиназул гIайиб нилъеде кколищин абун? Лъил васал дол? Меликовасулищ? Шайих АхIмад-афандиясулищ? Щай гьел, кинабгIаги щаклъи гьечIого, нилъер ватIаналде дандечIарал блогераз малъарабги гьабун, къватIире рахъарал? Киб бугеб нилъер тарбия, эбел-инсухъ, чIахIиязул рагIухъ гIинтIами?

Жакъа цIакъ гIемерлъун руго «гIалимзаби». АнцI-анцI «гIалим» вуго росдал годекIабахъги базараздаги. Россиялъул армиялъул генералияб штабалъул начальникасдасаги лъикI «лъалеб буго» гьезда СВОялъул стратегияги тактикаги. Улкаялъул президентасдасаги къватIисел ишазул министрасдасаги лъикI «бичIчIулеб буго» гьезда къватIисеб политика ва исламалъул рахъалъ гьел руго муфтиятaлдасаги «тIадегIанаб» даража кодоселлъун.

Бищун цIакъал, лъай камилал ва кинабго бичIчIулел, кутакал чагIи рагIула гьел. Гьединаллъун ратила гьел жалго жидеего, гьакIкIан кIалгун, жидехъ гIенеккулезе ва щибаб рагIуда тIад рекъолезе.

Нилъ руго светияб пачалихъалда гIумру гьабулел. Гьелъул буго Конституция, руго законал. Щивас гьабизе ккола жиндаго тIадаб иш. Руго пачалихъиял идарабазда тIалъулел ишалги.

КъватIисеб политикаялъул жавабчилъи тIалъула улкаялъул президентасда. Республикабазул бутIруздеги губернатораздеги гуро – гIицIго улкаялъул президентасда. Гьединлъидал ГIагараб Бакъбаккул улкабазда лъугьа-бахъунеб жоялъул масъалабазда сверухъ хIалтIизе кколаро я Меликов, я Къадиров. Дагъистаналъул бутIалъунищ кколеб Палестина, муфтияс жигьадалде ахIизе ккани?

ГьабсагIаталда Европаялъул улкаби цIун руго гIараб улкабаздаса лъутарал гIадамазул. Гьезда гьоркьор руго чорхол сахлъиялъе кинабгIаги заралги ккечIел, сахал гIолохъабиги. Жидерго ракьал гьезие ватIанлъун кколарищ? Исламалда рекъон, лъица цIунизе кколел жидерго хъизамалги лъималги чIвай-хъвеялдасаги зулмуялдасаги? Лъица тушманасдаса цIунизе кколеб букIараб Сирия? Россиялъул солдатасищ яги ЕгипеталъуI аскариясищ? Жакъа, тIоцебесеб иргаялда, щив вахъине кколев Палестинаялъул лъимал цIунизе? Украинаялда рагъул коронив вугев дир васищ яги СагIудиязул ГIарабиялъулги, Египеталъулги, Иорданиялъулги, ГIарабазул Цолъарал Эмиратазулги, КъатIаралъулги, Турциялъулги

ГIолилал – гьеб буго нилъер улкаялъул букIинесеб, бищунго берцинаб гIел. Нилъеца гIумруго гьабула лъималазе, букIинеселъе гIоло. Жакъа гьеб гIолеб гIелалъе тарбия кьолеб буго гIицIго лъай кьеялъул идараялда, гьезда гьоркьор руго динияб лъай кьеялъул идарабиги. СВО байбихьун хадуб гурони, улкаялъул нухмалъи кантIичIо, школаздагун цогидал цIалул идарабазда бахьикъосарав Соросил программабазда рекъон цIали гIуцIиялъул хIасил лъикIаб гьечIолъиялде. Нилъер гIолилаздаги берцин бихьулеб буго бакътIерхьул цивилизацияги гIадат-гIамалги. Лъидаса мисал босулеб бугеб гIолеб гIелалъ? Бокьун гьечIо гьел чороказул цIарал гьанирги рехсезе. Американалдаги Европаялъул улкабаздаги лъай щварав гIолилав киданиги вукIине гьечIо нилъер ватIаналъул патриотлъун. КъватIисеб улкаялъул гражданинлъи кодосев чиги киданиги вахъунаро кодоб ярагъгун ватIан цIунизе.

Нужеца пикру гьабе, щалали лъаларел блогеразул ахIиялъе жавабги гьабун, аэропорталде вачIана азаазар чи. «Каспий» абураб добровольцазул батальоналде моцIрол болжалалда жаниб цIар хьвазе вачIун вуго лъабнусгогIанасев чи. Щай гьедин ккараб? Гьеб суал кье щивас жиндиего.

Палестинаялъулал руго бусурбаби. Гьенир чIвалел руго лъимал, руччаби, херал, ракълилал гIадамал. Нилъер аслияб ярагълъунги гьезие гьабун бажарулеб кумеклъунги буго гIицIго Аллагьасде гьардей, дугIа гьаби.

Нилъерго гьаниб унеб буго рагъ. Дагъистаналъул нус-нус

Нилъеца бичча-бихьан тун буго гIолилазе тарбия кьеялъул иш. ВатIан бокьизеги батIи-батIиял миллатазулгун вацлъиялда рукIинеги малъулаан умумуз. Нилъин абуни, нахъегIан кIанцIун чIун руго.
«Нилъер миллат цо буго – нилъ руго дагъистаниял», - ин абуна хIурматияв муфтияс.

аскариялищ? Лъида тIалъулеб гьезие гIоло жигьад лъазабизе? Шайих АхIмад-афандиясдайищ?

Беццалищ ругел рехсарал пачалихъазул бутIрул? Гьел бусурбаби кколарищ? Яги ГIизраилалъулалдаса загIипаб къуватищ гьезул бугеб? Ялъуни гьезда жигьад щиб кколебалийищ лъалареб?

ЦIакъ лъикIха лъалеб!

Нилъеца бичча-бихьан тун буго гIолилазе тарбия кьеялъул иш. ВатIан бокьизеги батIибатIиял миллатазулгун вацлъиялда рукIинеги малъулаан умумуз. Нилъин абуни, нахъегIан кIанцIун чIун руго. «Нилъер миллат цо буго – нилъ руго дагъистаниял», - ин абуна хIурматияв муфтияс. Дун кутакалда рази вуго гьеб пикруялда. Гьеб пикруялъ хинаб асар гьабулеб бугодай нилъер щивасул ракIалъе? ГьечIин ккола. Муфтияс чIванкъотIун бичIчIизабуна, жив Дагъистаналъулги кIудияб ватIаналъулги патриот кколевлъи. Гьединабго пикру бугищ нилъер щивасул? Бати щакаб жо…

мустахIикъав васас гIумру кьуна геб рагъулъ. Бесдаллъана анцIанцI лъимер. Ниж, солдатазул эбелэмен, Аллагьасде гьарделел руго, Гьесул рахIмуялде хьулгун руго. Фронталдаса харбазухъ рахIатхун гIенеккун руго. Я шапакъатаз, я рецц-бакъалъ нилъер васал тIадруссинаруларо.

Дие къваригIунаро гIалимазул баян кьей. Дун божула Аллагьасда ва дица абила: дир васги гьесул рагъулал вацалги жигьадалда руго.

Дагьалъ цебе дир гьитIинав сибтIас, кагътилъги жемун, нахъе тун буго эбелалъ жиндие тукадаса босараб булка, жинца гьеб дае цIунизе бугиланги абун. Дие бокьилаан, бергьенлъиги босун, нилъер васал рокъоре тIадруссине, жидерго лъималгун гьел рукIине ва рокъоселгун цадахъ булкагун чай гьекъезе.

Аллагьас цIунаги нилъ! Божуге Аллагьги лъаларел, ватIанги бокьуларел гьереси-патриотазда!

# Дагъистанги чIахI-къулги

**Гьаб ахир лъалареб, ахираб лъалареб заманаялъ Дагъистаналде какдолел, бугебщинаб чIахI-къулги хъублъиги гьенибе рехизе къеркьолел гIадамал гIемерлъун руго. Раккулел руго гьел жибго Дагъистаналда жанирги, хасго къватIирги, хIатта океан бахун дорехунцин. «Щив гьев? ва Щал гьел?» абурал суалаз рахIат толарел чагIи нилъеда гьоркьорги гIемерлъун руго. Бицина дирго пикру. Разилъуларел рукIинеллъиги лъала. Амма рекIелъ бугеб къватIибе къезе бокьана.**

## Бисмиллагьги бахъун церехун ина

ТIоцебе дида кколеб буго, Дагъистаналъул караван Аллагьасул нухде, къиблаялде балагьун унеб бугилан (караваналде гьоркьоре уна аслияб къагIидаялъ бусурбанал халкъал). КигIан караван битIараб нухде гIагарлъаниги, гIемерлъула гьелде хIапдолел гьаби. Гьезул рурий бугоха жакъа нилъер гIундузда рагIулебги. Щибха гьабилеб? Рохизейищ роххилел яги пашманлъизейищ пашманлъилел? Гьайгьай, рохила ва цере рилълъина.

Нилъер гIагарал мугIрулги, мугIрузул Дагъистанги бокьулел гIадамал гIемерлъун руго. Гьединлъидал буго тушбабазул хъубаб ахIи-хIурги.

Сундасан дица, Дагъистан бокьулел гIадамал гIемерлъулел ругин абураб пикру босулеб бугеб? Цебеялда дандеккун, радал Бисмиллагьги бахъун, какиеги чурун, лъикIаб нигатги гьабун гурони рокъоса къватIире рахъунарел, хирияб Дагъистаналъул ракьалда хIетIе чIоларел гIадамал гIемерлъун ругелъул. Нилъ рокьулареза кколеб буго, нилъее Дагъистан бокьулеб букIарабани, нилъ цIодорал рукIаралани, нилъ дуниялги талавур гьабун бечелъараб Америка гIадин бечедго яги къокьаб заманаялда жаниб 4000-ялдасаги цIикIкIун лъимер чIван «бергьунел ругел» гIизраилал гIадин «къуватал» рукIинаанилан. Нилъее, имам Шамилица васигат гьабун гьечIо бечедаб Дагъистан бокьайилан, васигат буго «Гьал гIицIал мугIрул рокьа!» – йилан. ГIицIал, амма рорхатал, къварарал мугIрулги рокьани, Цогояв Аллагьасде мугъчIвайги бугони, нилъ лъидаго къезаризе кIоларелъул.

Цо сайталда «цIакъ гIакъилав» экономистас абуна Дагъистан нахъе ккун бугила, экономикаялъул гIалимзабазул гуреб, шагIирзабазул, хъвадарухъабазул ва спортсменазул культ цIикIкIун гьабулеб бугелъулилан. Гьез материалияб пайда, ай чIамчIам кьоларилан. Дидани бихьулеб буго, Дагъистаналъул тIолалго балагьазеги захIмалъабазеги гIиллалъун шагIирзабазухъ, хъвадарухъабазухъ, исламиял гIалимзабазухъ гIенеккунгутIиялъ бугилан. Масала, Дагъистаналъул халкъияв поэт ва исламияв гIалимчиясул руго гьадинал кочIол мухъал:

**Къаникь бетIер щапизегIан**
**Тушманасдаги божуге! - абун.**

Машгъурав шагIир ва хъвадарухъанас абухъе, «Аваристаналъул бищун бегIераб гIакълуялъухъ» ЦIадаса ХIамзатихъ гIенеккун тушбабаздаги божичIого жидерго бетIер хIалтIун иш бачарабани, Совет хIукумат биххизабичIого, битIизабизе кIвелаан. ШагIирасухъ гIенеккичIо ва хъархъалъеги ккана. Дагъистаналъул дуниялалдаго машгъурав халкъияв шагIир Расул ХIамзатовас абун буго:

**Хун лъикI, гIорхъабазда**
**рагъухъан гIадин,**
**Рогъоялда къвал бан**
**цо къо базегIан.**

Нилъер КПССалъул ЦКялъул Политбюроялъул членаз, ВатIанги бичун, ватIаналъе хилиплъиялъул рогьоялда къвал балалде цебе, гьел мухъазул магIна босун букIарабани, гьаб инжитаб хIалалде улка ккечIого букIинеги бегьулаан. Къудукьа Мусаласдаса байбихьун, Инхоса ГIалихIажиясухъги гIенеккун гIумру тIамурабани, нилъ гIемерал гьалатIал гьаричIого рорчIизе бегьулаан.

## Лъица хъуб гьабулеб бугеб?

Дагъистан бокьулярезги, цо-цо бокьулезги гIемер бицунеб буго нилъер гьаниб чIахI-къул гIемерлъун букIиналъул, экология хъублъулеб букIиналъул. Суал кьолеб гьечIо, лъица гьеб хъуб гьабулеб бугебилан.



Дагъистанияз, хIайван хъунани, гьан гуребги, ургъимесалдасанги пайда босулаан, чахъу хъуни рассукI гьабунги, махъва-бадаку, бакьал цIураб гьаналъе хIалтIизабунги, пайда босулареб жо букIунароан. ХIатта бакIвалиялда жаниб батараб жо хур беэнлъиялъе хурибе балаан. Турулареб, заманалдасан ракьалде яги цоги пайдаяб жоялде сверулареб жо щибго букIунароан. ЧIахI-къул (мусор) гIемерлъана, целлофан ва пластик бачIараб мехалъ. Гьебги бачIана жакъа нилъгун тушманлъиялда ругел улкабаздаса.

Гьелдасаги квеш ккараб жо буго, нилъ магърибалъулги машрикъалъулги севералъулги югалъулги нухал цолъулеб бакIалда ругелъул, гIемерал улкаби лъугьана зулму-хIалалдалъун нилъеда тIад кверщел гьабизе. Нилъ данде къеркьана, данде рагъана ва гьез дагъистаниязул гIамалхасияталде, напсазул экологиялде асар гьабичIого хутIичIо. Дагъисталалда хутIана тIаде рачIаразул цо-цо гьунар тIокIал гIадамалги (шайих Абулмуслим гIадал) шагьидзабиги, хутIана напсияб чIахI-къулги.

ГIемер бицуна аза-азар дагъистаниял Шамил имамасде данде рагъулелги рукIанилан. Гьел рукIана гIицIал мугIруздаса цIикIкIун боцIимал хирияй, багьа-багьана батун анир хутIарал, напсазул экология хъублъаралги, ай чIахI-къулилан абичIониги, Дагъистаналъул менталитеталда рекъоларел, гьеб хисизабизе къваригIарал чагIи. Советияб пачалихъалъулги, жакъасеб капиталистияб гIуцIиялде дандеккун, гIадамазул гьабулеб тIалаб цIикIкIун букIаниги, ахираталде рокьи букIинчIого ва Дагъистаналда напсияб чIахI-къул тана.

## БитIараб нухда ругони...

Гьаб хиса-баси ккаралдаса Дагъистаналъул гIемерав сахав чиги лъугIизавуна ва жакъа какун, гьезда, ай сахав чияс божулареб хIалги гьабулеб буго. Щайха Дагъистаналъул муфтиясдаса байбихьун, ЧиркIаса устарасде (къ.с.) щвезегIан анцI-анцI гIалимчиги, имамзабиги, церехабиги чIварал? Гьел битIараб нухда рукIун ва гьезул ритIухъаб рагIиялдаса бергьине гIакълу букIинчIого.

Жакъа Палестинаялъул халкъ щай гъурулеб бугеб? Гьезул ритIухъаб тIалабалдаса бергьине гIакълу гьечIого, кигIан жугьутIал цIодоралин бицен бугониги, хIобол жагьиллъи букIун. ЧIван гурони гьезулгун данде ккoлеб рагIи батизе кIвечIого, кIудиял гIуни гьезул лъималазда щиб гьабилебали лъачIого чIвалел чагIи руго лъимал.

## Жагьиллъи бергьине тезе бегьуларо

ГIакъиллъиялъ гьел бергьунел гьечIо, цо гIабдаласда кIолила азарго гIакъиласда жаваб батулареб суал къезеян абула. Америкаялъул бутIрулги, гьезда нахърилълъаралги гIантал рукIин бихьизабулел хIужаби руго, жидеего, тIубарал халкъазего зарал бугониги къотIаби хвезари, гара-чIвари гьабунгутIи, санкциял лъазари. Гьеб гуребги, Аллагьасде дандечIарал бихьиназулги руччабазулги гьоркьорлъаби тIиритIизариялъ, гьерсал рицун ва Аллагьас рижарал халкъалго дунялалдаса лъугIизаризе лъугьин. Гьединго жидеца гIемераб заманаялъ пайда босулареб ва босилебищалиго лъалареб боцIимал, зулму гьабун данде гьаби. ТIокIаб кIудияб ахIмакълъи кинаб букIинеб?

Дагъистан, АлхIамдулиллагь, гьелда дандечIараб буго ва гьединлъидал нилъ какулелги руго. Какулел руго нилъ, чIухIиялъ, гIамалкIодолъиялъ, ццидаца, нич тIагIиналъ, гIакълу дагьлъиялъ ва гьезул гIагарал чагIаз. Дида гьел берцин рихьуларо, гьездаса гIемерго берцин бихьула Дагъистаналъул бокьараб росулъ, къотIнобе рехараб сипатго гьечIебин кколеб гамачI. Дица Дагъистаналъул тушбабазда абулеб буго, гьабилареб лъаниги, цин Дагъистаналъул цIар бахъилалде, гьанже лъикIал пастабиги руго, кIал чуре, Аллагьасда божиялъул гьитIинабгIаги асар батани, Бисмиллагь бахъе, какие чуре ва хадуб ургъун абе абулеб рагIи.

ЛъикIаб букIинаан Дагъистаналъул тарих цIалани, цIа бакилалде гьелъ мунго вухIулевлъи ва гвенд бухьилалде гьениве мунго ккелеблъи лъан букIа. Аллагь гурхIун кантIизареги нуж! Лъан букIа, Дагъистаналъул нужеда бараб жо щибго гьечIо. Гьеб Аллагьасул цIуниялда гьоркь буго. Нужеца гIемераб сурсат харж гьабулеб буго Дагъисталалда питна багьаризабизе, кIолеб гьечIелъул ццидалъги руго. Нужеда гIакълудал асар батани, гIодоре риччан чIелаан.

Аллагьас лъикIаб хъван батаги. Амин!

*Шамил МУХIИДИНОВ*

# Дагъистаналъул тарихалда ноябрь моцI

**1831 соналъул ноябралда** Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамадица Гьизляралде чабхъен гьабун, гIурусазул хъала кверде босана.

**1837 соналъул 30 ноябралда** Кавказалда рукIарал гIурус пачаясул рагъул къуватазул бетIерлъун тана **Головин.** Гьес кIвар буссинабулеб букIана гIурус хъулби щула гьариялде, нухал къачIаялде, базарал рагьиялде.



**1843 соналъул 8 ноябралда** Шамил имамас Хьаргаби щулалъи бахъана.

**1858 соналъул 30 ноябралда** генерал Врангелица Салатавиялда гьаризе ругел рагъулал тунка-гIусиязулъ гIахьаллъи гьаби мурадалда, Миякьо росулъ гIуцIана рагъухъабазул кIудияб къокъа.

**1865 соналъул ноябралда** къватIибе бачIараб «Кавказ « газеталда бахъараб жиндирго макъалаялда Петр Усларица хъвалеб буго: «Аваралин абулеб миллаталъ батIи-батIиял лугъатазда бицунеб мацIалде, рекъараб букIинаан, «авар мацI» гуреб, «магIарул мацIин» абуни. Щайгурелъул гьеб миллаталъул вакилзабаз, кинаб жамагIаталде кколел ругониги, жидедаго магIарулалин абулелъул», - ан.

**1866 соналъул 29 ноябралда** Темир-Хан-Шураялъе шагьаралъул цIар кьуна.

**1894 соналъул 26 ноябралда** Дагъистан областалъул Гъуниб росулъ ГIумарил хъизаналда гьавуна ХIажи Булач – машгьурав тохтур, профессор.

**1912 соналъул 15 ноябралда** Пачалихъалъул IV Думаялде Дагъистан областалдаса ва Закатала округалдаса депутатлъун вищана Дарги округалъул Урахи росулъа МухIамад ТIалхIат.

**1917 соналъул ноябралда** Порт-Петровскиялда гIуцIана Советияб хIукумат. Гьелъул нухмалъулеб идара букIана Рагъулабгун революциялъулаб комитет.

**1919 соналъул 15 ноябралда** гьавуна Совет Союзалъул БахIарчи ГIабдурахIман ГIабдулаев.

**1920 соналъул 13 ноябралда** Дагъистаналда тIобитIана 300 делегатас гIахьаллъи гьабураб халкъазул тIоцебесеб иргадулаб гуреб съезд. Съездалъ цебелъураб аслияб масъала букIана Дагъистаналъе автономия лъазаби.

ЦК ВКП(б)ялъул ва Советияб хIукуматалъул рахъалдасан гьениб гIахьаллъи гьабуна ва Дагъистаналъе Советияб автономия кьеялъул Декларация цIалана РСФСРалъул миллиял ишазул халкъияв комиссар Иосиф Сталиница. Съездалда гьединго гIатIидаб кIалъай гьабуна Серго Орджоникидзецаги.

**1921 соналда** Темир-Хан-Шураялъе революционер У. Буйнакскиясул цIар кьуна.

**1922 соналъул 16 ноябралда,** Терский губерниялдаса нахъеги рачун, Дагъистан АССРалде кьуна Гьизляр округ ва Ачикулак район.

**1922 соналъул 20 ноябралда** гьавуна Ибрагьим Керимов – Дагъистаналъул халкъияв шагIир.

**1927 соналъул 7 ноябралда** КIудияб Октябралъулаб Социалистияб революция бергьун 10 сон тIубараб юбилеялъулаб соналъ Дагъистаналда тIоцебе хIалтIизе байбихьана рахьдал ва гIурус мацIазда радио.



**1932 соналъул 7 ноябралда,** Октябралъулаб Социалистияб революция бергьун 15 сон тIубаялъул хIурматалда МахIачхъалаялда рагьана республикаялъул лъабго тIадегIанал цIалул идарабазул цояб – медицинаялъул институт.

**1934 соналъул ноябралда** партиялъул Дагъобкомалъул бюроялъ хIукму гьабуна Дагъистаналъул классиказулги цогидал халкъазул хъвадарухъабазулги тIахьал басмаялда рахъизе.

**1935 соналъул 20 ноябралда** гьавуна Ибрагьимхан Камилов – Россиялъул гIелмабазул Академиялъул член-корреспондент, Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи, физикаялъул академик А.Г. Столетовасул премиялъул лауреат.

**1936 соналъул 19 ноябралда** Дагъистаналъул радиоялдасан тIоцебе къватIибе кьуна пионеразеги школлъималазеги передача.



**1937 соналъул 29 ноябралда** гьавуна **ГIали ГIалиев,** цIар рагIарав речIчIухъан, дунялалъул щуцIул чемпион.

**1944 соналъул ноябралда** Буйнакскиялда рагьана Дагъистаналъулги Северияб Кавказалъул бусурбабазул идара (ДУМСК).

**1950 соналъул 12 ноябралда,** СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул хIукмуялда рекъон, адабият цебетIезабиялъулъ щварал чIахIиял бергьенлъабазе гIоло ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орден кьуна ЦIадаса ХIамзатие, Анвар Аджиевасе, Загьид ХIажиевасе, Расул ХIамзатовасе, АбутIалиб Гъапуровасе ва ТIагьир Хрюгскиясе.

**1956 соналъул 1 ноябралда** Гъуниб районалъул Гьонода росулъ гьавуна Россиялъул БахIарчи ГIадилгерей МухIамадтIагьиров.

**1960 соналъул 10 ноябралда** Гъарабудагъкент районалъул Губден росулъ гьавуна Россиялъул БахIарчи ГIабдулмалик МухIамадов.

**1961 соналъул 15 ноябралда** гьавуна ХIайбула Малачилов, Дагъистан Республикаялъул БетIерасулги хIукуматалъулги Администрациялъул юридикияб управлениялъул нухмалъулесул заместитель.



**1962 соналъул 23 ноябралда** ЧIарада районалъул Мугурухъ росулъ гьавуна Россиялъул БахIарчи **МухIамад БагIачилов.**

**1970 соналъул 19 ноябралда** гьавуна АхIмад Билалов – Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул вукIарав депутат, бизнесмен.

**1988 соналъул 11 ноябралда** ЧIарада районалъул Гьунухъ росулъ гьавуна гугарухъан, Олимпиял хIаязул чемпион, дунялалъул чемпион Шарип Шарипов.



**1990 соналъул 22 ноябралда,** Дагъистаналъул Верховный Советалъул хIукмуялда рекъон, гIуцIана Дагъистаналъул миллиял ишазул пачалихъияб Комитет. Хадусан гьеб сверизабуна Миллияб политикаялъул ва информациялъул ва къватIисел ишазул министерствоялде. Гьелъул тIоцевесев нухмалъулевлъун тIамун вукIана **М. Гусаев.**

**1992 соналъул 14 ноябралда** МахIачхъалаялда тIобитIана Дагъистаналъул халкъазул кIиабилеб съезд. 843 делегат гIахьаллъараб съездалъул аслияб масъала букIана, миллиял рикъиязде дандеги чIун, Дагъистаналъул халкъазул цолъи щула гьаби.

**1992 соналъул 30 ноябралда** Россиялъул Федерациялъул хIукуматалъ къабул гьабуна «Гуржи Республикаялъул Къварел районалдаса Россиялъул Федерациялъул Дагъистан Республикаялде гочунел магIарулазе кумек гьабиялъул программа».

**1992 соналъул ноябралда** Дагъистаналъул Министрзабазул Советалъ цIигIуцIана хIукуматалъул идарабазде хIалтIухъаби тIасарищиялъул ва гьел гIезариялъул хасаб «Дагкадры» управление. Гьелъул нухмалъулевлъун тасдикъ гьавуна З. Ильясов.

**1995 соналъул 2 ноябралда** Россиялъул Федерациялъул хIукуматалъ къабул гьабуна «Дагъистан Республикаялъул социалиябгун экономикияб цебетIей букIинаби мурадалда, Россиялъул Федерациялъул хIукуматалъ цереккун гьарурал хIукмаби тIуразариялъе тадбиразул хIакъалъулъ, хасго 1996-2000 соназда гьелъул мугIрузул район» абураб №1062 хIукму.

**1996 соналъул 16 ноябралда** Каспийск шагьаралда кьвагьизабуна гIемерал квартираби ругеб мина. Гьенив хвана 69 чи. Гьезда гьоркьов вукIана республикаялда бугеб гIорхъи цIунулезул хъулухъалъул командир Валерий Морозовги. Кьвагьи ккараб бакIалде щвана Россиялъул хIукуматалъул председатель В. Черномырдин ва МЧСалъул нухмалъулев С. Шойгу.

**1997 соналъул 22 ноябралда** Дагъистаналъул хIукуматалъ къабул гьабуна «Новолак районалда гIумру гьабун ругел лакал цIияб бакIалде гочинариялъул ва ГIавухъ район цIигьабиялъул хIакъалъулъ программа».

**2003 соналъул 3 ноябралда** гIумруялдаса ватIалъана Дагъистаналъул халкъияв шагIир, Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель Расул ХIамзатов.

**2010 соналъул 2 ноябралда** Дагъистаналъул президент М. МухIамадовас экстремизмалъул ва терроризмалъул нухдаса инкар гьабуразе ракълилаб гIумруялде рачIине кумек гьабулеб хасаб Комиссия гIуцIиялъул Указ бахъана. Гьелъул нухмалъулевлъун тIамуна республикаялъул тIоцевесев вице-премьер Дагъистан Ризван Къурбанов.

**2013 соналъул 29 ноябралда** Дагъистаналъул БетIерасул указалда рекъон, республика бикьана ункъо территориалияб округалде – Централияб, Севералъулаб, Югалъулаб ва МугIрузулаб.



**2022 соналъул 15 ноябралда** Россиялъул Президент В. В. Путинил Указалда рекъон, КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда захIматалъулъ шагьаралъ лъураб бутIаялъе гIоло Дагъистаналъул Каспийск шагьаралъе кьуна ЗахIматалъул бахIарчилъиялъул хIурматияб цIар («Город трудовой доблести»).

*Зикрула ИЛЬЯСОВ,*
*Россиялъул халкъазул ассамблеялъул*
*Дагъистаналъулаб гIуцIиялъул нухмалъулев*

ХАБАР

# Рохьил къолохъан

Нижеца рохьобе экскурсия гьабуна.

- Гьадаб къолохъаналъухъ гIагардасан балагьун кеп босизе бокьилищ нужее? – ян гьикъана Николай Ивановичас, гъотIоркIоялъул хехаб ва чIванкъотIараб тIваркъи рагIулеб рахъалдехун тIилги битIизабун.

- Бокьила, бокьила! – ян ахIана нижеца.

Нижер цевехъанас абуна рохьосан гъотIоркIо балагьулел рукIинегIан жибго гъоб нилъедаго тIаде ахIун лъикIилан.

Бакъвараб гъотIода жиндирго тIил кIутIизе лъугьана гьев.

Ниж сихIкъотIун чIана.

- Тук, тук, тук! – абун бахъунеб букIана цевехъанасул кIутIиялъул гьаракь.

- Тррр…, - ан бахъана гьагъаб параялъ нижеда бихьулареб нижер дандиялъул гьаракь.

Гьедин кIетIон хадуб нижеда гъотIоркIоялъул кIетIолеб гьаракь гIагарлъулеб рагIана.

Николай Ивановичас нижеда гъутIбузда нахъа рахчеян малъана.

- ГъотIоркIо гIамал квешаб хIинчI буго. Бихьинаб гъотIоркIоялъе бокьуларо цогидаб гъотIоркIо гIагарде баккизе. АхIичIого бачIараб гьоболалъул кIетIей рагIигун гьаркьал гьарула гьелъ. Дандеги ун нахъе бачахъула, гIемерисеб мехалъ квеш рагъизе ккун бачахъула.

- Гъоле, гъоле! – ян абуна балагьун вукIарав цо чангояс, гъотIоркIо букIараб гъотIодехун килщалги ритIун.

ГъотIода рачIги цвизабун, гьелъ жиндир хIулияб бетIер рикIкIаде нахъегIан цIан щулияб, халатаб гозоялъ гъветI бухулеб букIана.

Гьанже чIезеги чIун, цого бакIалда гъотIол макъар бухизе лъугьана.

- Гьале гьанже нилъер къолохъаналъ жиндиего тIагIам бугеб квен бахъила, - ян абуна Николай Ивановичас.

- ГъотIол макъаралда гъоркь бугеб жо кин гъолда лъалеб? – ан гьикъана нижеца.

- ГъветI бухъун бахъунеб гьаркьидалъун гъолда хIутIал, гьезул ханал



ругеб бакI батIабахъизе лъала.

*(Хадусеб букIине буго)*

***И. МОЛЬДЕНГАУЭР***

ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

## Къаси телевизоралъ

Къаси телевизоралъ
Билал вихьизавуна,
Дун гьесухъ валагьана,
Гьимулаго абуна:
- Билалий щибаб къойил
Щола цо-цо кIийилаб,
КIухIалав гьав кин тарав
Телекалда вихьизе?
Дир кIудиги кIалъана:
- Лъаларо гьесул цIали,
ЦIогьорас гIадин дир чу
Бачуна дос рекIине.
Цинги диктор кIалъана:
- Баркала, Билал, дуе,
ГIурулъе ккарав Камал
Квер ккун, къватIив цIаралъухъ.
- Лъалхъе, - ян лъугьана дун, -
Лъала, Билал, дир гьудул,
ГьевгIан бахIарчияв вас
Росулъ цониги гьечIо.
Гьеб хабар хIажат гьечIин,
Херас дун чIезавуна:
- Досул эменги дунги
Гьудулзаби рукIана.

***Нурадин ЮСУПОВ***

БИЦЕН

## БацIица чIвараб чахъу

Хунздерил нуцабазул цояв ГIалихъиличилги мискинав векьарухъан Суракъатилги гьудуллъи ккун букIун буго. Суракъат цIакъ рагIуде щварав, махсарахочI гIемерав чи вукIиналъ, ГIалихъиличица замазаманалда жиндаго аскIове гаргадизавизе ахIулев вукIун вуго.



ГIалихъиличил букIун буго кIиазарго гIи. Суракъатил букIун буго цо хIалакълъиялъ жергъен гIадин лъугьараб чахъу. Суракъатица хIукму гьабун буго гьудуласул гIияда цадахъ жиндирго гьеб чахъу хьутаналде битIизе. Гьеб дур чахъдаца квананиш дир авлахъал рахъинелан, батIияб вехьлъийищ дир гIухьбуца гьелъие гьабизе ккелебан, гьейин дургоян ГIалихъиличги разилъун вуго.

Суракъатил хьул букIун буго ихдал жиндирго гьеб чахъу кьаралъун, кIиго кьегIерги хадуб гьабун, бачIинилан…

Хъутаналдаса гIи буссарабго, ГIалихъиличица гьудуласда лъазабун буго дур чахъу бацIица чIван батанилан. Цо дагьаб мехалъ гIенеккунги чIун, Суракъатица ГIалихъиличида абун буго, дун гьеб бацIида цIакъ гурхIанилан. ВахI, щай мун гьеб бацIида гурхIулеван ГIалихъиличица гьикъидал, Суракъатица гьадин жаваб кьун буго:

- Дур кIиазарго гIияда гъорлъа дир гьеб чахъу балагьизе цIакъ захIмалъун батила гьелъие, - ян.

ЛЪИМАЛАЗУЛ КIАЛДИСАН

- Кванай карщ, гурони дица гьой ахIизе буго духъе, - ян абуна гьитIинав васасда кIодоца.



- Квинаро. Дуца гьой ахIаниги, гьелъги гьаб кунаро, гьалда бугеб цIамул кутакалъ, - ан жаваб кьуна васас.

* * *

Ражаб вачIана росулъа. Гьудулзабаз росулъ щиб цIияб жо бугебилан гьикъана:

Гьес абуна:

- Росулъ кинабго лъикI буго. ГIачи, бачал, хIамул, хIелкал, гьаби… Киналго къойил кечI ахIулел рукIуна. ТIубараб къец букIуна гьезда гьоркьоб.

* * *

ТIоцеве неграв вихьидал, Шамил ахIдана:

- Эбел, эбел, балагье гьадав дацихъ. ЧIегIераб ралъдалъги чвердон, гьумерги бацIцIинчIого вуго хьвадилев.

***Аминат ГIАБДУЛМАНАПОВА***

АФОРИЗМАБИ

*Квешлъиялда щибаб къоялъ квешаб рагъ лъазабизе ккола.

*ГIадлу гьечIеб гIакълуялъ гIадамазе гIазаб кьола.

*ГIамал кIудиял гIадамал гIодор ккечIого хутIуларо.

*РекIкI буго ракI бикIулеб рукIкIен.

КИНИДАХЪ КУЧIДУЛ

## Васазе ахIулел

Берал берцин – цидул тIинчI,
Цаби гIисин – гIанкIил тIинчI,
ГIундул къокъаб – бацIил тIинчI,
Хехлъи гьабун кIудав гIей!

* * *

Месед цIунулеб кIуни,
КIулал рахалеб гъамас,
Гъансиниб лъолеб сагIат,
СанкIиниб лъолеб гIарац.

## Ясазе ахIулел

Эгъегун гъал бащадай
Гъунисезул меседо,
Гъалгун габур бащадай
КIикIундерил сурахIи.

* * *

Биараб гIарцул тIурай,
ПартIул ролъул гьаюрай,
Меседкунал гIомо гьай,
ГIарцукунал чалу гьай,
Чакаралъул кило гьай,
Кавказалъул бурутI гьай.

ШАРАДАБИ

«Н» хIарпгун бугонани,
Глаголин дуе дун,
Араб заманаялъул
Формаялда босараб.
«Н» хисун, «д» хIарп хъвани,
Наречие лъугьуна,
«ЦIакъ добегIан» абураб
МагIнаги дир букIуна.

* * *

«Къ»-ялдасан байбихьани,
«Къасиялъул» антоним,
«Къ»  хисун, «тI» хIарп хъвани,
Дир антоним «гъоркь» ккола.

* * *

Ниж руго омонимал
Ратизе цIакъ бигьаял:
«ЛъагIелалъул» - синоним;
«Метералъул» - антоним.

***Гьумер хIадур гьабуна ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.***

ТIАДКЪАЙ

1 □ 3
\+ □ 7 9
5 8 □

9 1 □
− □ 3 2
5 □ 7

□ 5 2
\+ 1 □ 8
8 5 □

6 0 □
− □ 3 4
1 □ 4

# «Бокьулеб хIалтIи бугони, захIмалъи лъаларо»

**Гьединаб бетIералда гьоркь кIудияб макъала бахъун буго ЛъаратIа районалъул Гьенеколоб росулъа тохтур МухIамадаминов Рашидил хIакъалъулъ «Инсан ва гьесул ишал» абураб, Белгород областалъул газеталда.**



1980 соналъ Дагъистаналъул медицинаялъул институтги лъугIизабун, Белгородалде витIарав Рашид дагьаб заманалъ хIалтIана обласалъул централъул централияб больницаялда хирурглъун. Гьениб бихьана гIолохъанав тохтурасул бугеб бажариги лъайги, ва министерствоялъ хIукму гьабуна гьев медицинаялъул хъулухъ дагьаб нахъе ккараб бакIалде витIизе. Гьедин гьев ахIана областалъул бетIерав хирургас ва гьикъана: «Рашид, мун нижехъе заманаялъ вачIарав чийищ яги гьанив гIумру гьабун вукIине бокьун бугищ? Нижее къваригIун буго дуе гIумру гьабизе ва хIалтIи гIуцIизе санагIатаб бакI бихьизабизе. Амма заманалъул чи ватани, гьелъул мурад бихьулеб гьечIо», - ян.

- Дун хIалтIизе вачIун вуго ва гьелъие цIараб заманги гьечIо. РакIги рекъани, рекъонги ккани, кивегIаги ине гьечIо, - ян жаваб къуна Рашидидицаги.

Белгородалъул шагьаралъулаб тайпаялъул поселок Красногвардейское букIана участкаялъулаб больницаялда хирург гьечIого. Гьениве витIана Рашидги. 1980 соналъул сентябралда щвана гьев бакIалде. Гьенив цин хIалтIана поликлиникаялда унтарал къабул гьарун, ва цо лъагIалидасан гIолохъанав тохтурасда божилъи гьабуна жинцаго операцияал гьаризе.

1990 соналдаса нахъе гьес гьарулел руго захIматал операциялги. ТIоцебе жинца гьабураб кIудияб операция букIанила ццидал къвачIаялда жаниб лъугьараб гамачI кванирукъалда рекIараб гьитIинаб бакьалдаса къватIибе бахъийилан бицана Рашидица.

Жиндирго махщел камил гьабиялда тIад хIалтIулев тохтур вукIиналъ Рашидил цIарги хехго машгьурлъана. Гьанже хирургиялъул хъулухъ таниги, гьев медицинаялдаса ватIалъичIо, хIалтIулев вуго жинцаго рагьараб клиникаялда.

- ГьитIинго анищ букIана ветеринарияв тохтурлъун вахъине. Школа лъугIидал, Ставрополалдеги ун вукIана ветеринарияб институталде лъугьинелъун. Гьеб битIги ккечIого тIадвуссунелъул, ракIалде ккана Буйнакскиялъул медицинаялъулаб училищеялде лъугьине хIалбихьизе. Гьенив цIалулаго, ай лъагIалидасан витIана армиялде. Гьениса тIадвуссиндал, цIидасан ракIалде ккана институталде лъугьине ва лъимерлъиялдаго букIараб анищги гIумруялде бахъинчIо, гIумруги ракIалдаго гьечIеб бакIалда тIамизе ккана. Гьанжеги абула цоцояз гIакатохтур лъугьинчIила дурилан абун. Амма ракIбухIун гьечIо. Дун кидаго вукIуна унтаразул ургъалида. Гьедин гьечIони, магIишаталда хадув лъугьун вугони, тохтурасул хIалтIи гIадамал разияб хIалалда букIунаро, - ян бицана тохтурас.

Рашидил буго щулияб хъизамги. Яс Наида ккола хъизамалъулаб клиникаялъул заведующая. Вас ЖахIбарил буго жиндирго иш. ГIолел руго лъималазул лъималги. Гьезул бищунго кIудиясдаги берцин бихьана кIудадал махщел, гьевги цIалулев вуго медицинаялъул училищеялда ва ракIалда буго хирурглъун вахъине. Рашидил гIумру цадахъ арай лъади Умамат гьитIичазул тIалабалда ва росасеги лъималазеги хъулухъ гьабун йиго.

«Город Бирюч» абураб поселениялъул хIурматияв гражданин, Рашид МухIамадаминов ккола, гIицIго нижер посёлокалдаги районалдаги гуревги, сверухълъиялдаго рагIарав лъикIав специалист», - абун хъвалеб буго доб макъалаялъул авторалъ.

Гьениб гIажаиблъизе жоги гьечIо. МухIамадаминовазул хъизан гIагараб Гьенеколобги букIана хIурматияб ва ишалъулаблъун. Гьесул вацаз босана тIадегIанаб лъайги, гьаруна лъикIал хIалтIабиги, хIаракатчилъи бихьизабуна пачалихъалъул жавабиял хъулухъаздаги.

Рашидил анищ буго Дагъистаналде тIадвуссине ва гьелъие гьабулеб хIадурлъиги буго.

*ГIали МУХIАМАДОВ,*
*МахIачхъала*

# Инсаниятго сах гьабулев МухIамад

**Школалда цIалулеб мехалдаго ХирамухIамадов МухIамадил анищ букIана кьоял ралев инженерлъун вахъине. Гьайгьай, вахъинаан гьесул инженер, амма кинабго жо нилъее бокьухъе букIунарелъул, бугелда разилъизе ккола.**

Шамил районалъул Ругъелда росдал школалдаги цIалун, гьев ана МахIачхъалаялде ва цIализе лъугьана №17 профтехучилищеялде. ТIокIлъиялда гьебги лъугIизабун, цIализе лъугьана Саратовалъул политехникияб институталъул кьоял, панелал ралеб факультеталде. ЦIалана кIиго курс лъугIизегIан. Ва рокъоса гьечIеб ресалда рекъон, рехун тезе ккана Саратов.

Гьезул букIана кIудияб хъизан - 5 васги 2 ясги. Васазда гьоркьов МухIамад вукIана бищун кIудияв. Эменги унтарав чи вукIана. ЦохIо колхозалда хIалтIун эбелалъе щваралъ кинха тIубазе рукIарал?

Советияб армиялда хъулухъги гьабун, цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул росдал магIишаталъул техникумалде. ЛъикI цIалулев вукIиналъ кIвана, рокъоса кумек гьечIониги, гIакатохтурлъун вахъине. Направлениялда рекъон хIалтIизе ккана гIагараб районалъул ветеринарияб лабораториялде. Гьеб букIана 1986 сон. Гьале жакъа 34 сон бана гьес бокьулеб хIалтIуда. ТIоцеве вукIана токсикологлъун, жакъа гьев ккола тохтур-серолог. Гьесул аслияб хIалтIи ккола районалъул гIи-боцIудаса бахъараб бидул ва гьиз-кIващалде гIунтIун, нагагь хIайван унтун хвани, гьелъие гIилла батизе гьелъул ургьимесалъул анализ гьабиги. ГIемерисеб мехалъ гьес тIатинабула бруцеллез, лейкоз ва цогидалги гIи-боцIул рахунел унтаби. Гьелъие гIоло гьарула биохимикиял, микологиял, паразитарниял анализал.

Нилъеда ккола гIи-боцIул гурони гьез жаваб кьоларин абун. Амма гьез халгьабула гIанкIу-хIелекоялъул, гургуразул, хIама-хьваниялъул, наязул, хIатта гIи-боцIуе кьолеб кормаялъулгицин. Гьелъин МухIамадицаги абулеб, тохтурас унтарав сах гьавулев ватани, жинца инсаниятго сах гьабулин абун.

МухIамадида бичIчIулеб букIана жакъа гIадин цивилизация цебетIураб заманалда техникумалда щвараб лъаялъ гIей гьабунгутIи. 2014 соналъ росдал магIишаталъул институталдеги лъугьун, гьес жеги гьварид ва гIатIид гьабуна жиндирго лъай. ЦIалана заочно, бокьулеб хIалтIиги цадахъ бачун.

Районалда бугеб ветуправлениялъул начальник КъурбанмухIамадов КъурбангIалица бицана:

- Ветлабораториялъул серолог ХирамухIамадов МухIамад ккола жиндирго иш лъикI лъалев махщелчи. Исана цIикIкIун руго бруцеллез гIадал унтаби. Районалда буго 28 азаргогIанасеб чIегIерхIайванги 150 азаргогIанасебгIи-цIцIеги, айгIанкIухIелеко, чуял, наял малъичIого.



ЛъагIалида жаниб кIиго нухалъ анализ гьабизе ккола гьезул. Гьеб бигьаяб хIалтIи гуро. Амма МухIамадица гIадаб иш тIубала ракIбацIцIадго. Гьединав бажари бугев хIалтIухъан вукIиналъ, МухIамад кIодо гьавуна ДРялъул Верховный Советалъул ХIурматалъул грамоталдалъун, исана Россиялъул росдал магIишаталъул министр Д. Н. Патрушевасул указалдалъун агропромышленнияб секторалда гьабураб гIемерсоназулаб хIалтIухъ гьев мустахIикълъана Баркалаялъул кагътиеги.

МухIамад вуго мисалияв жамагIатчиги. КъогогIан соналъ гьев вищун вукIана росдал советалъул депутатлъун. Чанго соналъ коллективалда цадахъ гьес гIахьаллъи гьабуна районалъул магIишатазда рагIи-хер хIадур гьабиялъулъ. Цо соналъ райкомалъул буюрухъалдалъун гьев витIун вукIана Краснодаралде солома бакIаризеги.

МухIамадил махщел буго кечI ахIизеги. Гьес гIахьаллъи гьабула районалъул культурияб гIумруялъулъ. Культурияб рукъалъул хIалтIухъабигун цадахъ гIахьаллъи гьабуна МахIачхъала, Хунзахъ, Гъуниб ва цогидал районазда тIоритIарал церерахъиназулъ. Гьес кидагосеб гIахьаллъи гьабула районалда тIоритIулел тадбираздаги.

ХирамухIамадовасул буго мисалияб хъизамги. Лъади Муъминат ккола ЦРБялъул отделениялъул кIудияй медсестра, яс ПатIимат хIалтIулей йиго Москваялъул цо больницаялда акушер-гинекологлъун, вас ГIабдулагьица лъугIана росдал магIишаталъул университеталъул экономияб факультет ва Правовая академия. Гьев ккола бизнесчи. СагIид жеги школалда цIалулев вуго. МухIамадидаса ва гьесул хъизамалдаса разиго рукIуна росдал жамагIатги.

*С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

# КъанагIатал ва къиматал баянал

**Стамбулалдаса Львовалде рачIарал суратал**

Львовалда цо музеялда руго Шамилил ва гьесул вас ГъазимухIамадил суратал. Гьезул автор ккола Украинаялдаса художник Станислав Хлебовский.

1869 соналда хIежалде унаго Шамил Стамбулалда рещтIараб мехалъ, гьев вукIана Турциялъул султIан ГIабдулгIазизил кIалгIаялъув.

СултIанасухъ имам гьоболлъухъ вугеб мехалъ бахъараб буго Шамилил сурат.

Мадинаялда эмен унтун вукIиналъул хабар Россиялде щведал, ГъазимухIамадица пачаясда гьарана гьесде ваккизе ине изну.

Гьев Стамбулалде вачIана ва гьениб чанго къо бана. Гьеб мехалъ бахъун буго Хлебовскияс гьесул сурат.

Гьел рачIун руго Стамбулалдаса Львовалде. КIиябгоги сурат буго релъабаз хъорщода бахъараб. Гьезда тIад руго гIараб мацIалда гьарурал хъвайхъвагIаял: «Гьаб буго пакъирав имам Шамилил сурат» ва «Гьаб буго пакъирав ГъазимухIамадил – Шамилил васасул сурат».

Гьел рагIаби хъван ратила Шамилица ва ГъазимухIамадица. КIиябго сураталда тIад жиндирго цIар хъван буго художникасги.

**Художник Тиммица рахъарал суратал**

АнцIила ичIабилеб гIасруялъул тIоцебесеб бащалъиялда машгъурав художник Василий Федорович Тиммица Петербургалда къватIибе биччалеб букIана «ГIурусазул художествияб тIамач» абураб журнал.

Гьеб журналалъе суратал рахъизе художник Дагъистаналде вачIана 1840 соналда.

Гьанир гьес рахъарал суратазул бищунго лъикI ккарал руго «Ахти росу бихьулеб куц», «Гъазигъумекиб росу бихьулеб куц», «Гуниб росу», «Югалъулабгун бакъбаккул рахъалдасан Гъуниб мегIер бихьулеб куц», «Гъазигъумекиб хъала», «Ярагъ росу бихьулеб куц» ва цогидалги.

Тиммица гIезегIан суратал рахъун руго Россиялда Шамилил гIумруялда хурхаралги.

Гьел суратазул гьадинал цIараз бицуна сунде художникас кIвар кьун бугебали: «Шамил профессор Казим-Бекихъ гьоболлъухъ», «Шамил васасда ва муридзабазда цадахъ театралда», «Шамил тира-сверизе вахъун вуго», «Шамилги гьесул васалги унтарай Кариматил къаданир».

Каримат йикIана имамасул вас ГъазимухIамадил чIужу, Илисуялдаса Даниял-бегил яс. Гьей Калугаялда хвана 1862 соналда.

Тиммица бахъун букIана Шамилил цо ясалъул суратги.

**Шамилил суратал Британиялъул къиралзабазул кIалгIаялъур**

1866 соналъул ноябралда Шамил Калуга шагьаралдаса Санкт-Петербургалде ахIун вукIана Россиялъул пачаясул тахалъул ирсилав, вукIинесев император Александр Лъабабилесул берталъе.

Бертин гIуцIаралги ва гьенир гIахьаллъизе рес ккарал гIемерал гьалбалги рохун рукIана дунялалдаго машгъурав Шамил вихьулев вукIиналдаса. Имамасе гIемерал сайигъатал кьуна, гьев вачана империялъул тахшагьаралъул чIухIа-чIухIарал бакIал рихьизе. Фонтанка къотIноб, кIикъоялда анцIила щуабилеб номералъул рукъзабахъ букIараб Весенберг абулев фотографасул мастерскаялда цере щведал, Шамилида гьарана жиндиргоги васасулги сурат бахъизе жаниве лъугьайилан. Гьениб бахъараб кIиго сурат жиндиего босун ана Уэльсалдаса принцас.

Гьанже гьел суратал цIунун руго Виндзор хъалаялъур – къиралзабазул кIалгIаялъур.

**Шамилил сурат Петергофалда**

Петергофалда Александр КIиабилев пачаясул кабинеталда буго фотоялъ бахъараб Шамилил сурат. Гьеб гурони гьениб цониги сурат гьечIо императорасул фамилиялъул гурев, цогидав батIияв чиясул.




**Шамилил квералъ хъвараб кагъат**

Краялъул Ворошиловск музеялде мугIрул музеялдаса рачIунел тарихиял материалазда гьоркьоб Шамил имамас хъвараб цIакъ тамашаяб кагъат буго.

Гьеб тарихияб документ буго чинари гьотIол бакъвараб тIамах, гьелда тушалъ (чIегIераб бакъваяб щакъиялъ) хъван буго чачан мацIалда цо чанго рагIи. Гьеб тIанхида хъван буго гьадин: «Талхик наибасухъе. «Буюрула дуда къотIи гьабураб бакIалде метер вачIине, гьениб дица дуе кколеб жавабги кьела. Имам Шамил».

Берцинаб документ лъикIго цIунун буго: тIамах хун гьечIо, гIараб алфавиталда гьабураб тIадхъвай тIубан цIализе кIолеблъун буго.

Гьеб кагъат бахъун буго «МагIарул большевик» газеталъул 1937 соналда къватIибе биччараб цо номералда.

Гьеб гIурус мацIалдаса таржама гьабун букIин ва киса босарабали лъазе гьелда гьоркь буго гьадинаб баян: **«Орджоникидзевская правда», №94, 22 октябрь.**

**Америкаялда Шамилие памятник**

Американалъул Скопан шагьаралъул бакьулъ буго Шамил имамасе лъураб кIиго метралъул борхалъи бугеб памятник. Гьеб ккола МахIачхъалаялъулгун вацлъиялъулаб гьоркьоблъи лъазабураб шагьаралъе Россиялъул мустахIикъав художник, гьанже нилъгун гьечIев дагъистанияв Анатолий Ягудаевасул сайгъат.

**Шамилил хIакъалъулъ бищунго гьересияб**

1854 соналда Парижалъул Сен-Мартен театралда бихьизабуна имам Шамилил хIакъалъулъ пьесаялдасан спектакль.

**Закатала шагьаралда буго Шамил имамасе памятник**

«Дагъистаналъул правда» газеталъул цо номералда дица цебего цIалун букIана: «Закатала шагьаралда Шамил имамасе памятник рагьи сверана, Чачаналдасагицин гьалбалги рачIун, цIикIкIараб хIурматалда кIодо гьабураб, рохалилаб ва тарихияб тадбиралде. Гьеб букIиндалха шайих Шамилил сипат жиндилъ бихьулеб тIоцебесеб бюст».

Гьеб буго «Дагъистаналъул халкъияв художник» абураб тIадегIанаб ва хIурматияб цIаралъе мустахIикълъарав скульптор Хунзахъ районалъул ГьоцIалъа Гьимат Гьиматовас гьабураб памятник.

Гьелъухъ балагьизе бокьаразул къадар цIакъго цIикIкIиндал, белтал цо моцIалъ церего ричун лъугIун рукIана.

Парангазе, хасго Парижалъул гIадамазе, гIемерго рекIее асар гьабулеб лъугьа-бахъинлъун букIана дунялго гьаргъадизабураб Кавказалъулаб рагъул багьадур, бахIарчилъиялъул рахъалъ киназго кIалзухъ вахъарав цевехъан, Дагъистаналъулги Чачаналъулги имам Шамил сценаялдасан вихьизе, гьесул хIикматаб гIумруялъулги гIажаибаб хIаракатчилъиялъулги хIакъалъулъ лъазе рес ккей.

Амма гьеб спектакль лъун букIана анцIила ичIабилеб гIасруялда гIемерго машгъурлъарав парангазул драматург Пол Франсуа Мерисица хъвараб щуго акталъулаб ва ичIго сураталъулаб «Шамил» драмаялдасан. Гьеб драма цIалаpазул рекIелъе цо цIар лъезе лъалареб гIадинаб асар лъугьуна. Цайин абуни, парангазе цIакъго хIикматаблъун лъугьаниги, гьеб буго тарихияв чиясул хIакъалъулъ тарихияб темаялдасан хъвараб бищунго гьересияб, битIахъе «Шамил» абураб цIар гурони, хутIанщиналъулъ щибниги ритIухълъи гьечIеб художественнияб асар.

Гьединабго букIинарищха гьелда рекъон лъураб спектакльги.

**РухIияб рахъ загьир гьабизе кIун буго**

Британиялдаса актер Эдмонд Пьюдица (хвана 2009 соналда) имам Шамилил роль хIана Лев Николаевич Толстоясул «Хъазахъал» къисаялдасан 1960 соналда бахъараб фильмалда.

РетIа-къайги цогидабги Дагъистаналъул ва Чачаналъул имамасулалда релълъараб букIинчIониги, актерасда кIун буго гьесул жанисеб рухIияб рахъ загьир гьабизе.

**Консулас Тифлисалдаса Парижалде битIараб кагъат**

Виконт Густав Пьер Антуан де Кастильон вукIана Франциялъул машгъурав дипломат, 1842-1847 соназда гьев Тифлисалда консуллъун хIалтIана.

Гьев Тифлисалде вачIана Кавказалъулаб рагъ хIалуцун бугеб заманалда. Густав де Кастильонида гIурус мацI лъикIго лъалаан. Тифлисалда гьев гьоболлъухъ щолаан чIахIиял хIакимзабазухъеги. Гьесда рагIулаан, бичIчIулаан гIурусазул сардаразул хIакъалъулъ бицунеб бугебщинаб лъикIабги квешабги. Кинабго бихьарабги рагIарабги «цIадирабазда лъезе» лъалев, гьелъул рахъалъ жиндирго къучIаб ва гIакъилаб пикру бугев де Кастильоница какулел руго Кавказ кверде босизе гIурус пачаяс ритIарал чIахIиял рагъулал бутIрул Головин, Нейдгарт, Аргутинский, хIатта сардар Воронцовгицин.

1843 соналда гьес сапар бухьана Дагъистаналде ва Черкесиялде.

Шамилил хIакъалъулъ виконт де Кастильонил кинаб пикру букIарабали бицуна парангазул тарихчи, критик, политикияв хIаракатчи, къватIисел улкабазулгунисел ишазул министр (1844-1874), Франциялъул премьер-министр (1847-1848) Гизо Франсуа Пьер Гийомихъе битIараб кагътида хъван бугелъ:

«…Нилъеда лъазе ккола гьабсагIат Шамилилъ цолъун вукIин жидеда цебелъураб кIиго батIияб мурад тIубаялъулъ цоцазе квербакъулев кIиго батIияв чи. Цо рахъалдасан, гьев вуго политикияв цевехъан, киналго гIадамал ращад гьариялъул къучIалда лъугьараб демократияб гIуцIиялъул лъугьа-бахъиназул хIасилалда тIолабго нухмалъи цохIо жиндир хъатикье босизе ккарав кверщелчи. Гьебго заманалда гьев вуго динияв цевехъан, тIадегIанав имамасул, бусурбабазул бетIерасул цIаралъ жиндие мукъадасаб хасият насиблъарав чи.

Гьедин кIиго батIияб цIаралъ гьесда тIадаблъун гьабулеб буго капурзабазде данде рагъалъ тIалаб гьарулел ругел къурбаназул рахъалъ цохIо жинцаго диван къотIизе, гьес жаваб кьезе ккола кинабго халкъалъул буголъиялъулги гIумруялъулги. Гьесул кверщел кутакалда щулаго гIуцIун буго».

*ХIадур гьабуна*
***МухIамадкамил ГЬИМАТОВАС.***

## Понедельник, 13 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.45 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 «Арт-клуб» 0+
08:25 Х/ф «Шпион» 16+
10:15 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Заложники»
10:45 Д/ф «Жизнь, прожитая набело»
11:10 Дагестанское кино. Х/ф «Чегери» 12+
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:00 Документальный проект «История русской еды» 2 с. 12+
14:50 Передача на ногайском языке 12+
15:30 Т/с «Жена офицера» 1 с.
16:50 Д/с «Легенды кино» 15 с.
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть. Мертвые воды Московского моря» 9 с.
18:45 Передача на табасаранском языке «Мил»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Из-за кино» 12+
21:05 «Удивительные горцы» 0+
21:25 «Культурный код» 0+
21:45 Д/ф «Мифы о Кавказе» 2 с. 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей Дагестана

## Вторник, 14 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.45 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50, 15:30 Т/с «Жена офицера» 1-2 с.
09:40 «Удивительные горцы» 0+
10:00 «Человек и право»
11:10 «Подробности» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 15 с.
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. 9 с. 16+
13:45 «Из-за кино» 12+
13:55 Д/ф «Дворянские деньги» 3 с.
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
16:50 Д/с «Легенды кино» 16
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть. 10 с. 16+
18:45 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу»
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 Д/ф памяти И. Алипулатова «Стремителен бег времени» 12+
20:55 «Полный газ» 0+
21:10 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:15 «Колёса» 12+
00:05 Проект «Симбирская кругосветка»

## Среда, 15 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.45 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50, 15:30 Т/с «Жена офицера» 2-3 с. 12+
09:40 «Колёса» 12+
10:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 16
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть.
13:50 Д/ф памяти И. Алипулатова «Стремителен бег времени» 12+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
16:50 Д/с «Легенды кино» 17 с. 12+
17:35 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
17:50 Т/с «Любить и ненавидеть. 11 с. 16+
18:45 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Дагестан туристический» 0+
21:30 «Городская среда»
22:00 «Опять футбол» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:20 «Аутодафе» 12+

## Четверг, 16 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Екатерина. Фавориты». (16+).
22.20 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.05 Т/с «Тайны следствия». (16+).
02.45 Т/с «Морозова». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50, 15:30 Т/с «Жена офицера» 3-4 с. 12+
09:40 «Городская среда»
10:10 «Аутодафе» 12+
10:50 «Здоровье» 12+
11:45 Д/с «Легенды кино» 17
12:50, 17:50 Т/с «Любить и ненавидеть.
13:45 «Дагестан туристический» 0+
14:00 Д/ф «Наука Шерлока Холмса» 3 с.
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
16:50 «Блин.ком. Некоторые любят погорячее»
17:20«Время говорить молодым» 12+
18:45 Передача на аварском языке «ГIаданги гIамалги заманги»
19:55 «За скобками» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 «Денеб ЛФЛ Дагестан»
22:00 «Психологическая азбука»
22:55 «За скобками» 12+
23:20 «Молодежный дрифт»
23:55 Д/ф «Дело №» «Михаил Зощенко. Из студентов в гренадеры»

## Пятница, 17 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Прямой эфир». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.15 «Вести». Местное время.
21.30 «Ну-ка, все вместе!» (12+).
00.25 «Истории Большой Страны». (12+).
01.25 Х/ф «Бабушка на сносях». (16+).

### Дагестан

07:00, 8:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на аварском языке «ГIаданги гIамалги заманги»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Жена офицера» 4 с.
09:40 «За скобками» 12+
09:45 «Первая студия» 12+
10:15 «Молодежный дрифт»
10:50 «Блин.ком. Некоторые любят погорячее»
11:20 «Денеб ЛФЛ Дагестан»
12:50 Т/с «Любить и ненавидеть. 12 с. 16+
13:45 Проект «По Волге на жигулях» 0+
14:00 Д/ф «Дело №» «Михаил Зощенко. Из студентов в гренадеры»
14:50 Передача на аварском языке «ГIаданги гIамалги заманги»
15:30 «Время говорить молодым» 12+
16:05 «Психологическая азбука» 12+
16:50 Х/ф «Бедная Liz» 12+
18:25 «Арт-клуб» 0+
18:45 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+
23:20 «Глобальная сеть» 16+
23:55 Док-проект «История русской еды» 4 с. 12+

## Суббота, 18 ноября

### Россия 1

05.00 «Утро России». Суббота.
08.00 «Вести». Местное время.
08.20 Местное время. Суббота.
08.35 «По секрету всему свету».
09.00 «Формула еды». (12+).
09.25 «Пятеро на одного».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «В кругу друзей».
12.50 «Доктор Мясников». (12+).
14.00 «Вести».
14.50 «Юмор! Юмор! Юмор!!» (16+).
17.00 «Вести».
17.50 «Привет, Андрей!» (12+).
20.00 «Вести».
21.00 Х/ф «С чистого листа». (12+).
00.40 Х/ф «Обратная сторона любви». (12+).
04.10 Х/ф «Мама напрокат». (16+).

### Дагестан

07:00, 08:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 «Время спорта» 12+
09:20 Х/ф «Бедная Liz» 12+
11:00 «Подробности» 12+
11:35 «Мир Вашему дому»
12:05 «Время есть!» 0+
12:40 Д/ф «Амет Хан Султан. Гроза мессеров» 12+
13:30 «Александр Розенбаум. Накрышник»
14:50 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:45 Проект «Мир без виз»
16:15 Мультфильм 0+
16:50 Х/ф «Во всем виновата Залина» 12+
18:20 Д/ф «Гаджиевцы» 12+
18:45 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Удивительные горцы» 0+
20:25 «Дагестан туристический» 0+
20:45 «Культурный код» 0+
21:00 «Ульяна спросит» 0+
21:50 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Наше лето. Чечня» 16+
22:50 Х/ф «Любовь на два полюса» 16+
00:30 Время новостей Дагестана

## Воскресенье, 19 ноября

### Россия 1

06.10 Х/ф «Проверка на любовь». (16+).
08.00 Местное время. Воскресенье.
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09.25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «Большие перемены».
12.50 Х/ф «Без тебя». (12+).
17.00 «Вести».
17.50 «Песни от всей души». (12+).
20.00 «Вести недели».
22.00 «Москва. Кремль. Путин».
22.40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.30 Х/ф «Проверка на любовь». (16+).

### Дагестан

07:00, 08:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Х/ф «Любовь на два полюса» 16+
10:25 «Время есть!» 0+
11:00 «Мир Вашему дому»
11:30 «Ульяна спросит» 0+
12:30 Детские новости 0+
12:45 «Арт-клуб» 0+
13:10 «Культурный код» 0+
13:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:55 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:35 «Колёса» 12+
16:25 «Психологическая азбука» 12+
16:50 «Дагестан туристический» 0+
17:10 «Точка зрения» 12+
17:25 «Человек и право» 12+
18:30 Детские новости 0+
18:45 Передача на цахурском языке 12+
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Х/ф «Свадьба моего мужа» 16+
23:40 «Из-за кино» 12+
23:50 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» «Город со смыслом» 16+
00:30 Время новостей Дагестана. Итоги

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Их-дал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколеблъи нилъеда лъала. Гьединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гьабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метерисеб къоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гьедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**


**"ХIакъикъат" газеталъул багъа буго:**

**Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.**

**ЛъагIалие - 1290,12 гъур.**

## БУКIАНИЛА, БУКIИНЧIИЛА

### Дун хвечIони?

Муслимат-кIодо захIматго унтана. ЦIа-кан бахана, хIухьел хехлъана, гъуърузул хьир-хьири рагIулеб букIана, кIаркьаби жанире гьунтIун ана, беразулъ хвалил кьер чIвана, надалдаса гIетI гирана.



ЦIакъго херлъарай кIодол киналго гIагарал чагIи рихха-хочун лъугьана. ЗахIматго йигей гьелъул къаданиса цо чIужугIаданги камизе толей йикIинчIо, кIиго-лъабгоялги рукIунаан гьелъие хъулухъалда чIун. КIодо къо бахъанагIан загIиплъулей йикIана. Гьал хIадурлъулел рукIана, гьелъие къадар щвезехъин бугилан.

Цо нухалда кIодо гъапуллъун ккедал, гьелда аскIор рукIарал руччабаз байбихьана цоцазда шуршудизе:

- ЦIикIкIарав вас МухIамадихъе Москваялде тел кьабизе ккола, гьоркьохъев Исламида МахIачхъалаялде ва Воронежалда вугев бищун гьитIинав Жамалудинидаги лъазабичIого гIоларо.

КIодода хадуб хъвезе колоде мадугьаласул вас витIун лъикI. ТIагьирихъе ун лъикI, шагьаралдаса ханждалги чакаралъулги хъапал росейилан абизе. Сберкассаялда кIодоца кигIан гIарац лъун букIарабалиги лъазабичIого бегьуларо...

Гьеб заманалда кIодо ягъа-яшарана, берал рагьун рачIана, загIипаб, сородулеб гьаркьидалъун гьелъ абуна:

- Дун хвечIони? -ян.

***Наби АНКАЕВ***

## РЕКIЕЛ АХIИ

ХIурматияв Ругъжаса ГIалисултан, Демешев ХIажил тIехь биччалев лъикIав чи вахъинародай ракьцоязда гьоркьов?

Гьел рекъарал руго цIалул тIахьазда рукIине.

Демешев ХIажиго гIадин, жеги рагIдукь хутIун вугев цогидав ракьцояв МухIамад ГIалиевасулги хIакъалъулъ дуца хъвазе бокьилаан.

***ГIАЛИАСХIАБ***

## КИЦАБИ ВА АБИЯЛ

Ханжар цIулал бугониги гIола, ракI маххул бугони.

Харахьибго бугеб тIенкел, тIукъбиго чIвачIеб гIала.

Хасалил хинлъиялдаги ханасул чучлъиялдаги божуге.

Хаслихъе бечелъуге.

Хаслихълъиялде къараб мехалъ никIкIицаги цIакъ хIанчIула.

Хасало мегIер бацIие те.

Хвараб гIака рахьдалаб.

## РАГIИКЪОТI



**ГIебеде:** 4. ГIадамазда гьечIеб бугьтан лъолев чи. 6. Букъараб, данде къараб квер. 7. ГIадан-инсан, рухIчIаголъи хьихьараб жо. 9. Рагъулаб щулалъи. 10. РагIул бутIа. 12. Хехго цIа рекIунеб цIул. 13. Забур рещтIарав авараг. 14. ЦIулада бахунеб лъамалъи. 16. Нахъратель, бечелъи. 18. Пихьил гьутIбузул тIалаб-агъаз, гьезие хъулухъ гьабулев чи. 20. КIудияб кьурдабазул вечер. 22. Муса МухIамадовасул къиса. 23. Жинде кагъат, телеграмма битIулев чи. 24. ГурхIел, рахIму. 26. ТIеренаб ххам. 30. Бурятиялда бугеб гIор. 33. Бекьулеб ракь. 34. Кинематографиялда бищунго тIадегIанаб шапакъат. 35. Ростов областалда бугеб гIор. 36. ЦIумур кьабурабго классалда байбихьула гьеб. 38. РекIее гьабулеб ахIвал-хIал, чорхол хIал хиси. 40. ТоргIо хIалаго хIалтIизабула... 41. Абадияб рукъ. 42. МагIна релълъараб рагIи.

**ГIодобе:** 1. БакIаб ярагъ. 2. ЦIайиялъул некIсияб роцен. 3. Дагъистаналъул район. 4. Буголъи, бечелъи. 5. Рахьдал нигIмат. 6. Хабада эхетараб гамачI. 8. ХIама-чуялъул алат. 9. Рукъалъул хIинчI. 11. Лъадал нух. 12. Азербайжаназдаги арменияздаги гьоркьоб рагъ ккараб бакI. 15. Варанабазда къайи баччулезул къокъа. 17. ЧIезабураб къадар, роцен. 19. Хьитал гьарулеб материал. 20. ГIалхул жанавар. 21. Хьитида балеб жо. 25. Медицинаялда цо махщелалъул тохтур, специалист. 27. Такъсир гьабурасе хIукму къотIулеб идара. 28. Гамил, самолеталъул болъо. 29. Европаялъул пачалихъ. 30. Ракьул цIулакьо, югалъулаб гьалилаб культура. 31. Сундулниги, лъилниги хIурмат гьаби. 32. Щекъер-мукъулукъалъул тохтур. 37. ХIайваналда гIемераб жо. 39. ЧчугIил тайпа.

***ХIадур гьабуна ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,***
***ЧIарада район, Гьочоб росу***

**43-абилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 1. Лифт. 3. Кура. 5. Ринг. 7. Улка. 8. НуцIа. 9. Порт. 10. Ургъел. 13. Амеба. 15. Нарт. 16. Нису. 17. Амин. 18. Балаган. 2I. Агрегат. 25. Квартал. 29. Буртина. 32. ЧчугIил нигIмат. 33. Крым. 34. Риди. 36. Милат. 37. Акция. 39. Нота. 40. Алка. 41. Ложа. 42. ШартI. 43. ДугIа. 44. Мина.

**ГIодобе:** 1. Лалу. 2. Тукен. 3. Капитан. 4. Антенна. 5. РахIму. 6. Газа. 11. Рота. 12. Ланг. 13. Асар. 14. Багьа. 18. Банк. 19. Лира. 20. Айва. 22. Гагу. 23. Гени. 24. Тула. 26. Вали. 27. Торт. 28. Лимонад. 29. Баркала. 30. Рада. 31. нухи. 33. КаратI. 35. Икрам. 36. Марш. 38. Яхта.


ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерав редактор**
ХIАСАНОВ Темирхан МухIамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация ва политика**
Редактор:
Ашахан Юсупов
МухIамад Манапов
Рукъият ГIалисултанова

**ГIелмугун лъай кьей**
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
ГIайшат ХIалакъова
ПатIимат МухIамаева

**Адабият ва тарих**
Редактор:
Шамай Хъазанбиева

**РухIияб хазина**
Редактор:
ПатIимат ГьитIинова
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Реклама ва подписка**
Редактор:
ГIабаш ГIабашилов

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018
МахIачхъала,
Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала
Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, бальголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**

Газеталъул индекс:
51314
(бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».